

Александр Строк

# ЕРЛЕР ҳәм ҲАЯЛЛАР

## ТЕҢ, БИРАҚ ҲӘР ҚЫЙЛЫ

Александр Строк

# Ерлер ҳәм Ҳаяллар

## ТЕҢ, БИРАҚ ҲӘР ҚЫЙЛЫ



**Жыныслар арасындағы қарым-қатнас машқаласына тийисли Мухаддес Китаплық текстлердиң қысқаша изертлеўлери**

# БУЛ КИТАП НЕ УШЫН ҲӘМ КИМ УШЫН ЖАЗЫЛҒАН

Кейинги қырық жыл даўамында адамзат тарийхында ең әҳмийетли өзгерислердиң бири жүз береди. Бул өзгеристи жыныслар арасында қарым-қатнаслардың революциясы десек болады. Тарийхшы Уильям Манчестр «жыныслар арасында айырмашылықлардың азайыўы бизиң дәўиримиздиң ең таң қаларлық машқаласы болыўы менен бирге, пүткил инсаният алдындағы тереӊ мәселе болып табылады», — деп айтады.

Бул өзгерис басқа жәмийет киби, масихый дүньяға да тәсир етти. «Тайм» журналында шыққан «Екинши Өзгерис» деп аталған мақалада «масихый дүнья ҳәзирги ўақытта ең үлкен тарийхый өзгеристи басынан өткерип атыр» деп бир қанша диний феминистлердиң пикири жазылған. Деген менен, дүнья жүзи бойынша масихыйлық жәмәәтте жүз берип атырған жынысый өз ара қарым-қатнас тараўындағы жаңаланыў «екинши өзгерис»тиң нышаны емес (XVI әсирде Мартин Лютердиң күши менен масихыйлардың Мухаддес Китапқа қайтып келиўи жүз берген, сонлықтан бириншисинде сол түсиниледи), ал Мухаддес Китаплық ҳәм елшилик тәлийматынан бирден қыйсайып кетиўинен болады.

Хош Хабар тарқататуғын масихыйлардың арасында Мухаддес Китап ер ҳәм ҳаялдың роли ҳаққында айтатуғын аятлар қатты күшли тартысқа себеп болды. Сол тартыста адамлар еки тийкарғы топарға бөлинеди. Биринши топар- бул Хош Хабар тарқататуғын феминистлер (жынысый теӊ ҳуқықлылық ушын шығатуғын адамлар), екиншиси бол-

са- феминизмге қарсы, ер адамлар ҳәм ҳаяллар бир-бирин толықтырады деп айтатуғын адамлар.

Бул китаптың мақсети сол адамлардың ой-пикирин түсиндириў ҳәм олардың позициясын қорғаў. Ол конспект түринде жазылған болып, Ийса Масихтың Мухаддес Китапта ер адамлар ҳәм ҳаяллар тең, бирақ ҳәр қыйлы деп айтқанларын дәлийллейди. Оқыўшының дыққатына феминистлерге адамлардың позициясын түсиндиретуғын изертлеўлер, тийкарғы терменлер ҳәм дәлийллер усынылған. Солай етип, усы китап-жеңил оқылатуғын Мухаддес Китаптағы ер-ҳаял арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында айтатуғын аятлардың қысқа изертлениўин өзинде сәўлелендиреди.

Бул китаптың тоқсан проценти бизлерди қызықтыратуғын Мухаддес Китаптағы үзиндилердиң түсиндирмелери. «Мухаддес Китаптан» алынған сөзлерди айрықша көрсетпекшимен, себеби барлық жууапларды социология ямаса антропологиялық китаплардан емес, ал Қудайдың сөзинен излеў керек. Оннан басқа «масихыйлардың ишки дүньясына ҳәм сыртқы көринисине тез-тез Мухаддес Китапты оқығандағыдай басқа ҳеш нәрсе тәсир қылмайды». Бирақ соны да айтып өтиў керек заманагөй масихыйлардың арасында Мухаддес Китапты оқыўға ҳақыйқый қызығыўшылықтың жоқлығы көринеди. Бир атақлы ҳәм абырайлы илимпаз өзлерин исениўшимен деп айтатуғын, бирақ Қудайдың сөзин үйрениўди ҳәм оның үстинде ойланыўды қәлемейтуғын адамлардың саны көбейип баратырғаны ҳаққында қәўетерлениў менен айтады. Жәмийетлик илимпазлардың даўыслары күннен-күнге күшейип баратыр, олардың пикирлери адамларға жүдә унайды, соның ушын масихыйлар Қудай сөзинде тири Қудайдың даўысын еситип, бул дүньяның тәсирине қарсы тура алыўы керек.

Мен усы китапта берилген Мухаддес Жазыўдың талқылаўлары сиз ушын оның ең әҳмийетли бөлеги болсын деп шын жүректен дууа етемен. Мухаддес Китапты үйрениў масихыйлар ушын бәрқулла толғанысқа салатуғын хызмет болыўы керек. Ийемиз Мухаддес Жазыўды

жүдә жақсы көрип, қыйыншылықлар ямаса тартыслар жүз бергенде, оны исенимли түрде айтатуғын еди. Мухаддес Китапты изертлеўшилердиң бири Ийемиз Ийса Масих ҳаққында былай деди:

> Бизлер ҳүрмет пенен Ийса Масих Мухаддес Жазыў менен қандырылған деп толық айтыўымызға болады. Ол айтқан Сөзлердиң оннан бири Ески Келисимнен алынған. Ийсаның ўазларында бир мың сегиз жүз аяттан бир жүз сексен аят Ески Келисимнен алынған ямаса соған тийисли силтемелер сәўлеленеди. Бизлерди бәрқулла Мухаддес Китаптағы аятларды келтиргенимиз ушын айыпласа, Өз ўазларында сол сөзлерсиз жүре алмайтуғын Ийса Масих ҳаққында не деўге болады?

Бул китап өзин жыныслар арасында ушырасатуғын мәселелерди шешиўде Мухаддес Китап маманыман деп атай алмайтуғын ҳәм бул темаға байланыслы узыннан узақ гүрриңлерди оқып отырмайтуғын адамлар ушын жазылған (ал олар жүдә көп). Соның ушын бул шығарма әсиресе, жаслар ушын пайдалы. Және де, китапта феминизмге қарсы шыққан адамлар ушын Мухаддес Жазыўларды изертлеўге арналған бай мағлыўматлар жыйналған, еркек ҳәм ҳаялдың орынлары ҳаққында тийкарғы аятлар келтирилген ҳәм көплеген айтысларда ушырасатуғын Мухаддес Китаплық силтемелер изертленген.

---

***Бизлерди бәрқулла Мухаддес Китаптағы сөзлерди келтириў ушын айыпласа, онда Өз ўазларында сол сөзлерсиз жүре алмайтуғын Ийса Масих ҳаққында не деўге болады?***

Рене Паш

---

Бизлер оқыўшылардың руўхый негизлери ҳаққында айтсақ, олар Ийса Масихтың үстемлигин мойынлап ҳәм Мухаддес Китап бул Қудай тәрепинен жазылған Сөз, ҳәр бир масихый ушын ең бийик ҳәм сөзсиз қабыллайтуғын

нызам деп тән алатуғынына мен исенемен. Мухаддес Китапта жазылғанындай:

> «Мухаддес Жазыўлардың ҳәммеси Қудайдың Мухаддес Руўхының илҳамы менен жазылған болып, тәлим бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳақыйқатлық бойынша тәрбиялаў ушын пайдалы. Олар тийкарында, Қудайдың адамы ҳәр бир жақсы иске таяр болыўушын жетилип барады».
>
> Тим. 2-хаты 3:16–17

# АЙТЫСТЫҢ МӘНИСИН ТҮСИНИЎ

Бир күни екшембилик ибадаттан кейин Том, бир атақлы масихый колледждиң биринши курс студенти мени тоқтатып былай деди:

— Мен пүткиллей адасып қалдым ҳәм исениўшилер жәмәәтинде еркек пенен ҳаялдың орны неде екенин түсинбей атырман.

— Неге? — дедим мен.

— Колледжде айырым муғаллимлер Қудай еркеклерди ҳәм ҳаялларды тең етип жаратты ҳәм олардың арасында жынысый айырмашылықлар-бул аңыз ҳәм оларды қабыллаў Мухаддес Китапта жазылғанды әпиўайыластырған талқылаўды аңлатады деп тастыйықлайды. Басқа профессорлар болса, Мухаддес Китап жыныслар арасында теңлик ҳәм айырмашылықлар бар екенлигин айтады.

— Олай болса, — деп күлдим, — сиз еркеклер ҳәм ҳаялллар орны ҳәм өз ара қатнасықлары ҳаққында күшли айтысқа байланысқанға уқсайсыз. Мен бул тема менен жетписинши жыллардың басында шуғылландым. Дәслеп мени бул мәселе Хош Хабар тарқататуғын масихый жәмәәтлерде қалай шешилетуғыны қызықтырды. Бирақ, сол ўақыттан баслап айтыслар күшейип кетти ҳәм бул мәселе бойынша жүдә көп китап ҳәм мақалалар жазылды. Аўа, бул ҳақыйқатында да жүдә әҳмийетли сораў!

— Ал, сонда не ислеўим керек? — деп сорады ол.

— Сизге бул жүдә қызық па?

— Жүдә.

— Не ушын?

— Себеби Қудай меннен нени күтетуғынын, еркек сыпатында мен не ислеўим кереклигин билгим келеди. Мухаддес Китап бул ҳаққында не айтатуғынын билгим келеди.

Жақсы Том, сизиң Мухаддес Китап, Қудайдың сөзи нени үйрететуғынын билиўди қәлеп турғаныңыздан қуўанышлыман. Келиң, бул мәселени бирге изертлейик. Мен сизге Қудай Өз сөзине сәйкес етип еркекти ҳәм ҳаялды тең, бирақ ҳәр қыйлы етип жаратқаны ҳаққындағы пикирге қалай келгенимди көрсетемен.

Еркеклер ҳәм ҳаяллардың орны ҳәм өз-ара қарым-қатнасы ҳаққындағы тартыс — бул абстракт (көзге көринбейтуғын), мақсетсиз ямаса тек ғана илимий мәселе емес. Ол бизиң адамлық тәбиятымыздың, бизиң жынысый тийислигимиздиң, хызметтеги мүмкиншиликлеримиздиң, некедеги өз ара қарым-қатнаслардың, бизиң шаңарақтағы ҳәм жәмәәттеги өмиримизге тығыз байланысы бар. Ол ҳадаллық ҳәм әдиллик сораўларын масихыйлық көзқарас дүнья мәдениятының тәсирин, Қудай сөзин дурыс талқылаў усылларын, жәмәәт жетекшилигин ҳәм Қудайдың сөзине исеним көрсетиў мәселелерин көтереди. Бул дүнья жүзи бойынша жәмәәт ҳәм деноминациялардың бөлиниўине алып келетуғын қызғын ҳәм өткир тартыс болып табылады.

Мениң жас достым исенгениндей, бул тартыстан ҳеш ким қаша алмайды. Ҳеш кимниң оннан қашыўға ҳәрекет етиўдиң кереги де жоқ. Шынында да бул жүдә әҳмийетли мәселе. Еркек ҳәм ҳаялдың орны ҳаққында айтыс бизлерди беккем ҳәм аўмайтуғын тийкарда турған Масих тәлийматын ойлап жетиўге ҳәм Қудайдың сөзин жигерленип үйрениўге талпындырады.

Он сегиз жасымда еки Иегова гүўасы мениң исенимимди тийкарына дейин шайқай алды. Олар мени Ийса Масих Қудай екенлигине гүманланыўыма мәжбүрледи, ҳәм де жуўапқа таяр болмаған сораўлар менен көмип таслады. Оннан қалса, бул сораўларға таныс адамларымның арасында ҳеш ким жуўап бере алмады. Дуўа етиў, усы машқалаларға

усынған әдебиятларды оқыў ҳәм Мухаддес Китапты ықлас пенен үйрениў арқалы мен олардың сораўларына Мухаддес Китапқа сүйенип, жуўап бере алатуғын болдым. Бул сынақ мениң исенимимди күшейтип, Мухаддес Жазыўларды бурынғыдан да тереңирек үйрениўге алып келди.

Әлбетте, еркек пенен ҳаялдың арасында қарым-қатнаслар мәселеси Ийса Масих Қудай екенлиги мәселесиндей әҳмийетли емес. Бирақ, бул да жүдә әҳмийетли тема. Ол бизлердиң ой-пикирлеримизди изертлеўге түртки салады ҳәм Мухаддес Китап бул нәрселер туўралы не айтатуғынын түсиндиреди.

Әдеттегидей, Хош Хабар тарқататуғын масихыйлар еркек ҳәм ҳаялдың орны ҳаққындағы айтыста еки позицияның биреўин алады. Бириншиси-бул еркеклер ҳәм ҳаяллар бир-бирин толықтырады деп айтатуғын дәстүрий көз қарас. Екиншиси болса, Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлердиң, яғный, жыныслар теңлиги тәрепдарларының позициясы. Айырым ўақытлары сол көз қарасты масихый феминизм ямаса эгалитаризм деп те атайды. Дәстүрий көз қарастың тәрепдарларының көбиси өз көз қарасын Мухаддес Китапқа сәйкес келеди деп айтыўды қәлер еди. Бирақ еки топардың тәрепдарлары Мухаддес Китаптан үлги аламыз дегеннен соң, мен ол мәселени шешетуғын еки тийкарғы жолын анықлаў ушын дәстүрий көз қарас ҳәм Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлердиң позициясы деп айырып аламан.

## ДӘСТҮРИЙ КӨЗ ҚАРАС

Дәстүрий көз қарастың тәрепдарларының айтыўынша Қудай еркеклерди ҳәм ҳаялларды тең етип жаратты, бирақ оларға ҳәр бириниң өзиниң жынысына сай келетуғын ҳәр қыйлы роллерин ажыратып берди. Бул пикирде туратуғын илимпазлар жыныслардың теңлиги ҳәм олардың айырмашылығы олардың бир-бирин толықтырыўға көмеклеседи деп айтады. Усы көз қарасларға сәйкес, Қудай еркекти де, ҳаялды да Өз көринисине ҳәм уқсаслығына ылайық етип жаратты. Еркеклер ҳәм ҳаяллар тең қәсийетке ҳәм әҳмийетке ийе болған жеке адамлар

деп есапланады (Жарат 1:26-28). Буннан басқа, дәстүрий көз-қарас тәрепдарлары Ийса Масихқа исенетуғын адамлар, еркек ямаса ҳаял болыўына қарамастан-бул Мухаддес Руўхқа толған, Оның менен шомылдырылған, Ийсаның Денесиниң патшалық руўханийлери ҳәм толық ҳуқықлы ағзалары. Сонлықтан олар исенимде өсиў ушын өз руўхый сыйларын қолланыў керек.

Дәстүрий көзқарас бойынша Қудай ер ҳәм ҳаялларды ҳәр қыйлы етип жаратқанлықтан олардың ўазыйпалары да ҳәр қыйлы. Қудай еркекти күйеў, әке, бағыўшы ҳәм қорғаўшы етип белгиледи. Ер адам өз шаңарағының басшысы болып, Қудай шаңарағын ҳәм жәмәәтти басқарыўы керек. Ҳаялды болса Қудай ҳаял, ана ҳәм бала емизиўши болыўды белгилеп қойған. Ол өз күйеўине бәрҳа көмеклесип жүриўи ҳәм оған бойсыныўы керек. Ең дәслеп жаратылыста Қудай усы айырмашылықларды орнатты. Мухаддес Китаптағы басшы, жәрдемши ҳәм бойсыныў деген сөзлер жоқарғы айырмашылықларды анықлаў ушын қолланылған ҳәм бул айырмашылықлар бизиң уллы Жаратыўшымыздың жобасының бир бөлеги.

Мухаддес Китаптың еркек ҳәм ҳаял арасындағы қарым-қатнасы туўралы тәлийматты дурыс көрсетиў ушын бизлер бул еки ҳақыйқаттың арасында жынысый теңлик ҳәм жынысый айырмашылықлардың тең салмақлылығын сақлаўымыз керек. Сол ҳақыйқатларды билсек ҳәм дурыс түсинсек, алған билимлеримизди әмелге асырсақ, сонда бул билим Қудайға керек болған батырлық ҳәм ҳаяллықтың мүләйимлилигиниң раўажланыўына жәрдем береди ҳәм шаңарақтың өмирин де, жергиликли жәмәәттиң өмирин де байытады. Қудай еки жыныстың ҳәр қыйлы роллериниң бурмаланбаўының ҳәм кемситилмеўиниң мәнин гөзлейди. Бул жынысый айрымашылықлар биз өзлеримиз өз жынысымызға ийе жеке адам болыўды сезиў ушын жүдә әҳмийетли ҳәм соның ушын Мухаддес Жазыўларға сәйкес дурыс түсиниўге мүтәжбиз.

Дәстүрий көз-қарастың тәрепдарлары олардың позициясы-бул әпиўайы, анық ҳәм бузылмаған масихый тәлиймат екенлигине исенеди. Буннан басқа, Ийсаның

Өзи де, Оның шәкиртлери де жыныслардың арасында айырмашылықлар бар екенлигин айтатуғын еди ҳәм оны практикада көрсетти.

***Ер ҳәм ҳаяллар арасында өз-ара қарым-қатнаслар ҳаққында Мухаддес Китаплық тәлийматты дурыс көз алдымызға келтириў ушын бизлер бул еки ҳақыйқатлық-жыныслық теңлик ҳәм олардың ролиниң айырмашылық-лары ҳаққында тең салмақлылықты сақлаўымыз керек.***

Қудайдың жобасы бойынша ерлер ҳәм ҳаяллар тығыз байланыста болыўы керек еди, бирақ Жаратылыс Китабының 3-бабында жазылғанындай, адам тәрепинен ислен-ген гүна жынcлар арасында жәнжелге алып келеди. Гүнакар ерлер ҳәм ҳаяллар Қудайдың жобасын бузған ҳәм бул гүнаның нәтийжелери, әсиресе, ҳаялларды үлкен бүлгиншиликке түсирди. Лекин, Ийса Масихқа исенетуғын адамлар Қудайдың өзлери ушын жыныслар арасында ойлап қойған жобасын тазадан ашып, оны түсинип ҳәм әмелге асыра алыўы мүмкин.

**Жыныслардың өз-ара қарым-қатнаслары, машқалаларын дәстүрий көз-қарастан таныстырыўшы шөлкем**

Бул мәселени дәстүрий көз-қарастан Council for Biblical Monhood & Woman hood (CBMW) деген шөлкем қоллап-қуўатлайды. Ол 1987-жылы дүзилген. Оның бағдарламалық ҳүжжети Danvers Statement деп аталған (Дэнверлар Уставы). CBMW және де “Journal for Biblical Manhood and Womanhood” деген журнал басып шығарады. Бул шөлкем ҳәм оның шығармалары ҳаққында қосымша мағлыўматты сиз төмендеги мәнзилден алыўыңызға болады: CVMW, P.O. Box 7337, Ubertyville, IL. 60048. Интернеттеги бет: www.cbmw.org.

## ХОШ ХАБАР ТАРҚАТАТУҒЫН МАСИХЫЙ ФЕМИНИСТЛЕРДИҢ ПИКИРИ

Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлер Қудай ер ҳәм ҳаялды Өз көринисине сай қылып, сол көринисти тең алып барыўы ушын жаратқан деп есаплайды. Буннан басқа, олар ҳақыйқый теңлик еки жыныстың хызметинде тең имканиятларды талап етеди. Олар ҳаялдың некеде бойсыныў ҳәм жәмәәттеги хызметтен шеклениўи ҳақыйқый масихый теңлигине қарсы шығады деп ойлайды. Олар дәстүрий көзқарас тәрепдарларының сол мәселе бойынша ер ҳәм ҳаяллар тең, бирақ ҳәр қыйлы деп айтатуғын пикирин қарама-қарсылықтай есаплайды.

Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлердиң пикиринше, ҳақыйқый теңлик жыныслардың екеўиниң де өмириниң барлық тараўларында толық ҳәм тең ҳуқықлы қарым-қатнаслар болыў керек. Бир-бирине бойсыныў ҳәм тең жуўапкершилик некениң ишинде де, жәмәәттиң ишинде де қарым-қатнасларды анықлайды. Феминистлердиң пикиринше, еркеклер де, ҳаяллар да өз руўхый сыйларын жәмәәтте еркин түрде көрсетиўи мүмкин. Ерлер басшы хызметкерлерди тек ғана ер жынысына тийисли болғаны ушын ала алмайды. Жәмәәттеги муғаллимниң жетекши роли ҳәм хызмети оның ер жынысына тийисли болғанына емес, ал оның руўхый қәбилетлери ҳәм сыйлары бар болыўына қарайды.

Масихый феминистлер ерлер ҳәм ҳаяллар бир-бирине уқсамайтуғын фактин тән алады. Олардың айтыўы бойынша, жынысый айырмашылықларды қуўанып тән алыў керек, бирақ еки жыныстың арасында айырмашылықты арттырмаў керек. Адамның жынысы оның жәмийеттеги орнын ямаса ўазыйпасын белгилей алмайды, соған уқсап ол руўхый қәбилетлердиң көрсетиўин ҳәм хызмет мүмкиншиликлерин шеклей алмайды. Муғаллим ямаса жәмәәттиң топар жетекшиси болыў уқыплылығына ийе болған ҳаял өз қәбилетлерин әмелге асырыўда тең мүмкиншиликлерге мүнәсип.

***Масихый феминистлердиң көзқарасына муўапық, адам жынысый руўхый сыйларды көрсетиў ямаса хызметтеги мүмкиншиликлери шеклеўге тосқынлық етпегени сыяқлы, адам жынысы жәмийетте адамның жағдайын ямаса ролин анықлай алмайды.***

Олар Мухаддес Китаптың әпиўайыластырылған, хәрипке дейин талқыланған ҳәм дәстүрий талқылаўлар жыныс теңлиги ҳаққындағы тәлийматын бурмалайтуғынын айтады. Өз нәўбетинде, бул ҳаяллардың ҳуқықларының қысыўына алып келеди ҳәм ҳаяллар буннан азап шегип, өз уқыплылықлары бойынша жемисли ислей алмайды. Сондай-ақ, феминистлер ерлердиң ҳаялларды басқарыўы Жаратылыс Китабының 3-бабында жазылғанындай бул дүньяға келген гүнаның нәтийжеси деп исенеди. Феминистлердиң пикиринше, Ийсаның атанақ ағашта көрсеткен батырлығы арқалы ең баста жаратылған, Жаратылыс Китабы 2-бабында жәрияланған жынысый теңлиги қайтадан орнатылды, себеби Ийса да «еркек пене ҳаялдың арасында ҳеш қандай айырмашылық жоқ» деп айтылған (Галат 3:28).

**Жынысый өз ара қарым-қатнас сораўлары бойынша масихый феминистлердиң көз қарасы менен таныстырыўшы шөлкем**

Масихый феминистлердиң сол мәселе бойынша пикирин Christians for Biblical Equality (CBE) деп аталған шөлкем қорғайды. Оның бағдарламалық ҳүжжети “Men, Women & Biblical Ehuality” болып табылады. Бул шөлкем ҳәм оның баспа сөз шығармалары ҳаққында мағлыўматларды сиз мына адреске жазып, алсаңыз болады: CBE, 122 West Franchin Avenue, Suit 218, Minneapolis, MN, 55404. Интернет бети: www. Cbeinternah onal. org.

## ИЙСА МАСИХ ҲӘМ ЖЫНЫСТЫҢ БЕЛГИСИ БОЙЫНША ҲУҚЫҚЛАРЫНЫҢ КЕМСИТИЛИЎИ

Адамларды шын жүректен жақсы көретуғын, Қудайдың сөзин жүрек тасқынлаўы менен оқыйтуғын ҳәм ҳаяллар шеккен (ҳәм еле де шегетуғын) хорлығын өткир сезетуғын ҳеш бир адам, бул ҳәлсиз жыныс ўәкиллериниң ҳуқықларын қыспас еди (Усы баптың ақырында «Ҳаялларға қарсы урыс» деген бөлимин қараң). Ҳаялға қарсы гүна ислеў-бул Қудайға қарсы гүна ислеўди аңлатады, себеби Қудай ҳаялды Өз түр-түсине ылайық етип жаратты.

Неге сонда ақыллы, оқымыслы ҳәм сезгир масихыйлар, Мухаддес Китап бойынша өмир қуратуғынлар жыныслар арасында айырмашылық бар екенлигине гүманланады? Жуўап аңсат: Ийса Масих, ерлер ҳәм ҳаяллар тең, бирақ ҳәр қыйлы деп үйреткен. Жыныслардың арасындағы айырмашылығын айтқаны менен Ол ҳаяллардың ҳәммесин, жәмийет тәрепинен қабылланбағанларды да ҳүрметледи (Лука 7:36-50). Ол ҳаялларға барлық сүйиспеншилиги ҳәм аяўшылығы менен Хош Хабарды айтатуғын еди. Өз нәўбетинде ҳаяллар да Оның изине ерип, Оған сүйиспеншилик көрсететуғын еди. Олар Оған бәрҳа еркин келип сөйлесе алатуғын еди.

Бизлер Хош Хабар тарқататуғын масихыйлар, Ийса Масихты ер шовинизминде (қаттылықта) ямаса ҳаялларға әдилсиз қараўында айыплаў ойымызға да келмеди. Ол жалғыз минсиз, бизлер болса гүнакармыз. Ол Адам денесинде келген Қудай, жүзеге асқан Ҳақыйқат. Ол-ең кейинги ҳақыйқый жақлаўшы Сөз. Ол атанақ ағашта ерлер ҳаялларға қарсы ислеген гүналары ушын ҳәм ҳаяллар еркеклерге қарсы ислеген гүналары ушын азап шекти. Ол бул гүналарды Өзине алды. Соның ушын Хош Хабарға исениўшилерге ерлер ҳәм ҳаяллар бир-бирине көрсеткен реймсизлик ҳәм әдилсизлиги ушын кеширим ҳәм шыпа береди.

Сонда да, Ийса Масих жыныслар арасындағы айырмашылығын анық көрсеткен, Ол Өз ибадатханасының же-

текшилерин ерлерден сайлап қойды. Бизлер ҳаялларға көрсетилген жаманлығын жөнлеўимиз ушын Мухаддес Сөздиң ҳақыйқатын жойтып алмаўымыз ҳәм Қудайдың жобасын терис аўдырыўдан сақ болыўымыз керек. Ерлер ҳәм ҳаяллар арасында жаратылған айырмашылықлар, ер ҳәм ҳаял бир-бирин толықтырыўы ҳәм жәмийетте ҳәр қыйлы ўазыйпаларды орынлаўға арналғанын умытпаў керек. Жынıслардың екеўинде де Қудай берекет ҳәм әдиллик болыўды қәлейди.

Гүна Қудай тәрепинен жаратылған айырмашылықларды бузды, сонлықтан бул айырмашылықлар ҳуқықсызлық, шегарасызлық ҳәм зорлықтың себепшилерине айланды. Бул дүньялық жәмийетте сол мәселени тек ғана бир жол менен, яғный, ер менен ҳаялдың толық тең ҳуқықлығын жәрияласа ғана шеше алады. Заманагөй адамлардың көбиси тең ҳуқықлылық-бул гравитация сыяқлы (пүкил әлемниң тартыў күшиндей) тәбийий қубылыс, деп есаплайды. Бул мәселени басқа жол менен шешиў мүмкиншилиги жоқ деп айтады. Бирақ Ийса Масих Өз тәлийматында бизлерге басқа жолды көрсетип береди: Ол былай деди: «Қудай ерлер ҳәм ҳаялларды тең қәсийетли етип жаратты, бирақ оларға ҳәр қыйлы роллерди ажыратып берди». Мухаддес Китапқа сүйенип жасайтуғын масихыйлар ушын Ийса Масихтың сөзлери қайсысы дурыс, қайсысы қәте екенин көрсетеди. Ийса бизлерге жыныстың белгиси бойынша ҳуқықтың кемситилиўи деген не ҳәм жынıслардың арасында қандай тәртип болыў креклигин анық айтады. Биз өзлеримиздиң шешимлеримизде дүньялық жәмийеттиң түсиниклерин қолланбаймыз.

Ийса бизлерге жынысый қарым-қатнасларға арналған шырмасқан сораўларға жуўап береди. Ҳаялларға көрсетилген жаманлық Ийсаның тәлийматынан ямаса Оның хызметинен келип шыққан жоқ, ол адам жүрегине тамыр жиберген гүнаның нәтийжеси ҳәм адамлар бир-бирине қылатуғын нызамсызлықтың кишкене бөлеги. Ийсаның сөзин қайталағанда, жынıслар арасындағы пайда болатуғын жаман ойлар ҳәм ҳәр түрли әдилсиз ислер тап адамның жүрегинен шығады (Марк 7:23).

***Ҳаялларға болған қарым-қатнаста жиберилген барлық жаўызлықларды дүзетиўге ҳәрекет етиў ушын бизлер абайлы болып, Қудайдың сөзин ҳәм Қудайлық тийкарғы пикирлерди бурмаламаўымыз керек.***

## ОҚЫЎШЫЛАРҒА ШАҚЫРЫҚ

Мухаддес Китаптың ерлер ҳәм ҳаяллардың роли ҳаққында тәлийматына өзиниң ой-пикири еле қәлиплеспеген адамларға былай айтқым келеди: дәстүрий көз-қарас тәрепдарлары барлық ҳаялларға әдиллик ҳәм ҳүрмет көрсетиў керек. Бизлер ҳаялларға ерлер тәрепинен ҳуқықлардың қысыўын ҳәм зорлықтың барлық түрлерин көрсетиўге қарсымыз. Бирақ айырым масихый муғаллимлер күйеўлер ҳәм жәмәәтлер тәрепинен Мухаддес Китапта жазылған ҳақыйқаттың бурмаланғанын, ҳаяллардың абырайының жерге урылғанлығын, ҳәттеки оларға қарсы исленген жынаятларды да мойынлаймыз. Биз сондай адамлар ушын арланамыз. Бул китап арқалы биз сизге, исениўши еркеклер ҳәм ҳаяллар арасында айырмашылықларға *Ийсаның сүйиспеншилиги* қандай жақсы тәсир қылатуғынын көрсете аламыз деген үмиттемиз.

Мухаддес Китаптағы жынıслар арасындағы қарым-қатнас ҳаққында жазылған аятларды түсинбей қалған ҳәм бурмаланып түсиндирилген жерлери бар болыўына қарамастан, бул тәлиймат Қудайдың сүйиспеншилиги ҳәм даналығына тийкарланған. Оған сүйиспеншилик пенен ерсек, онда Қудайдың еки жыныс ушын дүзген жобасының сәўлелениўин көремиз. Бизлер феминизмге қарсы адамлар, бул пикирди қоллап-қуўатлаўымыздың себеби ески патриарх (ер басымлығы) үрп-әдетлерин сақлаў ямаса ерлердиң басымлығын беккемлеўде емес. Бизлер бул пикирди Ийса Масих жынıслардың арасында теңлик ҳәм айырмашылықлар бар деп айтқаны ушын қабыл аламыз.

***Мухаддес Китап бойынша жасайтуғын масихыйлар ушын Ийса Масихтың сөзлери қайсы нәрсе дурыс, қайсы***

***нәрсе дурыс емеслигин анықлап береди. Ийса бизлерге жыныстың белгиси бойынша ҳуқықтың кемситилиўи деген не ҳәм жыныслардың арасындағы қарым-қатнасларда дурыс тәртип не екенин айтады. Бизлер дүньялық жәмийет усынған анықламалар тәрепинен өзлеримиздиң шешимлеримизге бойсынбаймыз.***

Инсаний дәстүрлер ең ақыллы адамларды да соқыр қыла алады. Мысалы, Ийса адамзаттың соққан үрп-әдетлерин Қудайдың сөзинен жоқары қойған диний адамлар тәрепинен өлтирилген еди. Феминизмге қарсы адамлар ушын жынысый қатнасықлар мәселеси Қудай сөзиниң күши менен шешиледи. Бизлер, ерлер ҳәм ҳаяллар арасында айырмашылықлар бар болғанлығына исенемиз, себеби оны бизлерге Мухаддес Китап үйретеди ал Мухаддес Китап болса — Қудайдың сөзи.

**Ҳаялларға қарсы урыс**

Гей бир мәмлекетлерде ҳаяллар басқарыўшы орынларда ислейди ҳәм үлкен табысларға ийе болады, бирақ «жер жүзиниң көпшилик бөлиминде оларға қарсы урыс алып барылады». Инсан ҳуқықлары бойынша болып өткен халық аралық конференцияда (1993-ж) дүнья жүзинде ҳаялларға зорлық көрсетиў эпидемиясы жайылып атыр деп жәрияланды. Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң (БМШ) хаткери Кофи Аннан БМШ ниң Бас Ассамблеясында шығып сөйлеген сөзинде былай деди: «Ҳаяллардың үстинен зорлық бул Инсан ҳуқықларын бузыўдың ең көп ушырасатуғыны болды, оның я географиялық, я мәдений, я ақша жақтан шегаралары жоқ».

БМШ ның баянламасында (1993-ж) айтылғанындай: «дүнья жүзиндеги мәмлекетлердиң ҳеш биринде ҳаялларға ерлер сыяқлы, жақсы қатнаста болмайды». Пүткил дүньяда ерлерге қарағанда, көбирек ҳаяллар жарлылықтан азап шегеди. Дүньяда саўатсыз адам-

лардың үштен-екиси-ҳаяллар. Көплеген мәмлекетлерде ҳаяллар әпиўайы ҳуқықларға да ийе емес. Олар белгиленген ўақыттан аслам ислеўге, қәнигеликсиз ҳәм аз төленетуғын жумысларда ислеўге мәжбүр, оларға тез-тез қатаң қысым көрсетиледи. Ҳәтте заманагөй раўажланған жәмийетлерде ҳаяллар ажырасыўдан кейин балаларын бир өзи тәрбиялаўға мәжбүр болады, көбинесе ҳаяллар шаңарақтан кеткен ерлерге қарағанда, жарлы болып жасаўға мәжбүр.

Жасы кишкене қызларды жынысый зорлаў ҳәм ҳаялларды езиў фактлери көбейгени соншелли, олардың қурбан болған саны айтылмайды. Филиппинде, Таиланд ҳәм Ҳиндистанда бой жетпеген қызларды зорлап бузықшылыққа тартады ҳәм ҳеш ким оны шеклемейди, қызларды қул етип сатыўы қорқынышлы ен жайыўға дейин барады. Ҳиндистанда (әсиресе оның арқа тәреплеринде) ҳаяллар еле де өртенеди ҳәм усы тәризде ҳәр жылы тоғыз мыңнан аслам ҳаяллар күйеўлери ямаса күйеўлериниң ағайинлери тәрепинен екинши мәрте қалың мал алыў ушын өлтириледи.

Аўғаныстанда ҳаяллар шегетуғын азаплар барлық шегаралардан өтеди. Ҳаяллар тийкарғы ҳуқықлардан да айырылған, олардың ишине медициналық жәрдем ҳәм билим алыў имканиятлары киреди. Бул мәмлекетте ҳаяллар көшеге күйеўиниң ағайинлерисиз шыға алмайды, және де олар үстин басынан аяғына шекем жабыў керек. Бул әдилсизликке қарсы шыққан ҳаялды ислам дининиң жаўынгер тәрепдарлары жазалаў менен қорқытады. Бул кризисли жағдай «ҳаял аппартеиди» деген ат алған. Зорлық ҳәм ҳаялды жек көриў толқыны туўылған қызларды өлтириўге ҳәм жынысқа қарай исленетуғын абортларға себеп болды. Қытай ҳәм Ҳиндистанға уқсаған үшинши дәрежели деген мәмлекетлерде медицина илиминиң заманагөй дәрежеси бала тууқымының жынысын анықлап, қәлемейтуғын қызды

алып таслаў имканиятын береди. Нәтийжеде, усы мәмлекетлерде ерлер саны көбейип баратыр. Сол изертлеўлер бойынша қыз нәрестелерди өлтириў, туўып атырған ҳаяллардың өлиўиниң жоқары дәрежеси, аўқат пенен төмен тәмийинлеў ҳәм ден саўлықты сақлаўдың пәс дәрежеси себеплеринен ҳаял саны «100 миллион кемис» екен. Усындай қорқынышлы мағлыўмат ҳәр бир адамның көз жасын келтиреди. «Тайм» журналында жазылыўына қарағанда, «жер жүзинде ҳаялларға дослық көрсетилетуғын жерлер жүдә аз». Бизлер өзлеримизди ким деп санасақ та, феминизмниң тәрепдарлары ма, оның душпанлары ма, бәримиз биригип ҳаялларға көрсететуғын зәррени ушыратуғын жаманлықларға кескин қарсы болып шығыўымыз керек.

## «Бул китап не ушын ҳәм ким ушын жазылған» деген бөлимге сораўлар

1. Сизди жыныслар арасындағы қатнасықларда көбинесе не қызықтырады ямаса қорқытады?
2. Автор Мухаддес Китапқа сүйенип турып сүўретлеўге ҳәрекет етип атырған бул китаптың тийкарғы мазмунын анықлап бериң.
3. Төмендеги Мухаддес Жазыўдан алынған аятлар Ийса Масихтың Қудайдың сөзине көрсетилетуғын қатнасы ҳаққында не дейди?
   Матта 4:1-11; 5:18; 15:3-4, 6;
   Лука 18:31; 24:25-27; 32, 44;
   Юхан 10:34-35.
4. Елшилердиң ислери 17:11-ты оқып, исениўши адамлар өз көз қарасын дәлийллеў ушын ҳәм тартыс пайда болған жағдайда Мухаддес Жазыўларды қалай қолланып жүриў керек деген сораўға жуўап бериң.
5. «Заманагөй масихыйлардың арасында Мухаддес Китапқа салдамлы қызығыў жоқ» дегенине қандай дәлийл келтириў мүмкин?

6. Исениўшилердиң өсип баратырған саўатсызлығы ҳәм олардың Мухаддес Китапты үйрениўге қәлеўи жоқлығы қандай салдарға алып келиўи мүмкин?

## «Айтыстың мәнисин түсиниў» деген бөлимине сораўлар

1. Хош Хабар тарқататуғын масихыйлар сол айтыстың мәнисин дурыс түсингени не ушын сол дәрежеде әҳмийетли? Бул айтыс сизге қандай тәсир тийгизеди?
2. Жыныслар арасында пайда болған машқалалар ҳаққында сораўларға жуўапларды ең биринши қай жерден излеў керек? Не ушын?
3. Ер шовинизм дегенимиз не? Бул сораўға анығырақ жуўап бериў ушын сөзликке қараң.
4. Феминизм дегенимиз не? Жуўап бериў ушын сөзликти көриң.
5. Жыныслар арасында қарым-қатнасларға дәстүрий көз-қарас пенен қарайтуғын адамлардың пикирин анықлап бериң.
6. Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлердиң көз-қарасын қысқаша анықлап бериң.
7. Не ушын Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлердиң көз-қарасы масихыйлардың арасында сондай атақлы болды? Неге ол сондай тартымлы болып көринеди?
8. Феминизмге қарсы адамлар жыныслар арасында айырмашылықлар бар болыўына исенгеннен кейин де ҳаяллардың ҳуқықларын қыса ма? Яқ болса, неге?
9. Сизге «Ҳаялларға қарсы урыс» деп аталған мақала қандай тәсир қалдырды? Сол мақаланы оқығаннан кейин көрсетилген мәселеге көз-қарасыңыз өзгерди ме?
10. Бул еки бөлимди оқып не билдиңиз? Алынған мағлыўматлар сизге қандай тәсир етти?

# I

# ИЙСА МАСИХ ЖАРАТЫЛЫС ТАРИЙХЫНА ТИЙКАРЛАНДЫ



Ал, изертлеўимизди баслайық, — деди Том.

— Жаным менен, — деп жуўап бердим.

— Неден баслаймыз? — деди ол.

— Ийса баслаған заттан баслаймыз.

— Ийса Масих?

— Аўа, Юхан жазған Хош Хабарда Ийса былай деди: «Сизлер Мени Устаз ҳәм Ийем деп айтасызлар. Дурыс айтасызлар, себеби Мен Солман» (Юхан 13:13). Бизлер Ийса Масихқа қараймыз, себеби Ол бизиң Қудайымыз ҳәм Муғаллимимиз. Ол бизлерди Сөзди үйрениўде ҳәм изертлеўде басқарады. Неден баслаў кереклигин Ол көрсетеди.

— Солай етип, неден баслаймыз?

— Ески Келисимнен. Ийса бизлерди Жаратылыс Китабы 1 ҳәм 2 — бапларында сүўретленген жаратылыс тарийхына қайтарады. Соның ушын бизлер Мухаддес Китаптың ең биринши китабынан баслаймыз.

— Не ушын сиз Ийса Жаратылыс Китабынан баслады деп ойлайсыз? — деп сорады Том.

— Парисейлер топары Ийсаға ажырасыў ҳаққында сораў бергенде, Ол Өзиниң сыншылларына Жаратылыс Китабының биринши бабында жазылған аятларды еске түсирди. Демек, Ол усы Ески Келисимдеги аятларды ҳақыйқый абырайлы дерек сыпатында Өзи айтып берди. Соның ушын бизлер де Матта жазған Хош Хабарда 19:3-5 Ийса парисейлер менен соқлығысқаны ҳаққындағы гүрриңди оқыйық.

**19:3** Ийсаның қасына парисейлер келип, Оны сынап көриў ушын
— Ер адамға ҳәр қыйлы себеп пенен ҳаялынан ажырасыўға бола ма? — деп Оннан сорады.
**19:4** Ийса оларға жуўап қайтарып былай деди:
— Жаратыўшы eң баста оларды ер ҳәм ҳаял қылып жаратқанын сизлер оқымағансызлар ма?
**19:5** Және Ол былай деген: «Сол себепли ер адам ата-анасын қалдырып, өз ҳаялына қосылады ҳәм екеўи бир дене болады».

Ажырасыў ҳаққындағы парисейлердиң сораўына жуўап қайтарғанында, Ийса «баста бундай болған жоқ еди», — деп айтты (Матта 19:8). Парисейлер Қудайдың некедеги ҳәм еки жыныс ўәкиллери арасындағы қарым-қатнаслардың ролин түсине алмады. Сол себепли, Ийса оларға «басына» Қудайдың сөзине, яғный, Мухаддес Китапқа қайтыўды мәсләҳәт етти, себеби оның ишинде барлық заттың келип шығыў тарийхы берилген, және де неке ҳаққындағы Қудайдың жобасы анық ҳәм таза пикирли болып көрсетилген.

***Ийса Масих, Перт ҳәм Павел Жаратылыс Китабында жазылған ҳақыйқатлықты тастыйықлап, жынысый өз-ара қарым-қатнаслар ҳаққында өз тәлийматын усыған тийкарлаған.***

Бизлер де бүгин тап соны ислеўимиз керек. Қудайдың еркин түсиниўге ҳәрекет етсек, бизлер Ийсаны үлги етип, Оған ериўимиз керек. Ийса Масих ҳәм Оның бас ўәкиллери Петр ҳәм Павел неке ҳаққында ер ҳәм ҳаяллардың арасындағы қатнасықларды дәслепки мәнисине қайтармақшы болғанда, олар Басланыў, яғный, Жаратылыс Китабын қолланған. Стивен Кларк өзиниң Man & Woman in Christ атлы үлкен мийнетинде жүдә әҳмийетли пикирди тәкирарлайды:

Жаңа Келисимниң басқа авторлары, әсиресе Павел, Ийсаның тәлийматына ерди. Жаңа Келисимниң көплеген әҳмийетли үзиндилери бизлерге туўры ямаса басқа бир жол менен Жаратылыс Китабының биринши үш бабын қайталайды. Адам- ата ҳәм Ҳаўаененниң жаратылыўы тарийхы арқалы Қудай бизлерге адамзат жаратылысының тарийхын ашып бергенин түсинбесек, онда ол Жаңа Келисимдеги ерлер ҳәм ҳаяллар ҳаққындағы тәлийматтың тийкары екенлигин де түсинбейди.

Ийса Масих Петр ҳәм Павел Жаратылыс Китабында жазылған ҳақыйқатлықты тастыйықлап, өз ўазларын соған тийкарлап қойған, бизлер де бул Ески Келисим Китабының үш тийкарғы үзиндисин қысқаша изертлеп өтейик: Жаратылыс Китабы 1:26-28; 2:7-25; 3:1-19

## А. ЖАРАТЫЛЫС КИТАБЫ 1-БАП: ҚУДАЙДЫҢ КӨРИНИСИНЕ ИЙЕ БОЛЫП ЖАРАТЫЛҒАН

Ер ҳәм ҳаялдың жаратылыўы ҳаққында гүрриң басқа ески дүньяның естеликлери арасында жүдә айрықша болып есапланады ҳәм қайталанбайтуғын болып көринеди. Оның ишинде ески Жақын Шығыстың бутпаразлы динлериниң ямаса көп басқа қудайларға исенетуғын динлердиң ҳеш бириниң даўысы да жоқ. Жаратылыс Китабының айтыўы бойынша, барлық затты жаратқан тек ғана жалғыз бир Қудай бар ҳәм Ол Өз сөзи менен бул дүньяны жаратты. Ол ер ҳәм ҳаялды Өз көринисине ийе етип айрықша ҳәм әжайып қылып, оларды Өзиниң жердеги ўәкиллери болсын деп жаратты. Муўсаның жынысый тең ҳуқықлылық ҳаққындағы сөзлери бул ўақыт ушын жүдә батыл еди: ҳаял ер адам сыяқлы Қудайдың көринисине ийе. Биринши ер адам биринши ҳаялы менен жүдә шадланатуғын еди, оны сүйген ҳәм қәдирлеген. Ҳаял оның мүлки де, қулы да болған жоқ.

Бул жүдә терең ҳәм масихый көзқарастан әҳмийетли Мухаддес Китаптың үзиндилери сизлерге таныс деп ойлайман, сонда да Жаратылыс Китабының I-бабындағы төменде

берилген сөзлерди үлкен дыққат пенен оқыўыңызды өтиниш етемен.

**1:26** Қудай деди: «Өзимизге уқсатып адамды жаратайық. Олар теңиздеги балықлар, аспандағы қуслар, маллар, жер баўырлаўшылар ҳәм жер бетиндегилердиң ҳәммеси үстинен ҳәкимлик етсин» — деди.

**1:27** Қудай адамды Өзине уқсатып жаратты, ер ҳәм ҳаялды жаратты.

**1:28** Қудай оларды жарылқап: «Өнип-өсип көбейиң ҳәм жер бетин толтырып, оны ийелеп алыңлар. Теңиздеги балықлар, аспандағы қуслар, жер бетиндеги ҳайўанлар үстинен ҳәкимлик етиңлер!» — деди.

Келеси жағдайларға итибар бериң:

## 1. Қудай адамларды түрли жыныслы қылып жаратты

Қудай анық жынысый айырмашылықларға ийе болған еки жеке адамды ер ҳәм ҳаялды жаратты. Ол бул айырмашылықларды орнатты ҳәм оларды жақсылық деп атады. Қудай еки ҳәр түрли, бир-биринен ғәрезсиз болған ер түрин ҳәм ҳаял түрин жаратыўға ҳәрекет еткен жоқ. Ол бул адамлар өзлерине уқсаған адамларды туўып алатуғын ҳаялларды жаратса да болар еди. Онда ер адамның жаратылыўы шәрт емес еди. Бирақ Қудай адамларды жынысы бойынша айырып, Өз мақсетин ойлап қойған. Биринши гезекте бир дене болатуғын еки ҳәр қыйлы жыныстағы ағзалардың некелик жәрдеми менен, Ол Өзиниң олар менен болған қарым-қатнасына бойланыслы адамларға руўхый ҳақыйқатты ашыўды қәлеген еди (Ефес 5:29-32).

***Еки жыныстың ўәкиллери өзлерине Қудайдың көринисин алып жүреди деген факт соны дәлийиллеп көрсетеди, олар шахс сыпатында тең ҳәм теңдей абырайға ийе.***

## 2. Қудай еркекти де, ҳаялды да Өзине уқсас етип жаратты

Қудай Өзине сәйкес етип, еркекти де, ҳаялды да жаратты. Еки жыныстың ўәкиллери жалғыз ҳәм ҳақыйқый Қудайға уқсаған адамлар. Олардың жүзлеринде уллылық, қәдирлилик ҳәм мәңгилик мөрленген. Олар ҳайўанлардың ийелери болып, оларға уқсамас еди.

Еки жыныс өзинде Қудайдың көринисин алып жүретуғын факти-бул олардың шахс сыпатында тең ҳәм тең ҳуқықлығын дәлийллейди. Қудайдың еркин орынлаў ушын жынислардың екеўи де керекли ҳәм әҳмийетли.

## 3. Қудай ер адамға буйырғаны сыяқлы ҳаялға да көбейиўге ҳәм жерди басқарыўға буйрық берди

Қудай ер ҳәм ҳаялға ҳәкимликтиң тажын береди. Ол оларға көбейиўге ҳәм «барлық жердиң үстин» басқарыўға буйрық берди. Бул буйрық адамлардың теңлигинде тийкарланған. Соның ушын олар жердиң ийелери болып, Қудайдың Өзине сәйкес келетуғын басқа адамларды туўыўы мүмкин. Исенбейтуғын адамлар усы дүнья оларға тийисли деп ойлайды, бирақ Қудай бул дүнья Меники деп атайды. Ол ер ҳәм ҳаялды Өз жобасының алып тасланбайтуғын бөлеклери етип жаратқан, Оның ерки болса-адамлар бул жерди басқарып, өз әўладлары менен толтырыўдан ибарат.

## 4. Қудай пүткил адамзатты адам сөзи менен атаған

26 аятта былай жазылған: «...Өзимизге уқсатып адамды жаратайық...» «Адам» деген сөзи бул жерде «адамзат», «адамлардың әўлады» деген мәнисте қолланылады. Бул жерде ерлер де, ҳаяллар да, демек, улыўма адамлар айтылған.

Бул жерде бир нәрсени айтып өтиўимиз керек. Қудай пүткил адамзатты оригинал тилинде күшли жыныстың ўәкиллерин аңлататуғын сөзи менен пайдаланған. Жаратылыс Китабында (5:1-2) бул ҳаққында былай жазыл-

ған: «Мине Адам-атаның шежиреси [еврей сөзи *'adam*]: Қудай адамды жаратқанда [*'adam*], Ол оны Өзине уқсатып жаратты, ер ҳәм ҳаялды жаратты, оларды жарылқады ҳәм тап оларды жаратқан күни оларға «адам» деп ат қойған [*'adam*]. Қудай пүткил адамзатты ҳаял деген ат пенен белгилеген жоқ. Ол «ҳаялды Өзимизге уқсатып жаратайық» деген жоқ. Ол «өлилерди Өзимизге уқсатып жаратайық» деген жоқ. Ол «адамды жаратайық» деп айтты.

"Recovering Biblical Manhood and Womanhood" деген классикалық дөретпесиниң авторларының бири, Реймонд Ортлунд кишкене былай дейди: пүткил адамзаттың Қудай тәрепинен *'adam* сөзи менен аталыўы бул Жаратылыс Китабының екинши бабында Муўса тәрепинен жәрияланған ер адамның басшылығы ҳаққында гүўалық.

## Б. ЖАРАТЫЛЫС КИТАБЫ 2-БАП: ТЕҢ, БИРАҚ ҲӘР ҚЫЙЛЫ ЕТИП ЖАРАТЫЛҒАНЛАР

Енди бизлер изертлеўимиздеги жүдә әҳмийетли ҳәм мәнили үзиндиге — Жаратылыс Китабының 2-бабына өтемиз. Бул бап урыстың бас майданы болып есапланады. Егерде ерлер ҳәм ҳаяллардың роли ҳаққында бирбири менен айтысатуғын масихыйларды түсинбесек, бул үзиндиниң әҳмийетин түсинбеймиз. Жыныслардың өз ара қарым-қатнаслары ҳаққында басқа барлық Мухаддес Китаплық тәлиймат Жаратылыс Китабының әйне усы бабына тийкарланған. Бул Ийса ҳәм Оның елшилериниң сүйенген бабы. Ески Келисимниң изертлеўшиси Дерек Киднер үзиндиниң әҳмийетин 18-аяттан баслап 25 аятқа дейин белгилеп қойған: «Жынıслар арасындағы өз ара қатнасықлар ҳаққында Жаңа Келисимлик тәлийматтың үлкен бөлеги сол үзиндиге тийкарланған, бул үзинди Жаратылыс Китабының 1-бабындағы 27–28-аятларды анық ҳәм көркем етип толықтырады». Бул Китаптың 2-бабы алдымыздағы танысатуғын Жаңа Келисимниң мағлыўматын түсиниўге таярлайды.

***Жаратылыс Китабының екинши бабы-бул неке ҳәм ер жәнe ҳаяллардың роли ҳаққында айтқан ең дәслеп Масихқа ҳәм Оның елшилерине силтенген бап.***

Соның ушын бул бапты итибарлылық пенен оқыўыңыз керек. Оның үстинде ойланың ҳәм мәнисин есиңизде сақлаң. Төмендеги аятларға айрықша дыққат аўдарың:

**2:7** Қудай Ийе жердиң топырағынан адамды жаратты, оның мурнына өмир демин салды. Солай етип адам тири жан болды.

**2:15** Солай етип Қудай Ийе Едем бағын тәрбиялаўы ҳәм онда ислеўи ушын адамды сол жерге орналастырып.

**2:16** Оған: «Сен бул бағдағы қәлеген терегиңниң мийўесинен жей аласаң.

**2:18** Сонынан Қудай Ийе: адамның жалғыз болғаны жақсы емес, оған ылайықлы жәрдемши жаратаман» — деди.

**2:19** Қудай Ийе жердеги ҳайўанлардың, аспандағы қуслардың ҳәммесин топырақтан жаратқан еди ҳәм оларға қандай ат беретуғынын билиў ушын оларды адамға алып келди. Адам ҳәр бирине қандай ат қойса, сол жанлы жәниўар солай аталатуғын болды.

**2:21** Қудай адамға терен уйқы берди ҳәм ол уйықлағаннан соң, оның бир қабырғасын алып, орнын ет пенен жаўды.

**2:22** Солай етип, Қудай адамның қабырғасынан ҳаялды жаратып, оны адамға алып келди.

**2:23** Сонда Адам былай деди: мине, бул мениң сүйеклеримнен алынған сүйек, мениң етимниң ети, ол мениң ҳаялым деп аталады, себеби өз күйеўинен алынған.

**2:24** Соның ушын ҳәр бир адам өз ата-анасын қалдырып, өз ҳаялы менен қосылып, екеўи бир дене болады.

Бул аятлар заманагөй ҳәм диний адамларды жүдә таң қалдырады. Либерал феминистлер (исениўши ҳәм исениўши емес) Жаратылыс Китабындағы 2-бапты аңыз деп есаплайды. Олар бул гүрриң үмитсиз ер басымлылық болып ҳәм XXI әсирдиң ҳаялларына ҳеш қандай байланысы жоқ деп болжайды. Масихый феминистлер (жыныслар арасында тең ҳуқықлылықтың тәрепдарлары) Жаратылыс Китабының 2-бабы Қудай тәрепинен руўхланған Сөз екенлигине исенеди. Лекин, бул үзиндиниң ишинде тек ғана жыныслардың тең ҳуқықлығы ҳаққында айтылған деп ойлайды ҳәм бул бап еркеклердиң басқарыў ролин ҳәм ҳаяллардың бойсыныўшы ролин алып баратуғынын бийкарлайды.

**Жыныслар арасында тең ҳуқықлылық тәрепдарларының Жаратылыс Китабындағы 2-бап ҳаққында ой-пикирлери**

Мэри Стюарт Ван Льюэн, Шығыс колледжи профессоры ҳәм масихый феминизм тараўының бас қәнийгеси төмендегише батыл пикирди билдирди: «Жаратылыў тарийхында сол исти (жерди басқарыўды) еркек алып барыўы керек деген ҳеш қандай көрсетпе жоқ».

Оған феминизмниң қәдирли тәрепдары Ребекка Грутхайс қосылып, былай дейди: «Жаратылыс Китабындағы жазылған жаратылыў тарийхы ерлердиң ҳүкими ҳәм ҳаяллардың бойсыныўының бар болғанының күшли дәлийли болып тура алмайды. Егер өзлеримиз сол текстке өз пикирлеримизди қоспасақ, жыныслардың әҳмийетли басқышларын Жаратылыс Китабының тарийхына қарап қура алмаймыз».

Гилберт Билезикиан, Уиллоу Криктағы ибадатхананы ашқан адам ҳәм сол жерде Мухаддес Жазыўлар бойынша сабақ беретуғын профессор былай жазады: «Адам-атаның Ҳаўа-енениң үстинен ҳүким етиўи, бул Қудай жобасының бөлеги деп айтатуғын тәлийматларды кескин түрде қабылламаў керек, себеби олар Мухаддес Китап текстине тийкарланған жоқ».

*Лекин*, бизлер Жаратылыс Китабының 2-бабындағы жынıслар арасындағы қатнасықлар туўралы Жаңа Келисимниң тәлийматын түсиниўге жәрдем беретуғын алты әҳмийетли ҳақыйқат жазылған. Бул төменде келтирилген ҳақыйқатлар бизлерди сол мәселени көбирек үйрениўге таярлайды.

### 1. Қудай адамды бас қатнасыўшы етип қойды

Цинциннати масихый семинариясындағы Мухаддес Сөзди талқылаў илиминиң профессоры Джек Коттрелл исенимли түрде былай айтады: «Барлық ҳәрекетлер ҳәм ўақыялар еркек айналасында болып атыр. Қалғанының бәри, сол санда ҳаял да тек көмеклесиўши ролин ойнайды».

Ҳаял емес, ал «адам*» деп ер адамға ат берилди (Жарат 1:26; 2:5; 5:2).

Жаратылыс тарийхында Қудай тек ғана ер адамға сөйлейди (2:16-қа қараң), әйне ер адам бирินши болып Қудайдан ашылыс ҳәм буйрық алды. Ҳаял емес, ал ер адам Қудай алып келген ҳайўанларға атларын қойыў керек еди (2:19-20). Ҳаял еркектиң қабырғасынан жаратылған, ал керисинше емес (2:22). Ҳаял еркек ушын жара тылған ҳәм оның алдына алып келинген, ал керисинше емес (2:18, 22). Ал, ең кейининде ер адам ҳаялдың жаратылыўының фактын Қудай тәрепинен талқылап береди, керисинше емес (2:23). Еркек ҳаялдың атын ҳаялым деп қояды, керисинше емес (2:23).

Солай етип, бизлер Жаратылыс Китабының 2-бабынақайсымүйешиненқараптурсақта,биржуўмаққа келемиз. Бул Қудай еркекти жаратқан ҳәм оған кейинги берекет ушын барлық имканиятларды берген тарийхы. Сол бапта сүўретленген басқа ўақыялар, еркектиң өмири, оның тәбияты ҳәм мүтәжликлери менен байланыслы. Солардың қатарына ҳаял да киреди. Бул бапты басқаша түсиниўге болмайды.

---

* Автордың пикирлеўи бойынша «адам» ҳәм «еркек» инглис тилинде «man» деген бир сөз бенен тийкарланады.

## 2. Қудай Адам-атаны биринши гезекте жаратты

Қудай баста ер адамды, кейининен болса ҳаялды жаратты. Ол еркекти Едем бағына жайластырды ҳәм Ҳаўа-ене пайда болғанша бағқа қараўға буйрық берди (2:15). Және Қудай Адам-атаға ҳайўанларды алып келип, оларға ат қой деп айтты (2:19). Ҳаўа-ене пайда болғаннан алдын жақсылық ҳәм жаманлықты билиў терегиниң мийўесин жемеўге биринши болып Адам-атаға буйрық берилди (2:16-17, кейин Адам-ата Ҳаўа-енеге Қудайдың сол теректен мийўе жемеў буйрығын айтқан еди).

Адам-ата пүткил жердиң ийеси еди. Ол өзинде пүткил адамзаттың тымсалын аңлатты, себеби ол биринши Адам еди. Ол пүткил адамзатты белгиледи ҳәм адамзат оның ишинде көрсетилди.

Ер адамның биринши болып жаратылғаны тосаттан келип шыққан жоқ. Адам атаның биринши болып жаратылғаны үлкен әҳмийетке ийе. Бул ўақыяның зәрүрлиги, бизлер Жаңа Келисимде ушыраса алатуғын Жаратылыс Китабындағы 2-бабының талқыланыўы Қудай тәрепинен руўхланғаны дәлийлленди. Мухаддес Китапты талқылаўдың принциплери бойынша Ол Өзиниң жазыўларына ең жақсы талқылаўды Өзи берди. Демек, Мухаддес Жазыў өзин-өзи талқылайды. Солай етип, Жаратылыс Китабының 2-бабын жазыўға руўхланған Қудай, бул жазыўдың ҳақыйқатын көрсетиўге Павелди руўхландырды. Мухаддес Руўх пенен беккемлейтуғын Павел Жаратылыс Китабының 2-бабын былай талқылады: «Ҳаялдың тәлим берип, ер адамды басқарыўына рухсат етпеймен. Ҳаял тыныш болсын. *Себеби дәслеп Адам-ата жаратылды...*» (Тимофей 1-хаты 2:12-13).

Соның менен Жаңа Келисим Адам-атаның биринши болып жаратылғаны арқалы Қудай оны Өз шаңарағында басқарыўшы ҳәм устаз қылып белгиледи. Басқарыў түрине қарасақ, Ески Келисимде де, Жаңа Келисимде де халықты бәрқулла ер адам басқарады. Адамзаттың пүткил тарийхын қарап өтсек, тап сол басқарыў түрин байқаймыз. Адамзат пайда болған ең басшысынан баслап жәми-

йетти ҳаяллар емес, ал ерлер басқарған. Шынында бул тосаттан болды ма? Ямаса бул Қудайдың ойлап ислеген жумысы ма екен? Не ушын ерлер емес, ал ҳаяллар ғәрезсиз болыўға тырысады? Жаратылыс Китабының 2-бабында бизлер бул сораўға жуўап табамыз: ең бастан баслап Қудай жәмийетте ҳәм шаңарақта еркектиң басымлығын орнатты, ҳаялдың басымлығы ямаса тең ҳуқықлығы күтилген жоқ еди. Адам ата биринши патриарх болған.

***Адам-атаның биринши болып жаратылғаны үлкен әҳмийетке ийе. Бул ўақыяның зәрүрлиги бизлер Жаңа Келисимде ушыраса алатуғын Жаратылыс Китабындағы 2-бабының талқыланыўы Қудай тәрепинен руўхланғаны тастыйықланған.***

## 3. Қудай ҳаялды еркектиң қабырғасынан жаратқан

Таң қаларлық, бирақ Қудай ер ҳәм ҳаялды ҳәр қыйлы етип жаратты. Еркекти Ол жердиң топырағынан жаратып, оған өмир демин еседи (2:7). Ҳаялды болса еркектиң қабырғасынан жаратты (2:22). Еркек ҳаялды соғыў ушын материал болып қолланылды, себеби ҳаял оның қабырғасынан исленген еди (2:21). Ҳаялдың еркек қабырғасынан жаратылғаны бизлерге олардың тәбияты жағынан тең, бирақ ўазыйпалары ҳәр қыйлы екенлигин көрсетеди. Оны қаяқтан билемиз? Оны бизлерге Мухаддес Китап айтады.

***Адам-атаның биринши болып жаратылыў фактин Қудайдың пикирин тастыйықлаў ушын ер адам Қудайдың шаңарағының басшысы ҳәм муғаллими болып белгиленгенин Жаңа Келисим пайданланады.***

Жаратылыс Китабындағы 2-бап 22-аяттың Жаңа Келисимде талқыланыўы бойынша ҳаялдың еркектен пайда болғаны еркектиң ҳақыйқый үстемлигин дәлийллейди.

Бул аятты қайталап, Павел былай деп жазады: «Себеби, ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял ер адамнан жаратылды» (Коринф. 1-хаты 11:8). Солай етип, ол еркек бул «Қудайдың образы ҳәм даңқы, ал ҳаял болса еркектиң даңқы» деп дәлийлледи, және де «ҳаялға басшы күйеў» (Коринф. 1-хаты 11:7, 3) деп түсиндиреди. Еркеклердиң үстемлиги ҳәм ҳаяллардың бағыныў тәлийматы ҳаққындағы өз басламасын Жаратылыс Китабының 2-бабынан алады. Павел өз хатында сүўретлеген жынысый айырмашылықлар да усы Мухаддес Китаптағы үзиндиге тийкарланған.

## 4. Қудай ҳаялды еркек ушын жаратты

Жоқарыдағы үш пункт заманагөй тең ҳуқықылық тәрепдарларының намысын келтиретуғын болса, онда endиги дәлийлимиз оларға пүткиллей қабыл алынбайтуғындай көринеди. 2-баптың 18-аятында былай делинген: «Ҳәм Қудай былай деди: адам бир өзи болғаны жақсы емес, оған сәйкес келетуғын жәрдемши жаратайық». Соның ушын Қудай Адам-атаның жалғызлығы жақсы емеслигин билдирди. Сонлықтан, Ол жағдайды туўрылаўға қарар етти ҳәм Өзи Адам-атаға сәйкес келетуғын жәрдемшисин жаратып берди. Ҳаўа-ене жәнe бир еркек болып шыққан жоқ, ол Адам-атаның нусқасы да, оған уқсас адам да болған жоқ. Ол биринши адамға сәйкес ылайықлы болыўы менен бирге оннан айырықша еди.

Ол өзиниң тәбийий, физиологиялық ҳәм психологиялық өзгешеликлерине ийе болды. Ол еркек адамды толықтырыў ушын жаратылған болып, әўладлар менен жерди толтырыўында ҳәм оны басқарыўында көмеклесиўи керек еди. Жәнe де, ол еркек пенен оның жолдасы ҳәм аўқамласындай, сүйиспеншиликте биригиўи керек еди. Мухаддес Китаптағы ҳаял ушын жазылған бул биринши билдириў; ҳаял ер адамның жәрдемшиси болыў керек.

**Еркектиң жәрдемшиси**

Жаратылыс Китабының 2-бап 18-аятында «жәрдемши» деп қолланылған сөз «көмеклесетуғын, қол-

лап-қуўатлайтуғын ҳәм бәрҳа қолынан келетуғын нәрсени ислейтуғын» деген мәнисти аңлатады. Бул ҳаялдың ролин белгилейтуғын ең тийкарғы сөз. Оны кемситетуғын сөз деп айтсақ болмайды. Қудай Мухаддес Китапта Өз халқының «жәрдемшиси» деп жийи аталады (Забур 9:35; 26:9; 45:2). Егер де ҳаял Мухаддес Жазыўда «жәрдемши» деп аталған болса, демек ол керекли уқыплылыққа, мүмкиншиликке, байлыққа ҳәм күшке ийе ҳәм бул затлар ҳаялды өзиниң белгиленген мақсетине алып барады (нақ. мақ 31:10-31). Ҳаял ер адам ушын жаратылған еди, керисинше емес (Коринф 1-хаты 11:9). Ҳаўа-ене Адам-атаның қабырғасынан жасалған еди (оның пайда болғаны) ҳәм ол ушын жаратылған еди (оның ўазыйпасы). Бизлерге бир Мухаддес Китапты үйретиўши муғаллим есимизге түсиргениндей: «еркектиң роли оның ҳаял менен байланыста болғаны емес, ал ҳаялдың роли оның еркек пенен байланып турған шегарасында турады». Қудай исениўши адамларды (еркеклер ҳәм ҳаялларды) неге шақырса да, бул зат бәрқулла әдилли, берекетли, мухаддес ҳәм қәлеўли. Ол Жаратыўшы, бизлер болса оннан Өз қәлегенин соғатуғын ылаймыз. Ол биринши ер ҳәм ҳаялдың арасында басқарыўшы ҳәм жәрдемши қатнасықларды орнатқан.

Яҳудий «kenegdô» сөзи-«оған сәйкес келетуғын» деп аўдарылған сөз «оған уқсас, сәйкес келетуғын, толықтыратуғын, туўра келетуғын» деген сөзлерге тең. Солай етип, ҳаялдың тәбияты еркектиң тәбиятына ҳәр тәреплеме туўра келеди. Сонда олардың тең ҳуқықлығы билинеди. Ҳаял Адам-атаның атларын берген ҳайўанларға теңлетилген жоқ. Ол да Қудайдың образын өзинде сәўлелендиреди (Жарат 2:19).

Жаңа Келисимде бизлер Жаратылыс Китабының 2-бап 18-аятында түсиндирме табамыз: «Себеби ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял ер адам ушын жаратылды...» (Коринф 1-х 11:9). Бул жерде ер ҳәм ҳаяллардың жынысын айрықша

көрсетиў ушын Павел және Жаратылыс Китабының 2-бабын қолланады. Ҳаял ер адам ушын жаратылған деген факт-еркек «Қудайдың көриниси ҳәм даңқы, ал ҳаял-еркектиң даңқы» және де ҳаялдың басшысы еркек (Коринф. 1-хаты 11:7, 3) деген аяттың дәлийли деп айтсақ болады.

***Мухаддес Китапта ҳаялдың ролине тийисли болған бул биринши билдириўи, ол ер адамның жәрдемшиси болыўы керек.***

## 5. Қудай ҳаялға ат қойыў ҳақысын ер адамға берди

Гүна ислеместен бурын Адам-ата өзиниң биринши жәрдемшисине ат қойды. Оны көргенде Адам-ата былай деди: «ол ҳаялым деп аталады» (Жарат 2:23). Бул ғалабалық ат, меншикли емес. Гүна ислегеннен кейин Адам-ата ҳаялына оған меншикли ат қойып, оны «Ҳаўа-ене» деп атады (Жарат 3:20).

Затларға, ҳайўанларға ямаса адамларға ат қойыўға ҳәр бир адамның ҳәкимшилиги ҳәм ҳақысы бар (Жарат 1:5, 8, 10; 2:19-20). Мысалы, ата-аналар өз балаларына ат қойыў ушын ҳәкимшилиги бар. Адам-атаның Ҳаўа-енеге ат қойыў жағдайы оның айрықша ҳәкимшилиги бар болғанын дәлийллейди.

## 6. Қудай ер ҳәм ҳаялды тәбийий көз-қарастан тең қылып жаратты

Қудай Адам-атаның жәрдемшисин оның қабырғасынан соққан. Еркек ҳаялы менен тең тәбиятқа ийе екенлигин дәрриў мойынлады. Сол себепли былай деди: «Мине, бул мениң сүйеклеримниң сүйеги ҳәм етимнен...» (2:23-қа қараң). Ол еркек пенен салыстырғанда кемис болған жоқ. Адам-ата атларын қойған ҳайўанлардан кемис болған жоқ (2:19-20-қа қараң). Ол еркектиң қабырғасынан жаратылған болып, оған тәбийий көз-қарастан да мас болған, демек, Қудайдың көринисине ийе болып жаратылған.

## B. ЖАРАТЫЛЫС КИТАБЫ, 3-БАП: ГҮНА ИСЛЕЎ ҲӘМ ЖЫНЫСЛАР АРАСЫНДАҒЫ УРЫС

Жаратылыс Китабының 3-бабында еркек ҳәм ҳаял Қудайға қарсы гүна ислегени ҳаққында айтылған. Олар Қудайдың буйрықларын бузған ҳәм жақсылық пенен жаманлықты билиў терегиниң мийўесин жеди. Олардың қулақсызлығы ҳәм оның нәтийжесинде келген Қудайдың ҳүкими гүнакарлық деп аталады. Жаратылыс Китабының 3-бабында еркек ҳәм ҳаяллардың не ушын пүткил өмири даўамында өз нанын қыйналып табатуғынлығы, азап шегетуғыны, урысыўы ҳәм өлетуғынлығы түсиндирилген. Бул машқалалар гүна арқалы келеди ҳәм орнатылған жағдайда тек сол гүнаны жуўып өзгертсек болады». Жыныслар арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында тартыстың барлық тәрепдарлары, гүна ислегеннен кейин еркек-ҳаяллардың қатнасықлары жаман тәрепке өзгергенине болысып атыр. Бул ўақыя ҳаққында Жаратылыс Китабында жазылғанын оқып жиберейик:

**3:1** Қудай жаратқан ҳайўанлардың арасында жылан ең ҳийлекери еди. Ҳәм жылан ҳаялға былай деди: Қудай жәннеттеги «ҳеш қайсы теректен мийўе жемең дегени ырас па?»

**3:6** Ҳаял усы теректиң мийўеси жеўге жақсы екенлигин ҳәм көзге де жағымлы екенлигин көрген, себеби ол билим береди; ол оның мийўесин алып жеген ҳәм күйеўине берген, ол да жеди.

**3:9** Қудай Адам-атаны шақырып, қаяқтасаң деди.

**3:16** Ҳаялға айтты: ҳәмледар ўақтыңда азабыңды көбейтип қояман, өз балаларыңды қыйналып туўасаң ҳәм күйеўиңе бәрҳа ҳәўесли боласаң ҳәм ол сени басқарып турады.

**3:17** Адам-атаға болса, былай деди: ҳаялыңның сөзин тыңлағаның ушын ҳәм мен сол теректен жемең деп буйырып қойған болсам да, теректиң мийўесин жегениң ушын сен ушын да бул жер нәлетий болады, өмирде оннан бетер қайғырып аўқатланасаң.

**3:19** Усы сен алынған жерге қайтып келгенше, өз наныңды маңлай териң менен табасаң, себеби топырақсаң ҳәм топыраққа қайтасаң.

Масихый феминистлер Жаратылыс Китабының 3-бабын еркек ҳәкимшилиги ҳәм ҳаялдың бойсыныўы биринши рет ушырасады деп айтады. Екинши бапта олар тек жынысый тең ҳуқықлығын көрип, оның ишинде жынысый айырмашылықлар ҳаққында жазылған жерлери жоқ деп айтады. Атақлы феминистлердиң бири, мысалы, мына сөзлер менен шығады: «Ҳаял еркекке тек ғана гүна ислегеннен кейин бойсынып баслады (Жарат 3:16). Жаратылыс Китабын оқысақ, оның ишинде ҳаял еркекке бойсыныў керек деп айтылған астарлы сөзи де жоқ».

Феминизмге қарсы адамлар бундай тастыйықлаўға қосылмайды. Олар еркек басқарыў ҳәм ҳаялдың бойсыныў концепциясы Жаратылыс Китабының 2-бабында баянланған деп ойламақта. 3-бапта гүна ислеўи керек ҳаялды басқарыў ҳәм ҳүким сүриў жағдайын пайда еткен жоқ, ал оны бурмалап қойған. Жаратылыс Китабының 3-бабындағы үш тийкарғы мәселелерди көрип шығайық.

***Жынысый өз ара қарым-қатнаслар ҳаққындағы сораўлар бойынша тартыстың барлық тәрепдарлары гүна ислеў ер ҳәм ҳаял арасындағы қатнасықларды жаман тәрепке өзгерткени менен келиседи.***

## 1. Ҳаўа ененің азғырылыўы

Шайтанның баста еркекке емес, ал ҳаялға сөйлегени тосаттан келип шыққан жоқ. Алдаў ҳәм өтирик сөйлеў бойынша үлкен шебер болғаннан кейин, ол адамларды алдаў ушын ең жақсы жолды табыўға урынды. Қудайдың жынысларға арналған жобасын билип турып, ол еркекке қарағанда ҳаялды тезирек азғыртыўға болатуғынын түсинди ҳәм ҳақ болып шықты.

Ҳаял өзин шайтанның алдағанын Қудайға тән алады (3:13). Сөйтип шайтан өз жаўызлығын ҳаялға қаратты ҳәм

соның менен жақсылық ҳәм жаманлық терегиниң мийўеси ҳаққында Қудайдың сөзине гүманландырды ҳәм бул ерли-зайыплы жуптың қарым-қатнас тәртибин бузды, бул тәртип болса-еркек басқарыўшы, ҳаял жәрдемши болыўды талап ететуғын еди. Немец уламасы Вернер Нойер өзиниң пикирин былай билдиреди: «Соның ушын гүна ислеў бул тек адамзаттың Қудайға қарсы турып шыққаны емес, ал сондай-ақ Қудай тәрепинен еркек ҳәм ҳаял арасында қойылған тәртиптен бас тартыўы».

## 2. Ҳаўа ененин жазаланыўы

Гүна ислеп, Ҳаўа-ене барлық ҳаялларды ана ҳәм ҳаялдың ролин кеселликлерде ҳәм азап шегиўде атқарыўға алып келди (3:16). Ҳаўа-ененин жазасының биринши бөлеги оның ана ўазыйпасына тийисли. Қудай былай деди: «Ҳәмледар ўақтында сениң азабыңды көбейтип қояман ҳәм өз балаларыңды азап шегип туўасаң» (3:16).

Жазаның екинши бөлеги неке қурған ер-зайыплылардың қатнасықларына тийисли: «Күйеўиңе ҳәўесли боласаң ҳәм ол сени басқарады». Басқаша айтқанда, усы еки сөзден («ҳәўесли болыў» ҳәм «басқарыў») жынысый урыс деп аталған нәрсе басланады. Берилген үзиндиниң ишинде «ҳәўесли болыў» ҳәм «басқарыў» деген сөзлериниң анық мәнисин түсиниў қыйын. Әсиресе, ол «ҳәўесли болыў» деген сөзге тийисли. Бирақ «ҳәўесли болыў» ҳәм «басқарыў» деген сөзлердиң мәниси қаншелли тереӊ болса да еркеклердиң ҳәм ҳаяллардың қарым-қатнаслары бузылып кетти ҳәм ҳаяллар еркеклерге қарағанда көбирек азап шегеди. Бул азаплар исленген гүнаны жазалаў ушын жиберилген болса да ҳәм бул заманның ақырына дейин таўсылмаса да, Коттрелл «бизлер оларды өлимдей, үндемей қабыллаўымыздың кереги жоқ» — деп айтқаны дурыс.

## 3. Адам-атаның жазаланыўы

Қудай жерди Адам-атаның гүнасы ушын нәлетледи. Инсан өз нанын тек қыйын ҳәм азаплы мийнети менен табыўы мүмкин. «Ҳаялдың жазасы оның ҳаял ҳәм ана болыў ўазыйпасының тийкарына тийген, еркектиң жазасы

болса, оның жумысы, ислеп жүрген ислери ҳәм аўқат табыў ўазыйпасын, демек, еркектиң өмирин ең тийкарғы тамырына урды».

Ҳәм соңында ең әҳмийетлиси. Адам-ата өлип, топыраққа қайта оралыўы керек еди. Ҳаўа-ене Адам-ата менен бирге бул өлим жазасын бөлисип алды. Ҳаўа-ене бул жазаны Адам-ата менен бирге алғанының себеби, ол биринши шаңарақтың есабына киретуғын еди. Адам-ата болса, Қудай тәрепинен бул шаңарақтың басшысы етип қойылған еди. Оның басқарыўы төмендеги факт пенен дәлийлленеди: гүна ислегеннен кейин Қудай Өз сораўларына жуўап қайтарыўға биринши гезекте Адам-атаны шақырды, Ҳаўа-енени емес, ҳәтте, ҳаял биринши болып гүна ислегенде де (3:9-қа қараң). Оннан басқа адамның басқарыў роли бул жуп «Адам-ата ҳәм оның ҳаялы» деп аталғанын белгиледи (3:8). Қудай көрсеткен тәртип бойынша Адам-ата биринши еркек, биринши шаңарақтың ҳәм пүткил адамзаттың басшысы болып қойылған еди (Рим 5:12; Коринф. 1-хаты 15:22, 45).

Солай етип, Жаратылыс Китабының 1 ҳәм 2 бапларында айтылыўы бойынша еркек ҳәм ҳаял Қудайдың көринисине ийе болғаны ҳәм уқсағаны ушын тең, бирақ олардың атқаратуғын роллери ҳәм ўазыйпалары ҳәр қыйлы. Ески Келисимниң қалған бөлеги гүнакар дүньяда бул айырмашылықлар қалай шығатуғынын көрсетеди.

- Ески Келисимдеги ең атақлы басқарыўшы — еркеклер. Булар Нуҳ, Ибрайым, Аюп, Ысақ, Яқып, Юсуп, Муўса, Харон, Ешуа Набин, Саул, Самуил, Даўыт, Сулайман, Ездра, Нехемия, Ийшая, Даниел, Езекил, Еремия.
- Қоңсы халықлар дининде ҳаяллардың руўханий болыўы кең ен жайған қубылыс болыўына қарамастан, Израилде тек ғана ер адам руўханий бола алатуғын еди. Яҳудий ҳаял ушын руўханий болыў ҳеш бир жағдайда да мүмкин емес еди. Израилде я ҳаял-қудайлар, я өзин пидә қылыўшы ҳаяллар болған жоқ

ҳәм усы тәрепи бойынша израиллилердиң басқа халықлардан айырмашылығы бар еди.

- Тахтын зорлық жолы менен ийелеген Гофолияны есапламағанда, барлық Израилдың патшалары еркеклер еди.
- Дерлик барлық пайғамбарлар еркек затынан болған ҳәм бизлер елеге дейин ҳеш бир ақсақал ҳаялды танымаймыз.

Бирақ соған қарамастан, бәрибир ҳаяллар Қудай халқының Ески Келисимдеги тарийхынан шығарылған жоқ. Ҳаяллар Қудай менен сөйлесетуғын еди ҳәм олардың дуўаларына жуўап беретуғын еди. Олар руўханийлер арқалы Оған қурбанлық етип дуўа ететуғын еди. Ески Келисимнен бизлер көп берекетли, батыр ҳәм салмақлы, таң қаларлық күшке, даналыққа ҳәм билимге ийе болған ҳаяллар туўралы билсек болады ҳәм мысалы, Қудай Ибрайым менен келисим жасағанда, Сара бул ўақыяда жүдә әҳмийетли роль ойнайды. Ребекка, Раҳила ҳәм Лия өзлериниң күйеўлеринен кем атақлы емес. Бирақ, бир-бирине шын сүйиспеншилик ҳәм пидайылық көрсеткени менен бул жуптылардың ишинде рейимсизлик ҳәм бир-биринен басым болыў қәлеўлери пайда болатуғын еди.

Ески Келисимдеги ҳаяллардың тийкарғы роли-бул ана ҳәм ҳаял болыў. Ҳаял ҳәм ана болыўдың уллылығы мақталады, мысалы, Сулайманның нақыл-мақал китабында: «Ким берекетли ҳаял табады? Оның баҳасы меруўерттен де қымбатлырақ...» (31:10). Бирақ ҳаяллардың жәмийетлик сахнаға шыққан жағдайлары да болған. Мысалы, бир қанша ҳаяллар жәмәәттиң есиги астында «хызмет етип туратуғын еди», биразлары пайғамбар болған (Шығыў 38:8). Дебора — пайғамбар ҳәм Израилдың қазысы болған. Мәрийам-пайғамбар, Израилдың ҳаялларының жетекшиси болған.

Ески Келисим ҳаялдың өмирин романтик ҳәм әжайып етип сүўретлемейди. Бизлер анық ҳақыйқый адамларды көрип атырмыз. Ески Келисимде полигамияның (көп

қатынлы болыў) ҳәм патшалардың гаремлериндеги қатал нызамлары туўралы айтылған. Жынысый қатнасықлар ишинде де еки жүзли болған жағдайларды көп таба аламыз (Жарат 38:11-26). Оларда еркеклер өз қатынларын қәлеген ўақтында таслап кететуғын еди, бирақ ҳаяллар күйеўлерин ҳеш қашан таслап кетиўге болмайтуғын еди. Сондай қылықларды Қудай Малахия пайғамбардың сөзлери арқалы қатал түрде ҳүким етти (Малах 2:13-16). Жуўмақлаў ушын Вернер Нойердиң сөзлерин келтириўге рухсат етиң:

> Бул мысаллар бизлерге және бир мәрте Ески Келисим ўақтындағы ҳаяллардың қәдирленбегенлигин ҳәм ҳуқықларының қысылғанлығын көрсетеди. Соған қарамастан, Ески Келисимдеги гуўалықлар бойынша ҳаялларға ҳүрмет пенен қараў көрсетилгени менен бизлер төмендегини айтыўымыз керек (Доллердиң пикиринше): «сол заманда басқа халықлардың ҳаялларына қарағанда Израилде ҳаяллар жетерли дәрежеде бийик орынды алатуғын еди».

Ески Келисимниң тәлийматын жақсы үйренип болып, бизлер Жаңа Келисимдеги жыныслар арасындағы қарым-қатнаслар тәлийматына өтсек болады деп ойлайман.

## 1-бапқа сораўлар

1. Изертлеўимизди Ески Келисимнен баслағанымыздың бир қанша себеплерин келтириң.
2. Сиз Жаратылыс Китабының баяны тарийхый көзқарастан анық ҳәм ҳақыйқый деп аталғанына исенесиз бе?
3. Жаратылыс Китабының ишинде (1:26-28) қандай әҳмийетли тийкарлар бар? Неге бул ҳақыйқатларды изертлеўимиз ушын әҳмийетли деп айтамыз?
4. Жаратылыс Китабының 2-бабы масихый феминистлердиң пикиринше, нени үйретеди?
5. Сиз жынысый роллер ҳәм қарым-қатнаслар ҳаққындағы айтыста, Адам-ата биринши болып жаратылған фактының

ҳеш қандай әҳмийети жоқ деп айтып атырған адамға не айтар едиңиз?

6. «Мухаддес Жазыў өзин-өзи түсиндиреди» деген гәп нени аңлатады? Изертлеўимиз ушын Мухаддес Китапты талқылаўдың усы принципи не ушын айрықша әҳмийетли?
7. Жаратылыс Китабының 1:26-28 ҳәм 2:7-24-ты оқып шығың. Қудай ҳаялды не ушын жаратқанын айтып бериң.
8. Жаратылыс Китабының 2:7-24 оқың. Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене қандай өмир таңлаўларында тең болып жаратылғанын түсиндириң.
9. Жаратылыс Китабының 2-бабында айтылғанының ишинде Адам-атаның биринши шаңарақтың басшысы болыў керек деген фактын анықлайтуғын қандай аятлар айтады?
10. Гүнакар болыў деген не? Жыныслардың арасындағы машқалалар мәселесин түсинип ҳәм оның шешимин таппақшы болсақ, неге адамзат ислеген гүнаның салдарын да түсиниў керек?
11. Мына гәптиң мәнисин өз сөзлериңиз бенен түсиндирип бериң: «Адам-ата биринши инсан, биринши шаңарақтың ҳәм пүткил адамзаттың басқарыўшысы еди» (Рим 5:12; Коринф 1-хаты 15:22, 45).
12. Ески Келисимниң айтыўы бойынша қандай басқарыў ҳәмеллери тек ғана еркеклерге тән болған?
13. Еркеклер ҳәм ҳаяллар қатнасында Қудайдың жобасына Ийса Масихтың атанақ ағаштағы көрсеткен ерлиги қандай тәсир етип атыр?
14. Сиз усы баптың ишинен сол мәселелердеги өз пикириңизди анықлаў ушын таза мағлыўмат алдыңыз ба?

# II

# ИЙСА МАСИХ ӨЗ ЖӘМӘӘТИНИҢ ЖЕТЕКШИЛЕРИН ЕРКЕКЛЕРДЕН САЙЛАЙДЫ



Усы қыйын мәселени түсиниў ушын Жаратылыс Китабы үлкен әҳмийетке ийе екенлигин билмедим. Енди нени изертлеймиз, Павелдиң хатларын ба? — деди Том.

— Яқ, енди бизлер Ийса Масихтың Өзи туўралы сөйлесемиз. Оның ер жынысына тийислилиги ҳәм Оның он еки еркек-елшилерди сайлағаны ҳаққында.

— Бул сораўлар расында да әҳмийетли деп ойлайсыз ба?

— Том ҳәр бир масихый адам Ийсаны Ийем деп қабыллайды. Соның ушын масихый адамға усы бизлерди қызықтыратуғын мәселениң ишиндеги Ийса Масихтың жеккелигинен әҳмийетли нәрсе жоқ. Ийса еркек болып туўылған ҳәм дуўа етиўи арқалы Өзиниң он еки шәкиртлерин еркек затынан сайлаған факты жүдә әҳмийетли.

— Бизиң колледждеги бир қанша профессорлар Ийсаның ер жынысына тийислилиги ҳәм он еки еркек елшилер сайлаған фактлары Мухаддес Китапты талқылаў көзқарасынан ҳеш қандай мәнисин белгилемейди деп айтады. Олар бул сайлаў I әсирдеги үрп-әдетлери ҳаялға ўаз айтыўға ҳәм басқарыўшы ҳәмеллерди алыўға имканият бермейтуғынлықтан болды. Сол себепли Ийса жәмийеттиң пикири менен есапласыўға мәжбүр болды деп айтады.

— Бирақ бул Ийсаның намысына тийеди! Ийса Хош Хабарда пүткиллей қорықпайтуғын Адам болып сүўретленген. Ол адамларға олардың бурынғы ойларды өзгер-

тип, жаңа тәлийматты усыныўға қорықпады. Гүнакар жәмийеттиң тәсирине түскен жоқ ҳәм сол әҳмийетли тарийхый заманда ҳаялдың абырайын төкпеди.

— Жақсы сөзлер.

— Том, Ийса Масих Өз Жәмәәтине еркек басқарыўшыларды берди. Ийсаның ер жынысқа тийислилиги ҳәм оның он еки елши еркеклерди нийетли сыйлаўы Қудайдың бас жобасы менен анықланған еди, ол бизлерге Жаратылыс Китабының 2-бабында ашылады.

— Аўа, ол жүдә әҳмийетли екен.

— Тап сондай. Ырасын айтқанда, өткен еки мың жыллықта бул еки ўақыя Масихтың тәрепдарларына үлкен тәсир етип атыр. Бул тәсир елеге дейин жүз миллионлап католиклер, диншиллер, англиканлар, консервативлик протестантлар арасында сезиледи, олар өзлериниң жәмәәтлеринде басшы орынларға тек ғана еркек адамларды қояды. Соның ушын Ийса ер жынысына тийислилигин ҳәм он еки еркек-елши сайлаған фактлары менен жақынырақ танысайық.

## А. ИЙСА ЕРКЕК БОЛЫП ТУЎЫЛЫЎЫ КЕРЕК ЕДИ

Ийса Масих Өзиниң ишинде еки тәбиятты бириктиреди: қудайлық ҳәм адамлық. Соған қарамастан, Ол Жеке Адам. Пүткиллей Адам болып, Ийса Масих я еркек, я ҳаял болып туўылыў керек еди. Ол бул дүньяға Қудай қызы емес, еркек түринде Қудай баласы болып келди.

Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлер Ийса Масихтың бул дүньяға еркек болып келгенин өмирдиң талабы еди деп айтады. Егер де Ол ҳаял болып келген жағдайда I әсирдиң мәдений шәртлери Оған ўаз айтыўға ҳәм адамларды басқарыўға рухсат бермес еди деп айтады. Феминистлердиң Қудай сөзин талқылаў тийкары ушын Ийсаның пүткиллей Адам болған факты жүтә әҳмийетли. Бирақ олардың көз-қарасынан Оның ер жынысына тийислилиги ҳеш қандай мәни билдирмейди.

**Ийсаның ер жынысқа тийисли болғанына феминистлердиң көз-қарасы**

Ребекка Грутхайс былай деп жазады: «Тарийхый жағынан ҳәм мәдений жағдайды есапқа алып, Қудай еркек түр-түсинде келип шығыўы шәрт еди. Бирақ Қудай я еркек, я ҳаял жынысына тийисли емес, Оның образы болса еркеклерге де, ҳаялларға да тең дәрежеде сәўлеленген, сондай уламалық көзқарастан Қудай еркек болыўы шәрт емес еди». Кейин ол және былай дейди: «Ийсаның ер жынысқа тийислилиги керекли ҳәм әҳмийетли факт деп айтсақ, сонда бизлер Ийсаның ҳаяллар ушын қутқаратуғын қурбанлығына гүман келтиремиз».

Соған уқсап, Гордон-Конуэлл руўхый семинариясында Жаңа Келисим бойынша лекция оқыйтуғын профессор Аида Безансон Спенсор былай дейди: «Қудай ҳақыйқатында да бул дүньяға еркек болып келди, бирақ әўели Ол Адам-ата болып келди, болмаса, ҳаялларға қарағанда қутқарылыў көбинесе еркеклерге таярланған болар еди».

Бирақ Ийсаның еркек болып туўылыўы тосаттан емес. Ол Мухаддес Китап көз қарасынан да, уламалық талқылаў көз қарасынан да жүдә керекли болды. Мухаддес Китап Оның жынысы ҳәм Оның жынысына қойылған талаплары ҳаққында үндемей турған жоқ. Ийса тек ғана Адам болып емес, ал еркек болып туўылыўы керек еди, әйне биринши бала еркек, еврей, анық белгиленген шаңарақтан ҳәм белгиленген руўынан шықты. Коттрелл бул ҳаққында былай деп жазады: «Бул факттың әҳмийети Мухаддес Китаптың басынан баслап оның ақырына дейин, Жаратылыс Китабынан баслап Аян Китабына шекем айтылады ҳәм анықланады. Қудайдың қутқарылыў жобасы бойынша Ийса Масих Ҳаўа-ененинң емес, ал Адам-атаның нусқасы болып табылады». Қудай сөзин талқылаўшы бир адам былай деп жазады: «Адам-ата да, Ийса да бул дүньяға Қудайдың

айрықша ҳәрекети арқалы келди. Олар екеўи де дүньяға гүнасыз келди, екеўи де Қудай оларда көрген адамлардың ҳуқықлары бойынша жасады... Адам-ата, Ҳаўа-ененин күйеўи болғаны сыяқлы, Күйеў бала Өз жәмәәтине Келинге қатнаслы болып турғанды аңлатады».

Жаңа Келисим Адам-атаны: «келешектиң образы» деп атаған. «Образ» деген сөз бул жерде «киятырған заттың белиси» деген мәниске ийе. Ески Келисимдеги жеке адам ҳәм ўақыя деген сөзлер Жаңа Келисимниң жеке адам ҳәм ўақыя деген түсиниклерине тең. Адам-ата, мысалы, Ийсаның бас образы еди. Ийса-бул «кейинги Адам ҳәм екинши адам» (Коринф 1-х 15:45, 47). Биринши Адам өзи оған белгиленген жумысын ислей алмады, бирақ кейинги Адам иследи. Адам-ата пүткил адамзаттың басшысы болғандай, Ийса жаңа адамзаттың басшысы болды. Соның ушын Ийсаның еркек болып туўылыўы кереклигин бийкарлаў Қудайдың қутқарыў жобасын бурмалайды. Феминистлер тәрепинен Ийсаның еркек болып туўылыў шәртлигин мойынламағанлығы шынтлап тәлийматтың бурмаланыўына алып келеди.

Ийсаның ер жынысқа тийисли болғаны менен бир қатарда Оған Қутқарыўшы болыўға қойылатуғын басқа шәртлер де бар. Мысалы, Ийса «Қутқарылыў яҳудийлерден» деп үйрететуғын еди (Юхан 4:22). Соның ушын Ол яҳудий болып туўылыўы керек еди. Және Ол шәртли түрде Ибрайым ҳәм Даўыттың урыўынан келип шыққан шаңарақтың биринши баласы болып туўылыўы керек еди, себеби Ол заң бойынша Қудай ўәделериниң мийрасхоры, ҳақыйқый урпақ болып шығыўы керек еди. Ол ҳаял — патша емес, Израилдың ҳақыйқый Патшасы, ҳаял қудай емес, ҳақыйқый Қудай, Қутқарыўшы, Күйеў бала, минсиз болған Күйеў ҳәм Қутқарылыў байрамының Қозысы болыўы керек еди.

***Ийса Масих тек ғана Адам болып емес, ал еркек болып туўылыўы керек еди.***

«Ийса Масих ер жынысқа тийисли болғанында ҳәм Оның Мухаддес Китапта тек ғана ер атлары менен аталыўында ҳәм ролинде айрықша қойылған пәт бизлерге Қудай бул дүньяны қуры Адам емес, ал ер Адам арқалы қутқаратуғын ой-пикирин анық дәлийиллейди. Бизлер Оны ер жыныстың ўәкилиндей тән алып жүргенимиздиң факты төмендегини белгилейди. Оның жынысый тийислилиги тек ғана мәдений дәстүрлерин пәске қайтыўы деп есаплаўға болмайды».

Буннан басқа, Ийса Масих Қудайдың ең толы ашылысы. Ол денедеги Қудай. Соның ушын Ол еркек түринде келиўи керек еди. Мухаддес Китаптағы Қудай Өзин тек ғана ер жынислы образлар, анықламалар ҳәм алмасықлар арқалы ашады ҳәм анықлайды. Бул мәдений дәстүрлериниң салғырты емес, себеби әййемги Жақын Шығыстың ҳәм Орта теңизлик патриарх мәдениятында көплеген ҳаял-қудайлар бар еди. Мине бир неше мысаллар: Мысырдағы Исида қудайы, ески дүнья бас қудайларының бири; Ханаандағы Астарта қудайы, Бабилондағы Иштар қудайы, грек Артемида ҳәм Афродита (римлилердиң Венерасы) тәңирлери, римли қудайлардың патшасы Юнона. Ҳаял жынıслы қудай бурынғы заманның адамлары ушын кемситилген деп есапланбады. Соған қарамастан Ийса ер жынысына тийисли болғаны сол заманның мәдений дәстүрлерине қайыл болыўы емес. Демек, яҳудий ҳәм масих динлери монотизм (бир қудайға исениў) болғанлықтан ески дүньяның ең айрықша динлер болған яҳудийлер ҳәм масихыйлардың Қудайын анықлайтуғын образлар ҳәм анықламалардың дерлик барлығы ер жынıслы еди.

Мухаддес Китаптағы Қудай — бәрҳа Ол деп ҳаял жынысында емес, ал ер жыныста айтылады. Ол ана емес, ал Әке. Мухаддес Китаптағы үш бирлик Қудайымыз-бул бизиң Ийемиз, Патша, Устаз, Күйеў, таңлаған халықтың Қутқарыўшысы ҳәм Ийемиз Ийса Масихтың Әкеси. Ийса Масих Өз шәкиртлерине Қудайға Әке деп айтыўды үйретти. Ол шәкиртлерине Аспандағы Анамыз... деп емес, ал Аспандағы Әкемиз... деп дуўа етиўге үйретти. Қудай Әке қуры әке сыяқлы емес, Ол-нағыз Ул. Бул атларды тек

ғана адамларға унамағаны ушын өзгертиўге болмайды. Мухаддес Китап бизлерге Ийса келип шыққан Қудай ҳәм Қудайдың бас ашылысы, бул дүньяға еркек түринде келиўи керек еди деп айтады ҳәм соның дәлийллерин келтиреди.

***Мухаддес Китаптағы Қудай — бәрҳа Ол деп ҳаял жынысында емес, ал ер жыныста айтылады.***

Ал eң кейнинде егерде сиз Ийсаның еркек болып туўылғаны шәрт болғанына гүманлансаңыз, онда Ийса Масих Өзи сайлап, бул дүньяға хызмет етиўге қойған елши Павелдиң сөзлерине қулақ салың:

«Ҳаялдың тәлим берип, ер адамды басқарыўына рухсат етпеймен. Себеби дәслеп Адам-ата, соңынан Ҳаўа-ене жаратылды» (Тимофей 1-хаты 2:12-13). Сондай-ақ, оның Коринфлилерге жазылған 1-хатындағы руўхланған тәлийматына дыққатыңызды аўдарың: «...ҳәр бир ер адамның басшысы Масих, ҳаялдың басшысы күйеўи, ал Масихтың басшысы-Қудай» (Коринф 1-хаты 11:3). Буннан басқа елши былай дейди: «...ер адам Қудайға усатып, Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди» (Коринф 1-хаты 11:7). Ийсаның ҳаял болыўы мүмкин емес еди, себеби ҳаял болғанда Ол Өзиниң еркек шәкиртлерин басқара алмас еди. Қудайдың жаратылыў жобасы бойынша әйне ер адам басқарыўшы болыў керек. Солай етип, Жәмәәттиң басшысы Ийса Масих, ер адам.

**Қудайдың халқында ҳаял тәңирлер жоқ**

Қудай орташа жыныста ҳәр қыйлы көринислер, анықламалар ҳәм алмасықлар арқалы ашылып, Өзин таныстырыўға болатуғын еди. Бирақ Ол ондай ислемеди. Ол-Жеке адам ҳәм Өзине сәйкес жаратылған адамлар менен жеке қатнасықларды орнатпақшы. Айырым ўақытлары Қудайды минезлеў ушын Му-

хаддес Китапта ҳаял образлары да қолланылады (Ийшая 49:14-15, 66:13-қа қараң). Бирақ ол тек ғана салыстырмалар, сөздиң түри. Бир затты басқа биреўге уқсатқанда қолланылатуғын сөзлер. Мысалы, Ийшая пайғамбардың Китабында былай жазылған: «Мен көп ўақыттан бери үндемедим, шыдадым, өзимди бастым, енди туўып атырған ҳаялдай бақыраман...» (Ийшая 42:14). Бул жағдайда Қудайдың Өз халқына қаратылған бақырысы, туўып атырған ҳаялдың бақырғанына уқсайды. Бирақ бул аяттағы Қудай туўып атырған ҳаял ямаса әпиўайы ҳаял деп айтылған жоқ. Мухаддес Китаптың бир қанша басқа жерлеринде де салыстырыў ушын сондай образлар келтирилген. Мысалы, өз сезимлерин ҳәм ис-ҳәрекетлерин сүўретлеў ушын Муўса ҳәм Павел туўып атырған ҳаялдың ямаса ғамхор бала емизиўшиси, бала бағыўшы образларын келтиреди (Галат 4:19, Салоника 1-хаты 2:7, Санлар 11:12, Юхан 16:21-22-қа қараң). Ийса да Өзиниң сайланған халқын қорғаў тилегин шымшықларды қанатының астына жыйнайжақ болған қустың тилеги менен салыстырады (Матта 23:37). Бирақ бул салыстырмаларды сол еркеклер ҳақыйқатта ҳаяллар екенлигиниң гүўалығы деп айта алмаймыз. Уильям Маузердиң «Мухаддес Китапта ҳеш қандай ҳаял-қудай жоқ» деп айтқаны дурыс.

## Б. ИЙСА ӨЗ ЕЛШИЛЕРИ ЕТИП ОН ЕКИ ЕРКЕКТИ САЙЛАЙДЫ

Бул дүньяға хызмет етиў даўамында Ийса Масихтың Өзи «елшилер» деп аталған он еки ер адамларды хызметке шақырып таярлады (Лука 6:13). Оларды таңламастан алдын, Ийса түни менен Өз Әкесине дуўа етип отырды. Лука жазған Хош Хабардың 6-бабында оқыймыз:

**6:12** Сол күнлери Ийса дуўа етиў ушын таўға шықты ҳәм түнди Қудайға дуўа етиў менен өткизди.

**6:13** Таң атқанда, Өз шәкиртлерин жанына шақырып алып, арасынан он екисин таңлап алды да, оларды «елшилер» деп атады.

**Ийса Масихтың елшилери**

«*Елши*» деген сөз биринши рет Қудай тәрепинен айрықша таңланған он еки шәкиртлери ушын қолланылған, және олар «он еки» деп аталған еди (Лука 6:13-қа қараң). Apostolos деген грек сөзи «елши» деген мәнисти билдиреди. «Елши» деген сөздиң сол мәнисин дыққатқа алып, Ийса он еки еркекти Өзиниң елшилери етип белгилеп қойды, десек болады (олар өз қәлеўи менен болған жоқ). Олар Ийсаның рәсмий елшилери эмиссарлары (жиберилген адамлар), хабаршылары болды. Олардың барлығы Ийсаның толық ҳуқықлы ўәкиллери, адамларға Оның тәлийматын алып барыўшылар, Ол тәрепинен таңланған муғаллимлер, Мухаддес Руўх пенен толтырылған, қорғалған ҳәм жүрген жолларында басқарылған. Усы жерде жасаған ҳәм Өзиниң хызмети ўақтында Ийса елшилерине мынаны жәриялады: «Сизлерге және де айтатуғынларым көп, бирақ ҳәзир сизлер көтере алмайсызлар. Бирақ Ол яғный, Ҳақыйқат Руўхы келгенде, сизлерди ҳақыйқат жолына алып барады» (Юхан 16:12-13, Юхан 14:25-26, 15:26-27, Елшилер 1:1-3-қа қараң).

Елшилер Ийсаның сөзлерин Мухаддес Руўхтың күши менен айтатуғын еди, сол себепли Юхан менменсимей, өзин алдамай былай айтыўға туўра келди: «Кимде ким Қудайды билсе, бизлерди тыңлайды. Ал кимде ким Қудайдан болмаса, бизлерди тыңламайды. Ҳақыйқат Руўхы менен жалған руўхты усыннан билемиз» (Юханның 1-хаты 4:6).

Қудай Әкесине пүткиллей бағынып ҳәм Өз еркине Оның бойсындырып, Ийса он еки еркекти сайлады ҳәм олар Оның елшилери, демек, хабаршылары болып бел-

гиленди. Солай етип. Бул адамлар Қудай-Әке тәрепинен де сайланды десек те болады. Ийса күшли дуўа етип, Ески Келисимде жазылған тийкарларға ҳәм Қудай-Әке басқарыўына сүйенип сол ерлерди Өз елшилери қылыўға шешим қабыллады. Оның сайлаўы I әсирдеги мәдений дәстүрлеринен қорққанынан келип шыққан жоқ, сол дәстүрлери бойынша қуры еркеклер жәмийетте басқарыўшы орынларды алатуғын еди.

Ҳәтте Ийса тирилип, аспанға көтерилип кеткеннен кейин он еки елшилердиң санынан шығып кеткен Яҳуда Искариоттың орнына басқа адам қойыў керек болғанда, тек ғана еркеклердиң кондидатуралары қаралды (Елшилер 1:21-қа қараң). Еки еркектиң арасында Юсуп ҳәм Матияс, тирилген Ийсаның Өзи шек таслаў арқалы кейингисин сайлады. Еки жылдан кейин Дамаск жолында тирилген Ийса Масих Саул деген кисиге келип, оны басқа миллетлердиң елшиси болыўға белгилеп қойды.

---

***Ийса Масихтың өмирин қалай дыққат пенен терең үйрениў ҳәм ол еркек-елшилерди таңлай отырып, Өз дәўириниң гүнакар, кең тарқалған руўх пенен толтырылған ер шовенизмниң үрп-әдетлерин бузаман деп қорқты деп болжаўға бола ма?***

---

Феминизмниң тәрепдарлары Ийсаның Қудай менен руўхланған он еки еркекти Өз елшилери етип қойған шешимин қабылламайды ҳәм Қудай усы жағдайда Өз заманының патриарх үрп-әдетлери менен келисе алған деп тастыйықлайды. Феминизмиң бир атақлы ойшылы былай жазады: Он екиниң санына ҳаял адамды киргизбегени, сол I әсирдеги мәдений үрп-әдетлерине ҳәм сол ўақыттағы әдеплиликтиң қағыйдаларына көниўи деп есапласақ қәте ме? Бирақ қалай Ийса Масихтың өмирин қалай дыққат пенен терең үйрениў ҳәм ол еркек елшилерди таңлай отырып, Өз дәўириниң гүнәкар, кең тарқалған руўх пенен толтырылған ер шовинизминиң

үрп-әдетлерин бузаман деп қорқты деп болжаўға бола ма? Тарийхый фактлер феминистлердиң көз қарасын бийкарлайды. Мухаддес Китап бизлерге Ийса туўралы не айтатуғынына қараң.

## 1. Ийса ҳеш нәрседен қорққан жоқ

Ийса үрп-әдетлерди бузыўға ямаса Өз заманындағы диний жетекшилерди өкпелетиўден қорққан жоқ. Ийса оларды батыл ҳәм исенимли түрде әшкаралайтуғын еди. Ол диний муғаллимлерди ҳәм парисейлерди соқыр басқарыўшылар, ақылсызлар, еки жүзлилер, байы өлген қатынлардың үйлерин тонайтуғынлар, пайғамбарларды өлтириўшилер, жыланлар ҳәм уўлы жыланлардың тұқымлары, ишлери еки жүзлилик пенен гүнаға толы адамлар деп айтқан еди (Матта 23). Өз өмирин қәўип астына қойып, Ол еки рет ибадатханадан алып-сатарларды қуўды. Ол руўханийлерди руўхый парызларын немқурайдылық пенен орынлаўында ҳәм адамларды өз пайдасы ушын езиўде айыплады.

Өз тәлийматында ҳәм хызметинде Ийса Масих заманының гүнәкар үрп-әдетлерине ийкемлеспеди. Керисинше, Ол Өз тәлийматын ҳәм жолларын жаңа шарап пенен салыстыратуғын еди, жаңа тәлийматын ески меске қуйыўға болмайтуғын еди, «олай етсе мес жарылып, шарап та ағып кетеди, мес те бузылады» (Матта 9:17). Демек, олай еткенде ески, сырты заңға толған раввинли яҳудий дининиң қурамы бузылып кетер еди. Мухаддес Руўхтың басқарыўына сүйенип ҳәм Ески Келисимниң пайғамбарларынан батыллырақ болып, Ийса «ақсақаллардың аңызларына» исенетуғын, Қудайдың сөзине қарсы шыққан ямаса Қудайдың заңларын бийкар еткен адамларды әшкаралайтуғын еди (Марк 7:1-23). Ийса бир неше рет шемби күни дем алысқа байланыслы үрп-әдетлерине қарсы шықты, Өзин шембиниң Ийесимен деп жәриялады. Тап сол сөзлер диний жетекшилерди Оған өлим ҳүкимин жәриялаў шешимине ийтермеледи.

Және де, Ийсаны белгили раввинлердиң үрп-әдетлерин бузғанлығы ушын да жаман көрип, өлимге берди.

Бирақ Ийсаның маўасасыз душпанлары да Оның бәрқулла ҳақыйқатты айтқанын мойынлады. Ол ҳеш заттан қорықпайтуғын еди, адамлардың бәрине тең қарады ҳәм ҳеш кимге: «Устаз: Бизлер Сениң әдил екениңди ҳәм Қудайдың жолын дурыс үйретип отырғаныңды билемиз. Сен биреўге жағыныў нийетиңнен аўлақ болып, ҳеш кимниң бет жүзине қарамайсаң...» — деп мәртбели сөйлемеди (Матта 22:16).

## 2. Ийса Өз заманындағы үрп-әдетлердиң тәрепдары болған жоқ

Ийсаның I әсирдеги адамлар келтирип шығарған үрп-әдетлери ҳәм аңызлары менен толтырылған Израилге усынған тәлийматының көлеми ҳақыйқатында да таң қалдырады. Ийсаның тәлийматы ҳәм Оның ҳаялларға көз қарасы жаңа ҳәм әдетлерден тыс болған еди. Ийса дәстүрге айланған еркеклердиң басымлығына шақырық таслаўда да, бул дәстүрлердиң қорғаўшылары менен айтысып қалыўға да қорқпайтуғын еди. Сонда адамлардың «Бул не? Бул қандай құдиретли жаңа тәлиймат? Оның буйрығына жаўыз руўхлар да бойсынады-ғой», — дегени дурыс. Мына затлар ҳаққында еслеп көрейик:

- Көп келтиретуғын Таўраттағы ўазында Ийса бәрҳа мына сөзлерди қайталайды: «...бурынғыларға айтылғанды еситкенсиз... Ал, Мениң сизлерге айтатуғыным...» (Матта 5:21-48). Мысалы, Ийса еркеклер ҳүрметлеген жеңил ажырасыўды қолға киритетуғын дәстүрге қарсы шықты. Ийса жасаған заманның еркеклери өз ҳаяллары менен әйтеўир нәрсе ушын заң бойынша ажырасып кетиўге болады деген пикирде болды, сол ушын олар ҳаялларға тек ажырасыў ҳаққында хат бериў керек еди. Бирақ Ийса бул дәстүрди бийкар етти. Пүткил ҳәкимшилик ийесиндей, Ол некениң дәслепки түрин ең басында болған түрде бир мәрте үйлениўди қайта тикледи, ерли-зайыптың бир-бирине садықлық ҳәм берилгенлик пенен қараўға тийкарланған, ал ажырасыў бир ғана

себеп пенен-неке ҳадаллығын бузыў себеби менен шекленеди (Матта 5:31-32, 19:3, 9).

- Тап сол ўазында Ийса: «Сизлер: «Неке ҳадаллығын бузбаң!» — дегенди еситкенсиз. Ал мениң сизлерге айтатуғыным: «ким деким басқа бир ҳаялға бузық нийет пенен қараса, ол әлле қашан-ақ кеўлинде оның менен неке ҳадаллығын бузған болады» (Матта 5:27-28). Өмирлери менен қанаатланған ҳәм тек өзлери менен бәнт болып жүрген диний жетекшилер ҳаял менен мақтанатуғын еди. Бирақ Ийса ҳаялға жаман нийет пенен қараса да адасып кеткен жүректиң гүўалары болады, сонлықтан сол нәрсе Қудайдың алдында адамды гүнәкар қылады. Сонлықтан, Ийса ер шовинизм сиңген дәстүрлерди тутып жүрген көп диний жетекшилерге шақырық таслады.
- Ийсаның ҳаяллар менен сөйлесиўи де күтә ҳайран қаларлық еди. Бир күни Ийса Өз шәкиртлерин күтә таң қалдырды. Ол бир самариялы ҳаял менен Қудай ҳақыйқаты ҳәм усы ҳаялдың руўхый ҳәм мораллық жағдайы ҳаққында узақ ўақыт сәўбетлести ҳәм сол менен орнатылған әдеплилик қағыйдаларының бәрин бузды (Юхан 4:9-27). Бул ҳаялдың гүўалығы арқалы көп адамлар Ийсаға келип, Оған тәўбе етти.
- Ийса Лазардың әжапасы Мәриямды руўхый жақтан дурыс жолын таңлаған ҳәм сергек болғаны ушын еки мәрте мақтады. Биринши рет-ол Ийсаның аяқ жағында отырып, Оның сөзин тыңлағанда, оның әжапасы Марта болса, қонақ күтиў менен бәнт болды (Лука 10:42). Ал, екинши рет-ол Ийсаның аяқларына әтир май қуйғанда, ҳәтте оның ислегенине сол ўақытта ҳеш ким итибар берген жоқ (Юхан 12:1-8).
- Бир ўақытлары Ийсаға садық болған ҳаяллар топары Ийса менен Оның шәкиртлерине өз мал-мүлки менен хызмет етип, Оны саяхатларында узатып жүрди (Лука 8:1-3). Сол ҳаяллар Ийемиз Ийсаны жақсы көрип, Оған көмеклесиў ҳәм хызмет етиў ушын бәрҳа қасында болыўды қәледи ҳәм Ийса олардың хызметлерин қуўаныш пенен қабыллайтуғын еди.

- Магдалалы Мәриям ҳәм тағы бир қанша басқа ҳаяллар Ийса Масихты Оның тирилгеннен кейин биринши болып көриў даңқына ийе болды. Және де, Ол Өзиниң тирилгени ҳаққында шәкиртлерине айтыўды ҳәм олар менен ушыраспақшы болғанын жәриялаўды ҳаялларға тапсырды. Магдалалы Мәриямның Ийса менен ушырасыўы Юхан жазған Хош Хабарында бул Жаңа Келисимниң ең тәсирли ўақыяларының бири (Юхан 20:1-18).
- Тирилген Ийемиз жәмәәттиң ағзаларына берилген жаңа ҳәм баслы буйрығында былай делинген: «...бир-бириңизди сүйиңлер! Мен сизлерди сүйгеним сыяқлы, сизлер де бир-бириңизди сүйиңлер» (Юхан 13:34). Қурбанлық ҳәм ҳақ нийетли масихыйлық сүйиспеншилик жыныслар арасындағы урысты мазмунсыз қылады. «Өз сүйиспеншилигин көрсетиў буйрығы арқалы, Ол қандай болса да ер өзимшелигин ямаса ҳаял хорлығын мәңгиге бийкарлайды. Ийса бизлерге бир ғана жол көрсетеди, усы жол менен барсақ, еркеклер ҳәм ҳаяллар арасында гүна кесиринен бузылған ҳәм бүгилген қатнасықларды тиклейди ҳәм шыпа береди».

***Ийсаның I әсирдеги адамлар келтирип шығарған үрпәдетлери ҳәм аңызлары менен толтырылған Израилге усынған тәлийматының көлеми ҳақыйқатында да таң қалдырады.***

## 3. Ийса ҳаяллардың күтиўлерин алдамады

Усы жерде жасаған өмири даўамында Ийса ҳаялларды ҳүрметледи, қорғады ҳәм жоқары қойды. Ол ер өзимшеллигинен ҳәм оның тәрепдарларынан қорққан жоқ. Бирақ буған қарамастан, Ол Өз елшилерин еркеклерден сайлады. Не ушын? Бул сораўға жуўап бериў жүдә әҳмийетли.

Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлер сол замандағы елшилерин ҳаял санынан таңлаўға ҳеш мүмкин-

шилиги жоқ еди деп айтады. Сол тарийхый шәртлеринде Ийса Өз елшилерин еркеклерден сайлап қойыўға мәжбүр болды, ҳәтте бул ҳәмеллерге ҳаялларды да қойыўға болатуғын еди деп айтады. Феминист талқылаўшылардың айтыўы бойынша Қудай усы замандағы патриарх Ески Келисимдеги үрп-әдетлерин есапқа алып, Өз сөзин адамларға түсиникли ҳәм қабыллаўға аңсатырақ болсын деп жеңиллетиўге мәжбүр болды.

Солай болса да, онда Қутқарыўшымыз бул дүньяға денедеги Қудай болып келсе де, ол және сөзинен қайтып ҳәм сол заманның ер басшылығы үрп-әдетлерине көнген болғандай көринеди. Феминистлер Ийса ҳаял-елшилерди таңлап, ақсақалларды өкпелеттириўге бел байлай алмады деп ойлайды. Бул көз қарасқа разы болсақ, сонда Жаратылыс Китабының 3-бабында жазылған буйрықларды Ийсаның Өзи бийкар етип, нәлетти ала алмас еди!

Бирақ Мухаддес Китап бойынша айтады Ийса бул дүньяға, анығырақ айтсақ, яҳудийлердиң дүньясына Қудай менен белгиленген күни ҳәм ўақты келди (Галат 4:4). Демек, егер ол улыўма мүмкин болса, бул ўақыт ҳәрекет етиў ушын ең қолайлы ўақты еди ҳәм ҳаялларды елши етиўге Ийсаның толық ҳуқықы ҳәм ҳақысы бар еди. Егер Ийса буны сол ўақытта ислей алмаған болса, онда қай ўақытты оннан қолайлырақ деп есапласақ болады? Қашан жәмийетимиз ҳаял-елшилерди қабыллаўға таяр болып турар еди? 1848-жылы Нью-Йорктағы Сенека-Фоллз болып өткен ҳаяллар ҳуқықлары бойынша I конференциясында ма? Ямаса 1949-ж Симона де Бовуардың «Екинши жыныс» деген китабы шыққанда ма? Мүмкин, батыстағы исенбеўши жәмийет сол қолайлы ўақыт қашан келетуғынын билип, Ийсаға сөйлеўге рухсат беретуғын ҳақысы бар деп ойлай ма?

Егер феминистлердиң айтыўы бойынша Ийса Өзиниң Қутқарыўшы қурбанлығы менен еркеклер ҳәм ҳаяллар арасындағы жынысый айырмашылықларды өширмекши болғанда, оларды ҳаяллардан таңлаў мүмкин болғанда, онда он еки елшисин таңлаған ўақты тарийхта ең қолайлы ўақыт деп есаплаўға болады. Елшилик хызмети Жәмәәттиң тийкарғы хызмети еди ҳәм Ийсаның тәрепинен он

еки елши таңлағаны оның тарийхына үлкен тәсир қылды. Соның ушын он екисин таңлаўы Израилде орнатылған ер басшылық басқарыў қурамасын бузыў ушын ең қолайлы ўақыт еди. Бирақ Ийса буны ислемеди. Ол еркеклердиң басқарыў дәстүрин даўам етти.

Өз таңлаўының барлық нәтийжелерин Ийса (Әке сыяқлы) жақсы түсинетуғын еди. Оның он еки елшилери Яқыптың он еки балалары, Израилдың он еки руўы менен байланыс ҳалқасы болды (Аян 21:12-14). Он еки еркекти сайлаў, бул өткен күнлер деги еркек басқарыў дәстүрлериниң даўамы болды. Ол келешекте де еркеклердиң алдыңғы орынларды алатуғынын белгиледи, себеби он еки елши-еркеклердиң атлары Жаңа Ерусалим мәңги қаласының он еки тийкар тасында жазылып турады (Аян 21:14).

Егер Ийса жыныслардың тең ҳуқықлығының бас тәрепдары болса, биреўлер Оны сондай етип көрсетпекши екен, Ол сөзсиз ҳаялларды тарийхтың ең әҳмийетли ўақтында алдап кетти. Егер Ийса ҳаялларды «азат етиўши» ҳәм олардың ҳуқықлары ушын гүресиўши деп есапланса, онда Ол алты еркек-елши ҳәм алты ҳаял-елшилерди сайлап қойыўы керек емес пе еди? Қулласы ҳаял-елши ҳаялларға хызмет етер еди.

Ақыр-ақыбетинде, бизлер өзимизге мынадай сораў қойыўымыз керек: Ийса ҳаялларды елши етип қойғаннан кейин Оны қуўғын қылады деп қорққан ба? Сол ўақытта Оның «таң қалдыратуғын» тәлийматын ҳәм жүрис-турысын сирә қуўдаламайтуғын еди. Коттрелл былай жазады: «Адамлар ҳаял-елшилер сайланбастан-ақ Ийсаны тыңламай ҳәм қәдирлемей жүрди». Егер де Ол еркек-елшилерге және бир ҳаял-елши қоспаған себеби тек сол болса, онда Ол сондай жақсы мүмкиншиликти қолдан жиберди ҳәм Оның барлық жумысы мәниссиз қалды.

---

***Егер феминистлердиң айтыўы бойынша Ийса Өзиниң Қутқарыўшы қурбанлығы менен еркеклер ҳәм ҳаяллар арасындағы жынысый айырмашылықларды өширмекши болғанда, оларды ҳаялдан таңлаўы мүмкин болғанда, Он***

***Еки елшисин таңлаў ўақтын тарийхтағы ең қолайлы ўақыт деп есаплаўға болады.***

Феминистлер өз позициясын не менен қорғаса да, бир нәрсе белгили: олар Ийсаның атына сөз келтиреди, Оның елшилери арасында ҳаял жоқ болғаны-бул I әсирдиң яҳудийлериниң дәстүрине бойсынғаны деп айтады. Егер Ийса елшилерди таңлағанда, сол заманның дәстүрлерине көнген болса, онда Ол ҳаяллар ушын ислеген ҳәм айтқан затларының бәри бийкарланады. Егер феминистлер менен айтыссақ, Ийсаны жеңил ғана есаптан шығарамыз. Лекин бул бундай емес. Ер елшилерди таңлағанда, Ийса Қудайдың жобасы бойынша ойлап иследи (Жаратылыс 2). Ол бизлерге жыныслар арасындағы қатнасықлар мәселесин шешиў ушын тек ғана бир дурыс жуўапты усынды.

> Ийса Масих бизлерге туўры жолды-бир-бири менен бәсекелесиў жолын емес, ал бирге ислесиў жолын, жынислардың арасындағы урыс жолын емес, ал парахатшылық жолын көрсетиў ушын келди. Ол орнатылған тәртипти-еркек басқарыўшы, ҳаяллар болса бойсынып жүрип жасаўшылар екенин өзгертиўге келген жоқ, ал сол тәртипти Өзиниң сүйиспеншилиги ҳәм мийрими менен қайтадан қурыў ушын келди, себеби, Қудайдың барлық жаратқанлары қутқарылсын ҳәм Оның жобасы бойынша жасасын деп келген еди. Егер бизлер усы жолда турмасақ, онда ҳаяллар да, еркеклер де жеңилип қалады, ал ҳақыйқат бул дүньядан жабылып қалады.

## 2-бапқа сораўлар

1. Неге Ийса Масихтың жеккелиги масихыйлардың арасында болып атырған ҳаял ҳәм еркек ҳаққында айтысларда сондай әҳмийетли? Мүмкиншилиги болса көбирек дәлийил келтириң.

2. Масихыйлар Ийса Масих Өзиниң ишинде еки тәбиятты бириктиреди, бирақ жер Жеккелик болып табылады деп нени нәзерде тутқан?
3. Ийса Масих әйне еркек болып туўылған шәртлигиниң бир неше себебин келтириң. Олардың қайсысын ең әҳмийетли деп ойлайсыз?
4. Не ушын Ийса Масихтың еркек болып туўылыў шәртлигин бийкарлаўы Қудайдың адамзатты қутқарыў жобасына қарсы шығады? Кеңирек жуўап бериң.
5. Бизлер Қудайға тек ғана Әкемиз деп емес, ал Анамыз деп те сөйлесе аламыз дейтуғынларға не айта аламыз?
6. Елши деген сөз нени аңлатады? Елшилик хызметке шақырылған болыў деген не?
7. Ийса тәрепинен елши етип тек ғана еркеклерди сайлағаны, Қудайдың сөзин талқылайтуғын ҳәм Мухаддес Китап келтиретуғын себеплерин түсиндирип бериң.
8. Ийсаның ҳаяллардың дәстүрлерин бузатуғын мысалын келтириң. Неге тап сол мысал сизде үлкен тәсир қалдырды? Оны келтиргениңиздиң себебин түсиндириң.
9. Ийсаның еркек ҳәм (ямаса) ҳаяллар ҳаққында орнатылған дәстүрлерди бузатуғын тәлийматтың мысалын келтириң. Неге сол мысал сизге тәсир етти? Не ушын тап усы мысалды келтирдиңиз, түсиндирип бериң.
10. Ийсаның қайсы тәлийматы, егер оған ерсек, еркеклер ҳаяллардың үстинен көрсететуғын зорлыққа шек қояр еди?
11. Ийсаның диний оппозициясының алдында көрсетилген батырлық ҳәм қорқпайтуғынлықтың мысалларын келтириң. Ийса Өз елшилерин еркек затынан таңлағаны-бул Оның дәўириндеги үрп-әдетлерине көнгени  деп айтып атырған адамларға не дер едиңиз?
12. Төмендеги гәп не ушын ҳақыйқый болып есапланады: «Елшилерди ҳаялдан таңлаў мүмкин болғанда да, Он Еки елшисин таңлаў ўақтын тарийхтағы ең қолайлы ўақыт деп есаплаўға болады»?
13. Не ушын бизлер феминистлердиң Ийса Масих ер жынысына тийисли ҳәм Оның еркек-елшилерди сайлағаны ҳаққында көз қарас бизиң Ийемиздиң атына сөз келтире-

ди деп айтамыз? Мүмкиншилиги болғанша көбирек мысал келтириң.

14. Сиз усы баптан жыныслардың арасындағы айтысларда өзиңиздиң позицияңызды беккемлеў ушын жаңа мағлыўмат алдыңыз ба?

# III

# ӨЗ ЕЛШИЛЕРИ АРҚАЛЫ ИЙСА МАСИХ НЕКЕ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ТӘЛИЙМАТТЫ ЖЕТКЕРДИ



Бул сораўды терең изертлеген сайын, ол оғада қызықтырып баратыр, — деди Том.

— Аўа, — деп мақуллладым мен, — шотландиялы жазыўшы Томас Карлейль айтқанындай, «Мухаддес Китап шексиз ҳәм таўсылмас». Сиз Мухаддес Китапты қанша көп оқысаңыз, сонша оның терең болғанына исенесиз, себеби Оның авторы Қудайдың Өзи. Шынын айтқанда, бизлер темамызды жаңа басладық.

— Енди не? — деп сорады Том.

— Масихыйлық неке.

— Мен неке ҳаққында Ийсаның буйрығын Матта жазған Хош Хабардың 19-бабында әлле қашан үйрендик деп ойлайман, — деди Том.

— Дурыс, бирақ Ийса Өз шәкиртлери арқалы неке ҳаққында тереңирек тәлиймат қалдырды.

— Сиз «Ол тәлийматын шәкиртлери арқалы қалдырды» деп не айтпақшысыз?

— Өзиниң аспанға көтерилиўинен кейин Ийса Өз мийнетин ҳәм шәкиртлерге үйретиўин елшилер арқалы даўам етти. Ҳәтте Ийса бул жерде ҳеш қандай ҳүжжет я жазыў қалдырмаған болса да, Ол тәлийматын жәриялаў ҳәм оны жазба түринде шығарыў ушын Өз елшилерине үлкен (иләҳий) күш берди. Соның ушын елшилердиң хатларына дыққат бермеў-бул Ийсаға бойсынбаў болып есапланады. Елшилерге бойсынбаў Ийсаға бойсынбаў дегенди билдиреди.

— Мен оны билмейтуғын едим, — деди Том.

— Том, Петр ҳәм Павел елшилер бизлерге Ийсаның неке ҳаққындағы толық тамамланған тәлийматын қалдырды. Елшилердиң екеўи де бир ўақытта еркектиң басқарыўы ҳәм ҳаялдың бойсыныўы менен ерли-зайыптың некедеги теңлигин жәриялады.

— Адамлар бойсыныў деген сөзди қандай жаман көреди я? Бизиң колледжде биреў ҳаял күйеўине бойсыныў керек десе, бәрҳа үлкен айтыс басланады.

— Аўа, билемен. Сонда да елшилер бәрқулла тап сол масихый тәлийматты тастыйықлап, қорғайтуғын еди.

— Аўа, Мухаддес Китапта бул ҳаққында айтылған,-деди Том, — бирақ мүмкин бул тәлиймат тек ғана сол заманның үрп-әдетлериниң салғырты ҳәм бизлерге оның ҳеш тийислилиги жоқ шығар?

— Бәри ондай аңсат емес. Петр де Павел де бул тәлийматтың әҳмийетин дәлийиллеп жүрди. Петрге қарағанда, Павел көбирек еркектиң басқарыўы ҳәм ҳаялдың бойсыныўының шәртлигин көрсететуғын еди. Өз позициясын ол Ески Келисимдеги жаратылыс ҳаққында айтылған аятлар менен түсиндире отырып, Ийса ҳәм жәмәәтти Үшбирликтиң арасындағы қатнасықлары, Ийсаның буйрықлары ҳәм өзиниң елшилик ҳүкимин мысалға келтиретуғын еди.

— Солай ма? Мен ҳеш қашан бул ҳаққында ойланбаған едим.

— Бул темаға арналған үш тийкарғы үзиндилерди изертлейик. Масихый некесиниң қурамасы ҳаққында елшилер қолланатуғын тийкарғы сөзлердиң мәнисине үлкен итибар бериң. Том соны умытпаң, сөзлер үлкен роль ойнайды. Сиз адамларға масихыйлық ҳақыйқат ҳәм тәлиймат ҳаққында айтқаныңызда, сөзлерди үлкен абайлылық пенен таңлаң. Есиңизде тутың, бир биймәни сөз тәлийматтың бәрин қыйсайтыўы мүмкин. Және бир нәрсе, елшилер еркектиң роли, әсиресе оның ҳаялға көрсететуғын масихыйлық сүйиспеншилиги ҳаққында не айтқанын умытпаң. Ҳаяллардың бойсынып жасаўы ҳаққында айтысларда, Жаңа Келисимдеги күйеўдиң өз ҳаялына

қурбанлық сүйиспеншилиги ҳаққында тәлийматты есиңизден шығармаң.

## А. ПЕТРДИҢ 1-ХАТЫ 3:1-7: БОЙСЫНЫЎ ҲӘМ ТҮСИНИЎ

Петр елшилердиң биреўи еди. Ол Ийсаның қасында жүрип, Оның айтқанын еситти, Ол менен гүрриңлести ҳәм Ийсаның ҳәр күни ҳәр қыйлы еркеклер ҳәм ҳаяллар менен сөйлескенин бақлай алатуғын еди. Ийса Масих Петрди Өз жәмәәтиниң қурыўшыларының бири болыўға ҳәм Өз өмири ҳәм тәлийматы ҳаққында гуўалық айтыўға шақырды. Соның ушын Петрдиң хатларын өзгермейтуғын ҳәм исенимли деп есаплаўға болады. Петр бизлерди, оны Ийса үйреткенине үйретеди, соның ушын бизлер оның Қудай тәрепинен руўхланған хатларындағы мағлыўматларын билип, оларды басқаларға тарқатыўымыз керек.

Ийса Масих ерли-зайыптың қарым-қатнаслары ҳаққында не айтатуғын еди? Петрдиң 1-хатының 3-бабында анық буйрықларды таба аламыз.

**3:1-2** Ҳәй, ҳаяллар, Масих Қудайға бойсынғандай, сизлер де күйеўлериңизге бойсыныңлар. Сонда, олардың гей биреўлери Қудайдың сөзине қулақ аспаса да, сизлердиң Қудайдан қорқып пәк өмир сүрип атырғаныңызды көрип, сөзлериңиз арқалы емес, ал сиз ҳаяллардың үлгили өмири арқалы қолға киргизилип, исениўши болады.

**3:3** Сулыўлығыңыз тек сыртқы безениўлерден: әшекөйленген шашлар, тағылған алтынлар ҳәм сәнли кийимлерден ибарат болмасын.

**3:4** Ал сулыўлығыңыз, сырлы болған ишки дүньяңыздан, яғный, жумсақ ҳәм тыныш болған жоғалмайтуғын руўхый гөззаллықтан ибарат болсын. Бул Қудай алдында жүдә қымбатлы.

**3:5** Өтмиште, Қудайдан үмит еткен мухаддес ҳаяллар да өз күйеўлерине бойсынып, усылай безенген.

**3:6** Солардың бири Сара да, өз күйеўи Ибрайымды «хожайыным» деп атап, оған бойсынды. Егер

сизлер де жақсылық ислеп, ҳеш қандай қорқынышқа берилмесеңиз, Сараның қызлары боласызлар.

**3:7** Ҳәй, күйеўлер, сол сыяқлы сизлер де ҳаялларыңызды жақсы түсинип жасаңлар. Олардың нәзик екенин ҳәм мәңгилик өмирди сизлер менен бирге мийрас ететуғынын билип, оларды ҳүрмет етиңлер. Солай етсеңиз, дуўа еткениңизде тосқынлық болмайды.

## 1. Петр масихый ҳаялларға өз күйеўлерине бойсынып жасаўды буйырады

Бул хаттың бөлиминиң ҳәм жаңа ғана келтирилген үзиндиниң темасы бойсыныў (Петрдиң 1-хаты 2:11-3:12 — қа қараң). Екинши баптан баслап Петр өзиниң жақсы көрген оқыўшыларын «Ийемиз Ийса ушын адамлар орнатқан ҳәр қандай ҳәкимшиликке бойсының» деп шақырады (Петрдиң 1-хаты 2:13). Петр ҳәр бир адамның жоқары бийликке (Петрдиң 1-хаты 2:13-14), қуллардың өз хожайынларына (Петрдиң 1-хаты 2:18-20), ҳаяллар болса, өз күйеўлерине (Петрдиң 1-хаты 3:1-6) бойсыныўға шақырсын. Солай етип, ҳәкимшиликке бойсыныў-бул тек ғана ҳаялларға тийис сораў емес, ал масихыйлық жақсылық. «Еркеклер ҳаялларға уқсап, олардың үстинен қойылғанларға бойсыныў керек», — деп Кларк жазады.

Петр масихый ҳаялларға буйрық береди: «Ҳәй ҳаяллар, Масих Қудайға бойсынғанындай, сизлер де күйеўлериңизге бойсының лар. Сонда олардың гей биреўлери Қудайдың сөзине қулақ аспаса да, сизлердиң ... өмириңиз арқалы қолға киргизилип, исениўши болады». Петрдиң бойсыныўға шақырығы тек исенбеўши еркеклердиң ҳаялларына емес, ал исениўши еркеклерге арналған, себеби еркеклердиң көбиси исениўши деп ойланбақта. Бирақ, Петрдиң «гей биреўлер Қудайдың сөзине қулақ аспаса да», демек, исенбейтуғын еркеклер өз ҳаялларының пәк масихый өмири менен бойсындырған болады деп жазылғанын умытпаң. Исениўши күйеўлердиң парызлары 7-аятта келтирилген. Соның ушын масихый ҳаял күйеўи исениўши

ямаса исенбеўши болғанына қарамастан, оған бойсыныў керек.

### а. «Бойсыныў» деген сөздиң мәниси (hypotassō)

«Бойсыныў» ямаса «бағыныў» деп аўдарылатуғын грек сөзи бул жыныслардың арасындағы қатнасықлар ҳаққында айтысларда ушырасатуғын, төрт тийкарғы сөзлердиң биреўи:

- көмек/көмекши (еврейше ezer).
- бағыныў/бойсыныў (грекше hypotassō).
- бас, басқарыўшы (грекше kephalē)
- ҳүким етиў (грекше authenteō).

Бул төрт сөздиң мәнисин түсиниў жүдә әҳмийетли.

«Hypottassō» деген грек фейили «бойсыныў», «бағыныў», «биреўдиң басқарыўында болыў» деп аўдарылады. Бул сөз белгили бир ҳүкимге бойсыныўды аңлатады.

Заманагөй дүнья жәмийетинде ҳаялға қарай усы сөзди қолланыў, өзин үңгирде жасайтуғын адам я ер басымлығы тәрепдары болып есапланғанына тең. Көплеген адамлар ҳаяллар бойсынып жасаў керек деп айтқанда, әййемги жәмийеттиң қурылысына ямаса бурынғы, қап-қараңғы әсирлерге қайтыўды көз алдына келтиреди, себеби сол ўақыттағы еркеклер ҳаялларға турпайы қарайтуғынын көрсетти. Бүгинги күнде «бойсыныў» деген сөз өзиниң ҳақыйқый мәнисинде қолланылғаны гүманлы. Ол жаман ҳәм азғыратуғын мәниске ийе. Соған қарамастан, бойсыныў-бул мухаддес китаплық түсиник ҳәм масихыйлық жақсылық болып есапланады. Олсыз бизлер өмир сүре алмаймыз.

Хош Хабар тарқататуғын масихый феминистлер бойсыныў бул масихыйлыққа жақсылық дегени менен қайыл болып атыр, бирақ масихый шаңарақтың ишинде «өз ара бойсыныўда болыў» керек деп айтады. Олар Қудай тәрепинен еркеклер ушын орнатылған айрықша ҳүкимдарлықты бийкарлайды. Ҳаял өзиниң күйеўине бойсыныў керек деген пикири оларды қатты хорлайды, соның ушын олар масихый ҳаял өз күйеўине бойсынып,

оннан бойсынғанын күтпей жасаў керек деген Мухаддес Китаптың принципин улыўма қабыл алмайды. Лекин, «бойсыныў» деп аўдарылатуғын грек сөзи белгили бир ҳүкимдарлыққа бағыныўды аңлатады. Петр ҳаялдың өз күйеўине бойсыныў парызы ҳаққында айтқанда тап соны ойлады. Өз пикирин түсиндириў ушын ол дурыс сөз тапқан. Мухаддес үшбирликтиң Хош Хабар тарқататуғын теологиялық семинарияның Қудай сөзин талқылаў илими профессоры ҳәм атақлы илимпаз Уэйн Грудэм жыныслардың арасындағы қатнасықлардың дәстүрий көз қарасын қорғайтуғын адам былай жазады: «бойсыныў» деген түсиникти аңлататуғын грек сөзи ҳеш қашан «өз арадағы бойсыныўды» билдирген жоқ, ал тек ғана белгили бир ҳүкимдарлыққа бойсыныўды аңлатады. Еле де анығырақ айтсақ дейди Грудэм, А деген адамға В деген биреў бойсыныўды буйырса, сол В деген адам А деген биреўге қарағанда айрықша бир ҳәкимликке ийе. Жаңа Келисимнен алынған төмендеги мысалларға дыққат аўдарың:

- Ийса өз ата-анасының тилин алып жүрди (Лука 2:51).
- Пуқаралар ҳәкимлерге бойсыныў керек еди (Рим 13:1).
- Жинлер де Ийсаның шәкиртлерине бойсынатуғын еди (Лука 10:17).
- Пүткил дүнья Масихқа бойсынады (Коринф 1-хаты 15:27).
- Исениўшилер жәмәәти Масихқа бойсынады (Ефес 5:24).
- Перииштелер, аспандағы бийлеўшилер ҳәм күш ийелери Масихқа бойсынды (Петрдиң 1-хаты 3:22).
- Исениўшилер Қудайға бойсынады (Яқып 4:7).
- Исениўшилер өз руўхый муғаллимлерине бойсынды (Коринф 1-хаты 16:15-16).
- Масих Қудай Әкеге бойсынады (Коринф 1-хаты 15:28).
- Қуллар хожайынларына бойсынады (Тит 2:9).
- Ҳаяллар өз күйеўлерине бойсынады (Ефес 5:22-23).

Илтимас, жоқарыда келтирилген үзиндилердиң ишинде «өз ара» бойсыныў ҳаққында айтылмағанлығына итибар бериң. Ҳеш қашан усы келтирилгенлердиң ишин-

де бойсыныў дүзилиси кери мәнисте емес. Хожайынлар өз қулларына бойсынбайды, ҳүкимет өз пухараларына бағынбайды, Масих Өз периштелерине бойсынбайды, ата-аналар өз балаларына бойсынбайды. Усы сыяқлы, күйеўлер де өз ҳаялларына бойсынбаўы керек, ал ҳаяллар күйеўлериниң ҳүкимдарлығын тән алыў керек. Масихыйлардың некесинде күйеўдиң ҳәм ҳаяллардың роллери (жетекши ҳәм жәрдемши) өзгерип турады деп есаплаўға болмайды.

***Бүгинги күнде «бойсыныў» деген сөз өзиниң ҳақыйқый мәнисинде қолланғаны гүманлы. Ол жаман ҳәм аздыратуғын мәниске ийе. Соған қарамастан бойсыныў-бул Мухаддес Китаплық түсиник ҳәм масихыйлық жақсылық болып есапланады. Олсыз бизлер өмир сүре алмаймыз.***

Есиңизде болсын, қатнасықлардың көп түрлери бар ҳәм ҳәр бир жағдайда басқарыўшыларға ҳәм олардың жумысшыларына түрли талаплар қойылады. Ерли-зайыптың қатнасықларды, жумыс бериўши ҳәм жумыс ислеўшиниң қатнасықлары ямаса офицер менен солдаттың қатнасықлары менен ямаса муғаллим менен оқыўшылардың қатнасықларын салыстырыўға болмайды. Күйеў менен ҳаялдың арасындағы қатнасықлар сүйиспеншиликке тийкарланады. Олар адамлардың қатнасықлары арасында ең тығыз ҳәм ең тереӊ (жақын) қатнасықлар. Бул неке келисими менен бекитилген қатнасықлар, бул еки үлкен адамды бир пүтин адамға бириктиретуғын аўқам. Бул аўқамда бир адам сүйиспеншилиги менен өзине қурылған шаңарақты басқарып баслайды, екиншиси болса, қуўанышы ҳәм толық таярлығы менен басқарыўшыны белсене қоллап-қуўатлайды. Жаратылыс Китабының 2-бабында айтылыўы бойынша ҳаялдың роли бул өз басқарыўшысының ўазыйпаларын орынлайтуғын күйеўин қоллап-қуўатлаўдан ҳәм көмеклесиўден ибарат.

Бул белсенди роль ҳәрекетсиз емес. Ол ақыл-даналық, адамлар менен қатнасықларды қура алатуғын шеберлик, ишки ойлар сезими, сүйиспеншилик ҳәм үлкен күш талап

етеди. Мухаддес Китапты изертлесек, сондай ҳәрекетшең жәрдемшиниң үлгиси-бул Сулайманның нақыл-мақаллары Китабындағы ҳаял деп айтсақ болады (Сулайман. нақ.мақ. 31:10-31).

Некедеги қарым-қатнаслар, еркектиң ҳәм ҳаялдың бирлигинде ҳәм олардың айырмашылықларына тийкарланып қурылғаннан кейин еркектиң ҳәм ҳаялдың арасында ҳәм бир-бирине қараў ҳәм бир-бирине байланыс болыў керек (Коринф 1-хаты 7:3-5, 11:11-12). Беккем некеде ерлизайып бир-бири менен мәсләҳәт етип, бирге даналық излейди ҳәм шешимлердиң көбиси ер ҳәм ҳаялдың арасындағы разылықтан пайда болады. Некедеги адамлар бир-бири менен бәсекелесиў емес, ал бир-бирин толықтырыўы керек.

**«Бойсыныў» деген тийкарғы сөз (hypotassō)**

Ер ҳәм ҳаялдың қатнасықларына сәйкес келетуғын hypotassō деген грек фейили «бойсыныў», «бағыныў», «биреўдиң басқарыўында болыў» деген мәниге ийе. Грудемниң түсиндириўи бойынша усы грек фейилинде ҳеш қашан өз ара бойсыныўы түсинилмейди, ал бирақ белгили бир ҳәкимшиликке бойсыныўды аңлатады. Және де ол былай деген: «Ҳәр бир мысалда А деген Б дегенге бойсыныўды буйрық етсе, бул Б деген адамның айрықша ҳүкимге ийе болғанын билдиреди. А да болса ондай ҳүкимлик жоқ». Жаңа Келисим ҳеш қашан еркекти ҳаялға бойсыныўға шақырған жоқ, ал керисинше иследи. «Бойсыныў» деген сөздиң сөзи «өз ара» бағыныўды аңлатпайды.

### б. Жумсақ ҳәм тыныш болған жоғалмайтуғын руўхый гөззаллық

Заманагөй жәмийеттиң «бойсыныў» деген сөзге жек көриўшилик ҳәм шыдамсыз қарым-қатнасына бола, Петр ҳаялдың ер адамға бойсыныўы Қудай алдында ҳақыйқый ҳәм өшпес сулыўлыққа тең деп атайды. Қудайдың ҳаялдағы гөззаллыққа сүйсиниўи «оның жумсақ ҳәм тыныш руў-

хый гөззаллықта» бойсынғанында болады (Петрдиң 1-хаты 3:4-5). Усы баҳалы қәсийетлер ҳаялдың күйеўинен я жәмийеттен қорққанынан емес, Қудайға исенгенинен шығады (Петрдиң 1-хаты 3:5-6).

Масихый ҳаялларды ишки руўхый гөззаллық пенен толыўға шақырып, Петр оларға сыртқы, физикалық сулыўлығы менен қызықпаўға мәсләҳәт етеди. Ол ҳаяллардың өз кийимине, шаш безеўине, алтынларға бояныўға көп дыққат беретуғын ҳаялларды нәзерде тутқан. Бул ҳаққында ол былай жазады: «сулыўлығыңыз тек сыртқы безениўлерден әшекөйленген шашлар, тағылған алтынлар ҳәм сәнли кийимлерден ғана ибарат болмасын...». Петр ҳаялларға өзине қараўдың кереги жоқ деп айтып атырған жоқ. Ал, ҳаял-масихый көбирек кийим ҳәм безениў емес, ал өз ишки сулыўлығы, ишки мазмуны ҳәм ишки жүрекке жақын адамды ойлаў керек деп жазады.

**в. Бойсыныўдың шегаралары**

Масихый жәмәәт ҳәм жаңа келисимлик тәлийматтың көлеминде басқарыў ҳәм бойсыныў принципи ерли-зайып қатнасықларының қурылысын ҳәм ҳаялдың күйеўине көрсетилетуғын кеўил бөлиўди белгилейди (Жарат 2-бап: жетекши/жәрдемши). Масихый күйеў ҳеш бир жағдайда да өз ҳаялын өзине бойсындырыўға умтылмаў керек. Керисинше, масихый-ҳаял күйеўине өз басшысындай бойсынады, себеби бул Қудайдың ойлап қойған мақсети болғанына исенеди.

***Некеде өз ара қарым-қатнаслар ер ҳәм ҳаял адамның және олардың роллик айырмашылықлары бирлигинде дүзилгенликтен, ер ҳәм ҳаял адам арасындағы өз ара келисиўшилик болғаны сыяқлы, өз ара ғәрезлик те болыўы керек.***

Буннан басқа, масихый-ҳаялдың өз күйеўине бойсыныўы ойланбастан, соқыр ямаса қулы болмаўы керек. Бун-

дай бойсыныў ҳаялды беземейди. Бул қыйсайған басқа миллетлердиң бойсыныў ҳаққында түсиниги ҳәм ол ҳаялды адамгершилик қәсийетинен айырады. Некениң ишиндеги масихый бойсыныў ҳеш қашан төмендеги затларды аңлатпайды:

- ҳаял-бул төмен топардағы мақлуқ
- ҳаял ҳәрекетсиз ҳәм өз алдына ойлап жасай алмайтуғын болыў керек
- күйеў өз ҳаялының дөретиўшилик мийнетин тоқтатыўға, оның жеке адамдай раўажланыўды басыўға ҳақысы бар
- ҳаял күйеўи менен талапларының бәрин ислеўи керек, еркек болса ҳаялына басым ислесе болады
- ҳаял күйеўи ислеп атырған гүнаға ямаса жуўапкерсиз қулқына көз жумыў керек
- ҳаял психикалық жақтан тынышсыз ямаса зорлыққа мәжбүр қылатуғын киси менен жасаўы шәрт.

Мухаддес Китаптағы бойсыныў ҳәр бир еркек ҳәм ҳаялдың барлық өмир тараўларында қолланылатуғын масихый принциплерин умытпаўға шақырады. Булардың арасында әдиллик, ҳадаллық, сүйиспеншилик, кеўиллилик ҳәм азапты бөлисиў. Өзиниң бойсыныўға шақырығын Петр некениң ишинде де қолланыўға болатуғын сөзлер менен жуўмақлайды: «жуўмақластырып айтқанда, ҳәммеңиз бир нийет пенен бирлесиңлер. Басқалардың қуўаныш ҳәм қайғысын бөлисиңлер. Бир-бириңизди туўысқанларша сүйиңлер. Қайырхом ҳәм кишипейил болыңлар. Жаманлыққа жаманлық, ғарғысқа ғарғыс пенен жуўап қайтармаңлар. Керисинше, жақсылық пенен жуўап қайтарыңлар. Себеби Қудай сизлерди усы ушын шақырған» (Петрдиң 1-хаты 3:8-9). Бул ҳаяллар ушын да, ерлер ушын да жүдә жақсы мәсләҳәт.

Қудай ер адамға ҳеш қашан абсолют шексиз ҳүкимин берген жоқ, сондай ҳүким тек ғана Ийсада бар, соны умытпаў керек.

Әлбетте, ҳаял күйеўиниң надурыс талапларына ҳәм жаман ойларына бойсынып жасамаў керек (Елш 5:1-10). Ҳаял

оған Қудай тәрепинен берилген, күйеўине ақыл-нәсият етиў ушын (Колос 3:16) ислеген гүналардың айыбын ашыўға ҳақысы бар (Матта 18:15). Ол өз күйеўине ақыл үйретпесе, ол оған Қудай буйырған көмекши бола алмайды (Жарат 2:18). Бирақ ол күйеўине сүйиспеншилик ҳәм тынышлық пенен жеңиў ҳәм ақыл-даналық бериўи керек. Гейбир қыйын жағдайларда масихый ҳаял өз күйеўи менен ажырасыўға ямаса оның менен бөлек жасап турыўға да болады (Матта 19:9).

Мысалы, Петр былай ойлаған: күйеўи басқа миллеттен болған ҳаялы өз күйеўинен басқаша ойлаўға ҳәм исениўге ҳақысы бар, ҳәтте сөйтиўи керек. Ол өз күйеўин Ийса Масихқа келиўге исендириўи керек. Ийса Масих-бизиң Ийемиз, соның ушын ҳаял биринмиден Қудайға, екиншиден-өз күйеўине ҳадаллығын көрсетиўи керек. Және Петр былай жазады: ҳаял «жақсылық ислеп», оның душпанлықта болған күйеўинен де қорқпаў керек (Петрдиң 1-хаты 3:6). Исениўши ҳаял, оның исенбеўши күйеўиниң бутларына ямаса оның жалған тәлийматларына табыныўдан сыпайы түрде бас тартыў керек.

***Мухаддес Китаплық бойсыныў ҳәр бир масихыйдың ер адам сыяқлы ҳаялдың өмириниң барлық аспектлеринде ҳәм некесинде көринетуғын әдилликтиң, ҳақлықтың, сүйиспеншиликтиң, жақсылықтың ҳәм қыйналыўдың Мухаддес Китаплық принциплериниң умытылғанын билдирмейди.***

## 2. Өз сөзлерин тастыйықлаў ушын Петр Ески Келисимлик жазыўларға сүйенеди

Петрдиң ҳаялдың бойсыныў жағдайы ҳаққындағы тәлийматы сол дәўирди бийлеген грек-рим үрп-әдетлерине бойсынды деп айтыўға болмайды. Өз тәлийматына елши грек-римли этикалық режелерине ямаса стоиклердиң көзқарасына да тийкарланған жоқ. Қудайдың сөзин талқылаўда ол Ийса Масихтың үлгисине ерди. Ийса Масих

некениң ишиндеги әжайып қарым-қатнаслар ҳаққында айтып, Жаратылыс Китабының жаратылыс тарийхына сүйенгендей, Петр де ҳаялдың бойсыныўы ҳаққындағы тәлийматында Жаратылыс Китапқа тийкарланды (Матта 19:4-8).

Петр масихый — ҳаялларды Ески Келисимдеги ҳаяллардың жасаўына уқсатып жасаўға шақырады. Олар болса Қудайға исенип, өз күйеўлерине бойсынып жасаған. Сол ҳаяллар басқа масихый-ҳаяллардың бәрине өрнек болып тур. Петр Ибрайымның ҳаялы Сараны мысал етеди, оның өз күйеўине ҳадаллық пенен бойсынғанының үлгиси деп есаплайды. Ол Ибрайымға өз ҳүрметин ҳәм сыйласығын билдирип, оны хожейиним деп атап бойсынды.

Бир әҳмийетли затты айтып кетиўимиз керек, Петр Сараның бойсынған жағдайын ҳаялға гүна исленгеннен кейин қойылған нәлеттиң бөлеги деп есапламайды (Жарат 3:16). Керисинше, ол ҳаялдың ықтыярлы бойсыныўын үлги деп есаплайды, усы үлгиге бағынса ҳаял Қудайға унайтуғынын айтады. Сара некесиниң ишинде өз ролин Қудай ойлап қойған жобасына туппа-туўры келетуғын етип орнатты.

### 3. Петр исениўши күйеўлерге өз ҳаялларын ҳүрметлеў ҳәм оларға түсиниў менен қараўды буйырады

Петр өзиниң биринши хатында күйеўлерге де шақырық салды. Күйеў шаңарақтың басшысы болып, ҳүкимге ийе болғанына қарамастан, өз ҳүкимин сүйиспеншилик ҳәм масихый көзқарастан қолланыў керек.

#### а. Түсимпаз күйеў болың

Бириншиден дейди Петр, күйеў өз ҳаялына парасатлылық пенен қараў керек. Парасат дегени «ойланып ислеў», «саў ойлы», «түсиниў» деген нәрселерди аңлатады. Еркек ҳаял менен қатнасықларды қалай қурыў керек екени ҳаққында ойлап, бир Мухаддес Китап изертлеўшиси былай айтады: «ол қалай исениў керек екенлигин еркек адам билиў керек». Ер-масихый өз ҳаялын жақынырақ билиўге

ҳәм оны түсиниўге ҳәрекет етиў керек. Егер ол мийримли ҳәм ақыллы күйеў болыўды қәлесе, ол ишки ойларды сезетуғын, өзин қадағалаў ҳәм сабырлы болыўға үйретиўи керек.

Еркектиң ҳәм ҳаялдың некедеги бирге жасайтуғын өмири жынысый, сана-сезимли, финанс ҳәм руўхый жақлардан биргеликте ислеўди болжайды. Ҳақыйқый жақын ҳәм жыллы қатнасықларды қурыў ушын көп күш салып, ақыллы ҳәм даналы болыў керек. Жаратыўшының жобасын, әсиресе, Оның еркек басқаратуғын ҳәм ҳаялдың бойсынып жасайтуғын жағдайы ҳаққындағы тәлийматын дурыс түсиниў керек.

Бирақ айырым еркеклер ҳаялларға қандай етип кеўил бөлиў керек екенин билмейди. Олар ҳаяллардың сезимлерине ҳәм тилеклерине дыққат пенен қарамайды, соның ушын олардың үмитсизлигин ҳәм сызлаўын түсине алмайды. Сол еркеклер өзлери ҳаққында қәтелеседи. Олар тек ғана өз жумысы ҳәм өз тилеклерин қанаатландырыў ҳаққында ойлайды. Сол тәризде, олар күшли менменлик ҳәм мийримсизликти көрсетеди. Бундай еркеклер ҳаялларға тек қайғы келтириўи мүмкин. Олар тәўбе етип, ақыл-нәсиятлы мәсләҳәт излеп, еркектиң өз ҳаялына деген ўазыйпасы неден турады деген сораўға жуўапты билиў ушын Қудайдың сөзин изертлеўи керек. Оны Петрдиң 1-хаты 3-бабынан изертлеп басласақ болады.

### б. Ҳаялыңызға ҳүрмет көрсетиң

Масихый күйеў өз ҳаялын айрықша қәдирлеўи керек. Петр күйеўлерге «ҳаялыңызға ҳүрмет көрсетиң» деп мәсләҳәт етеди. Бирақ күйеўлердиң көбиси, тилекке қарсы өз ҳаялларына сондай қәдирсиз қарайды, соннан соң ҳаяллары өзлерин ҳүрметке ийе емеспен деп ойлайды. Сондай күйеўлер өз ҳаялларын пәс қояды, үстинен күледи, сынайды ҳәм сөйткенде өзлерин ҳақ деп ойлайды. Биреўлер өз ҳаялларын кишкене балалар сыяқлы қадағалайды, биреўлер ҳаялларына ҳеш қандай итибар бермейди. Исениўши күйеўлер өзлерин бундай тутыўға

болмайды, себеби тек басқа миллетлер өзлерин сондай қылып тутады.

Масихый-күйеў өз ҳаялын қуўаныш пенен қәдирлейди. Ол айрықша ҳүрметке ийе екенлигин биледи. Соның ушын өз ҳаялы ҳаққында бәрҳа жақсы сөзлерди айтады. Оған бәрқулла ҳүрмет ҳәм сыпайы мәмиле көрсетеди. Ол ҳаялына өз сүйиспеншилиги ҳәм үйирсиклиги ҳаққында ҳаялы оның үлкен жарылқаныўы болғаны ҳаққында айтады. Оның мәсләҳәтлерин баҳалайды ҳәм оның ескертиўлерине қулақ асады. Ҳаял-еркек өмириниң ажыралмас бөлеги. Қудайдың айрықша сыйы ҳәм «оның баҳасы мерўеттен де қымбатлырақ» (Сулайман. нақ.мақ. 31:10) екенлигин бәрҳа есинде тутады.

Ҳаялды не ушын қәдирлеў ҳәм түсиниў креклигин Петр түсирдирип бере алды.

***(1) Нәзик болғаны ушын.*** Баста Петр күйеўге ҳаялдың нәзик ыдыс болғанын ескертеди. Ҳаялға сондай анықлама берип, Петр оның қәсийетлерин ҳеш пәсейтип атырған жоқ. Күйеў де «ыдыс» болып есапланады. Ыдыс дегени қәлеген бир адамды аңлатады.

Петр ҳаялды айтқанда, оны бириншиден, ҳаял адам ҳәлсиз жыныстың ўәкили есабында айтады. Солай етип. Ол күйеўге ҳаялдың бириншиден ҳаял-адам болғанын ескертеди. Қудай оны айрықша, тек оған келисетуғын қәсийетлер менен байытты. Егер өз ҳаялы менен разылықта жасаўды қәлесе, ер адам олардың арасында айырмашылықларын тән алып, оны ҳүрметлеў керек.

Ҳаялды күшсиз ҳәм нәзик болғаны ушын ҳүрметлеў ҳәм қәдирлеў керек. Ол физикалық, жынысый ҳәм сезимлик жағынан көбирек азап шегеди, әдилсизликти ҳәм жаман қараўларды аўырырақ сезеди. Көплеген мәмлекетлерде ҳаялларды үй зорлығынан қорғаў орайлары шөлкемлестирилген, себеби бул мәселе ҳәзирги дәўиримизде жүдә актуал болып табылады. Ҳаялға қарағанда, еркек физикалық жақтан күшлирек, агрессивлирек, эмоционал жақтан жүрекке жақын уғынбайтуғын болып есапланады. Соның ушын ер-масихый оның ҳаялы ҳәлсиз

ҳәм сезгиш екенин умытпаў керек ҳәм соны есапқа алыў керек.

Бирақ, Петр усының бәрин ескертип, ҳаялдың айрықша күшине ҳәм қәбилетлерине ийе болғанын бийкар етпейди (Сулайман.нақ.мақ. 31:10-31). Ол еркеклерге тек ҳаялдың тәбиятын ескертпекши, еркеклер өз ҳаялларын түсиниўге ҳәм ҳүрметлеўге шақырмақшы.

***(2) Руўхый өмирдеги теңлик.*** Петр еркеклерге, олардың ҳаяллары «мәңгилик өмирди сизлер менен бирге мийрас етеди» деп есине салады. Некениң ишинде қарым-қатнаслардағы ҳаял-бул нәзик ыдыс, бирақ руўхый жағынан ол еркектен ҳеш ҳәлсиз емес. Өз күйеўи менен бирге ҳаял мәңгилик өмирдиң ҳәм қутқарылыўдың мийрасхоры болып табылады (Петрдиң 1-хаты 1:3-9), солай етип, ол еркек пенен исенимде де тең. Ҳаял-масихыйлар өзлериниң күйеўлери сыяқлы «патшалық руўханийликке», «мухаддес миллет» ҳәм «Қудайға тийисли халық» болып табылады (Петрдиң 1-хаты 2:9).

***(3) Қудайдың жазасы.*** Петр ерлерди былай деп алдын-ала хабарлайды: егер де олар өз ҳаялларына ҳүрмет пенен қарамаса, онда олардың дуўалары аспанда қабыл алынбайды. Күйеўлер өзлериниң дуўаларында тосқынлық пайда болмасын деп еслеп жасаў керек. Қудай жаманлық ислеп атырған адамларға қарсы турады, Оның жазасы соннан келип шығады (Петрдиң 1-хаты 3:12).

Қудай еркектен өз ҳаялына ҳүрмет пенен қараўды талап етеди. Масихый күйеў өз ҳаялына турпайы ямаса менсинбеўшилик көрсетсе, оған итибар бермесе, руўхый өскен адам болып есаплана алмайды. Егер бир адам жәмәәттиң алдында сулыў сөзлерди айтып, өз үйинде ҳаялына қаттылықты ҳәм тас баўырлықты көрсетсе, Қудай бундай еки жүзли адамның дуўаларына жуўап қайтармайды.

Соның менен ҳаял өз күйеўине бойсыныў керек, күйеў-масихый өз ҳаялына айрықша ҳүрмет көрсетип, оған итибарлы болыўы керек. Елши Петр арқалы Қудай жиберген тәлийммат усыннан ибарат.

## Б. ЕФЕСЛИЛЕРГЕ ЖАЗЫЛҒАН ХАТТЫҢ 5:21-33-АЯТЫ: БОЙСЫНЫЎ, СҮЙИСПЕНШИЛИК ПЕНЕН БАСҚАРЫЎ ҲӘМ БИР ДЕНЕДЕ БИРИГИП ТУРАТУҒЫН ЕКЕЎДИҢ АЎҚАМЫ

Павел он еки елшиниң арасында болған жоқ, бирақ ол да елши болды. Қудай Павелди анасының қарнында болғанда таңлап, басқа миллетлерге Хош Хабарды айтыў ушын шақырды (Галат 1:15-16). Дамасққа алып баратуғын жолда Павелге өлип тирилген Ийса келди ҳәм оны елшилик хызметке шақырды.

Павел он екиликке уқсап Ийсаның рәсмий елшиси болды. Ол буйрықларды бериўге, тил алыў ҳәм бойсыныўды талап етиўге ҳақысы бар еди. Соның ушын Павелдиң буйрықлары негизинде Масихтың Өзиниң буйрықлары болып есапланады. Жәмәәттиң жыйналысында ҳаяллардың ролин ақлатып, Павел былай айтыўға ҳақысы бар еди: «Егер ким де ким өзин пайғамбар ямаса руўхый жетик адам деп санаса, сизлерге жазып атырған бул сөзлеримниң *Ийемиздиң буйрығы* екенин билсин» (Коринф 1-хаты 14:37, автордың курсиви).

Ер ҳәм ҳаяллардың қарым-қатнаслары ҳаққында айтып, бириншилердиң басқарыўы ҳәм кейингилердиң бойсыныўы ҳаққында ойлап, Павел Петрге уқсап ер шовинизмин ямаса ҳаялларды жек көриў сезимлерин билдирмейди. Усы еки күйеўлер-Масих пенен сайланған елшилер, ҳаялларға ҳәм еркеклерге Қудайдың жобасын ашып бергенлер. Оларды ҳаялларын жек көриўде айыплаў Масихтың Өзин сол затта айыплаў екенин билдиреди.

Биреўлер айтқанындай, Павел қартайған ҳаялларды жек көриўши ҳәм ҳаяллардан қорқатуғын еркек болған жоқ. Павелди ашыўшақ ҳәм саўатсыз адам етип көрсетиўге ҳәрекет етип жүрген адамлар тарийхый фактларды өз нийети менен бурмалайды. Жаңа Келисимниң текстлери Павелди ҳәдден тыс ақылға ийе болған, үлкен билимге ҳәм мол өмир тәжирийбеге бай болған адам деп айтады. Бирақ ол бизлерге кеўил бөлетуғын, өзин қурбан етиўге таяр бойсынған ҳәм сезгиш, бәринен де әҳмийетлиси

сүйиспеншиликке толған адам болып көрсетилген. Масихтың үлгисине ерип ол да ҳаялларға сүйиспеншилик пенен қарады. Сол себептен өзиниң туўысқанларына исенимли түрде былай айта алатуғын еди: «Мениң Масихтан өрнек алғаным сыяқлы, сизлер де меннен өрнек алыңлар» (Коринф 1-хаты 11:1).

Ҳаялларға өз күйеўлерине бойсынып жасайтуғын буйрығын таслап кеткен Павел және де адамзат тарийхындағы сүйиспеншилик туўралы ең уллы сөзлерди жазған: «Егер мен адамлардың ҳәм периштелердиң тиллеринде сөйлесем де, бирақ сүйиспеншилигим болмаса, онда мениң сыңғырлаған мыстан ҳәм даңғырлаған дәптен парқым болмай қалады. Егер мен пайғамбаршылық қүдиретине ийе болсам, пүткил сырларды билсем, бирақ сүйиспеншилигим болмаса, онда мен ҳеш нәрсе емеспен» (Коринф 1-хаты 13:1-2). Оннан басқа ҳаялларды жек көриўши адам ҳеш қашан күйеўге өз ҳаялын масихый қурбанлық сүйиспеншилиги менен сүйиў ҳәм ол ушын өлиўге таяр болыўға шақырмас еди. Павел Ефеслилерге жазған хатындағыдай болмас еди (және Коринф 1-хаты 7:4-5-қа қараң).

Енди Павелдиң хатларының ишинде неке ҳаққында айтылған 5 жерин изертлейик (Ефес 5:21-33; Колос 3:18-19; Коринф 1-хаты 7; Тит 2:4-5; Тимофей 1-хаты 3:4-5). Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабынан баслайық, себеби ол жыныслар арасында қарым-қатнаслар мәселесин сүўретлейтуғын үзиндилердиң ишинде ажыралып турады. Ефеслилерге жазылған хат 5-баптың изертлениўи масихый некелери алдын мәсләҳәтлениў бағдарламаларының бир бөлеги ҳәм неке мәселесиниң ажыралмас бөлеги болып турыў керек.

Бул әҳмийетли үзинди масихый некениң тийкарғы тараўларын аңлатады. Масихый тәлийматы айтқандай, неке бул еркек ҳәм ҳаялдың аўқамы, оның ишинде еки адам бир денедей биригеди ҳәм ҳаял өз қәлеўи менен күйеўине бойсынады, күйеў болса өзине басқарыў ҳәм ғамхорлық қылыў ўазыйпаларын алады. Неке аўқамының минсиз үлгисине Масих Өз Жәмәәти менен қатнасықларын қурғандай көрсетеди, оның ишинде Масих-сүйетуғын Басқарыўшы, Жәмәәт болса, Оған толық бойсынады.

Соның ушын Қудай некени аўқам деп атады ҳәм сол аўқамның ишинде ҳәр бир адамға өзиниң роли ажыратылған. Некедеги адамлардың арасында айырмашылықларды бийкарлаў-бул Қудай некени ойлап қойған сыпатында бийкарлаў. Ефеслилерге жазылған хатының 5-бабынан басқа Жазыўларда усы пикир жақсы ҳәм анық айтылған басқа үзиндилер де көп.

Оннан басқа, Ефеслилерге жазылған хатының 5-бабы айтқандай, басқарыў, бойсыныў деген қатнасықлардың арасында сүйиспеншилик болыў керек. Сүйиспеншилик болмаса, бул тәлийматты дурыс ҳәм анық түсиниў жүдә қыйын. Усы Мухаддес Китаптағы үзиндини изертлеўди ҳәм талқылаўды оны оқыўдан баслаймыз.

**5:21** Масихқа деген ҳүрметиңиз себепли бир-бириңизге бойсыныңлар.

**5:22** Ҳәй ҳаяллар, Ийемизге бойсынатуғыныңыз сыяқлы, күйеўлериңизге де бойсыныңлар!

**5:23** Өйткени, Масих исениўшилер жәмәәтиниң басшысы болғаны сыяқлы, күйеўи де ҳаялының басшысы. Масих Өз денесиниң, яғный, исениўшилер жәмәәтиниң Қутқарыўшысы.

**5:24** Исениўшилер жәмәәти Масихқа бойсынатуғыны сыяқлы, ҳаяллар да ҳәмме исте күйеўлерине бойсынады.

**5:25** Ҳәй күйеўлер, Масих исениўшилер жәмәәтин сүйип, оның ушын Өзин қурбан еткени сыяқлы, сизлер де ҳаялларыңызды сүйиңлер.

**5:26** Масих исениўшилер жәмәәтин суў менен жуўып ҳәм Қудайдың сөзи менен тазалап, оны мухаддес қылыў ушын Өзин қурбан етти.

**5:27** Буны Ол үстинде ҳеш бир дақ, жыйрық ямаса буған уқсаған бир нәрсеси жоқ, мухаддес ҳәм минсиз болған салтанатлы жәмәәтин Өзине алыў ушын иследи.

## 1. Павел ҳаялларға өз күйеўлерине бойсыныўды буйырады

Павел масихый ҳаялларға өз күйеўлерине анық ҳәм түсиникли етип бойсыныўды буйырады: «Ҳәй ҳаяллар!

Ийемизге бойсынатуғыныңыз сыяқлы, күйеўлериңизге де бойсыныңлар! (Еф. 5:22) «Бойсыныў» (hypotassō) деп аўдарылған грек фейили Петрдиң биринши хатында қолланылған фейилге тең (3:1). Ол «басқа адамға қарай өзине бағыныў ролин алыў» деген мәниске ийе.

Ефеслилерге жазылған хатының 5-бабын ҳәм Колосалыларға жазылған хатының 3-бабында жазылған ҳаялдың бойсынатуғын өмирин түсиндирип атырғанда, Мухаддес Китаптың изерлеўшиси ҳәм Нокстың руўхый семинариясында Жаңа Келисим бойынша сабақ беретуғын профессор Жорж Найт III былай деди: «Бул ҳаялға арналған шақырық-өзиниң күйеўине бойсыныў бул айрықша Жаңа Келисимниң тәлийматы. Ерли-зайыплылардың қатнасықлары мәселесин баянлайтуғын ҳәр бир үзиндиниң ишинде ҳаялға арналған бойсыныў буйрығы берилген, сол ушын бир фейил қолланылған» (hypotassō; Ефес 5:22; Колос 3:18; Петрдиң 1-хаты 3:1; Тит 2:4-қа қараң).

Бир талқылаўшылар былай ойлайды: Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабы еркекти ҳәм ҳаялды бир-бирине бойсыныўға үйретеди. Олар Ефеслилерге жазылған хатының 5-баптағы 21-аятын келтиреди: «...Масихқа деген ҳүрметиңиз себепли, бир-бириңизге бойсыныңлар, соның менен ер адам өз ҳаялына тап сондай етип бойсыныў керек» деп жуўмақлайды. Бирақ бул аятты усылай талқылаў надурыс. Усы аятты елши тәрепинен 22 ҳәм 23 аятларында анық түсиндирилген тәлийматты бийкарлаў ушын қолланылыўға болмайды. Жигирма биринши ҳәм кейинги еки аяттың арасында сөзсиз ҳеш қандай қарама-қарсылық жоқ. «Бир-бирине бойсыныў» дегени айрықша қарым-қатнасларды билдиреди ҳәм сол үзиндиниң төмендеги аятларына сол қатнасықлар ҳаққында анық жазылған. Демек, бул айрықша қатнасықлар өз ишине ҳаяллардың өз байларына бойсыныўын да аңлатады.

Әлбетте, күйеў жақсы ҳәм дана басқарыўшы бола турып, өз ҳаялының ақыллы мәсләҳәтлерине, оның ескертиўлерине ҳәм илтимасларына қулақ асыў керек. Шын жүректен жақсы көретуғын адам бәрҳа басқа адамның жақсылығы ушын бойсыныўға ҳәм ҳәтте өзин қурбан етиў-

ге таяр (Коринф 1-хаты 7:3-5). Бирақ Масихтың қурбанлық сүйиспеншилиги некедеги басқарыў/бойсыныў принципин әпиўайыластырмайды. Күйеў шаңарақтың басшысы болып тура береди, ол ҳаялында жоқ ҳәкимиятқа ийе болып, ҳаялы болса оған өз қәлеўи бойынша бойсынады.

**Ефеслилерге жазылған хатының 5-бабы 21-аят ҳәм өз-ара бойсыныў принципи**

Биріншиден «бойсыныў» деген фейили жоқарыда айтқандай (Петр 3:1), бәрҳа бир адамның басқа адамға бойсыныўын билдиреди, бирақ еки адамның бир-бирине бойсынғанын емес.

Екиншиден, «бир-бирине бойсынып» деп аўдарылған грек сөз дизбеги я бир адамның басқа биреўге бойсынғанын, я бир адамлардың басқа адамларға бағынғанын билдирип турыпты. Сондай болса, хаттың мәнисин алып бул үзиндиниң ишинде гей бир адамлардың басқа адамларға бойсынғаны ҳаққында айтылған, демек, ҳаялдың өз күйеўине бойсынғаны туўралы деп есаплаўымыз керек. Ефес 5:22-6:9 да Павел үш тийкарғы адам топарларын айырады, олардың ишинде басқарыў/бойсыныў принциплерине тийкарланған қарым-қатнаслар қурылады. Солай етип, ҳаяллар өз күйеўлерине (Ефес 5:22), балалар өз ата-анасына (Ефес 6:1), қуллар өз хожайинлерине (Ефес 6:5) бойсынады. Сонның менен үзиндиниң ишинде 21-аятты алып таслаўға болмайды, себеби ол кейинги аятларда (5:22 - ден 6:9-ға дейин) түсиндириледи. Демек, усы үзиндиден некедеги адамлардың тең ҳәм өз ара бойсыныў ҳаққында пикирди шығара алмаймыз, ата-аналардың өз балаларына ямаса хожайинлердиң өз қулларына бойсынғанын көз алдына келтире алмағандай.

Үшиншиден, I әсирде жәмийеттиң алдыңғы орынын еркек алатуғынын умытпаўымыз керек, соның ушын Павелдиң «өз ара бойсыныў» тәлийматы дәрриў бийкар етилип, қабылланбай қалар еди. Ҳақый-

қатында да, елши улыўма басқа затты айтпақшы еди. Мухаддес Китаптың жақты ҳәм исенимли образларын алып, ол былай деди: ҳаял өз күйеўине, Жәмәәт Масихқа бойсынғанындай, бойсыныў керек ҳәм күйеў өз ҳаялына Масих исениўшилер Жәмәәтин басқарғанындай басқарыўшы болып есапланады. Егер Павел өз ара бойсыныў ҳаққында некеде тең ҳуқықлы ерли-зайыплыларға айтқан болса бундай салыстырмалар орынсыз ҳәм пәтиўасыз болар еди. Егер Павел жыныслардың теңлигиниң тәрепдары болғанында, онда ол I әсирдеги еркеклерге анығырақ ҳәм исенимли етип ҳаялларына бойсыныў керек екенлигин түсиндириў керек еди. Бирақ бизлер изертлеп атырған үзиндимиздиң ишинде ондай мағлыўмат жоқ (Ефес 5:23-33-қа қараң).

### а. Ийемизге бойсынғандай бойсыныңлар

Масихый-ҳаял өз күйеўине тап Ийемизге яғный Ийса Масыхқа бойсынғанындай бьойсыныўы керек. Жорж Найт буны былай түсиндиреди: «Ийемизге сыяқлы» деген салыстырмасы бизлерге масихый адамның Ийемиз Ийса Масыхқа бойсынғанымызды сүўретлеўи керек. Тек усы бир салыстырманың қолланылғаны усы буйрықтың мәнисин толық түсинип жетиў ушын жетерли. Бул қысқа гәп бизлерге және бир мәртебе ҳаялдың өз күйеўине бойсынғаны, оның Қудайымыз Ийса Масыхқа бойсынғанының гүўалығы болып турыў керек. Солай етип, Ийса ҳаялдың бойсынған жағдайын жәриялайды ҳәм оған Өзине бойсынғаны сыяқлы өз күйеўине бойсыныўды буйырады.

### б. Қатаң Қудайдың сөзинде тийкарланған бойсыныўдың шәртлиги

Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабы бизлер талқылап атырған мәселени түсиниў ушын жүдә әҳмийетли, себеби оның ишинде ҳаял өз күйеўине не ушын бойсыныў керекликги түсиндириледи. Ҳаялларға сөйлеп, Павел кү-

йеўлерине бойсыныўды буйырғаннан соң, өз буйрығының тийкарын түсиндирип атыр: «Өйткени, Масих исениўшилер жәмәәтиниң басшысы болғаны сыяқлы, күйеўи де ҳаялының басшысы» (Ефес 5:23). Павелдиң айтқан сөзлериниң төмендеги еки нәрсеге итибар бериң:

***(1) Күйеў бул басшы.*** Мухаддес Жазыўда күйеў ҳаялдың басшысы болыўы шәрт деп жазылған жоқ, онда күйеў ҳаялдың басшысы деп жазылған. Усыған байланыслы Нойердиң жүдә жақсы пикирин келтириўге болады:

> Масихқа, Оның бийлигин тән алмай турып табыныў мүмкин емес. Сол сыяқлы, ер басқарыўын тән алмай турып, адамның ер жынысын, тән алыў мүмкин емес. Ер адам өз ҳаялын басқарыўдан бас тартса, ол соның менен Қудайдың өзине арнаған нәрсесине қарсы шығады ҳәм өзиниң еркек тәбияты менен қарама-қарсылықта жасайды. Қудай ерди ҳаялы үстинен Масихты исениўшилер Жәмәәтиниң үстиннен қойғанын дай етип қойды.

---

***Өз күйеўине бойсыныўы ҳаққындағы ҳаялға қарата айтылған бул шақырық, өзинде Жаңа Келисимдеги тәлийматты сәўлелендиреди. Ерли-зайыплылардың өз ара қарым-қатнаслары ҳаққында машқалалар көрип шығылатуғын ҳәр бир үзиндиде ҳаялға қарата өз күйеўине «бойсыныўы» ҳаққындағы буйрық қатнасады ҳәм тап сол (hypotassō) фейили қолланылады.***

Джордж Найт

---

***(2) Еркектиң басқарыўы Масихтың басқарыўында тийкарланған.*** Күйеўдиң басқаратуғын жағдайы I әсирдеги Рим мәдениятының тәсири менен орнатылған жоқ, күйеўдиң басқарыўы тек ғана Масихтың басқарыўында ҳәм Оның Өз Жәмәәтине деген қатнасына тийкарланған. Ең исенерли пикир мынадай: масихый некедеги күйеўдиң тәсири емес, ал Қудай орнатылған нәрсе: күйеў-ҳаялдың

басшысы, тап сондай Масих-Жәмәәттиң басшысы. Масих ҳәм Оның қутқарылған халықтың ҳәм жәмәәттиң арасында қатнасықлар некедеги қатнасықлар ушын минсиз үлги болып қалыў керек.

«Басшы» деген сөз-Ол жынислардың арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында тартысларда тез ушырасатуғын және бир тийкарғы сөз. Бул мәселени шешиў ушын, усы сөздиң мәнисин дурыс түсиниў керек.

Грекше «kephalē» деген сөз «басшы, басқарыўшы» деп аўдарылады. Бул өнимли қолланылатуғын грек сөзи, тап «бас» деген мәнини аңлатады. Бирақ, жетекши я ҳүкимге ийе адам туўралы айтылса, бул сөз аўыспалы мәнисинде де қолланылады. Бас адам денесиниң жоқары бөлегинде жайласқаны ҳәм денени басқарып туратуғындай, жетекши ямаса ҳүкимге ийе болған адамды белгилеў ушын оны басшы деп айтылады, мысалы, мәмлекеттиң басшысы, департаменттиң басшысы ямаса кәрхананың басшысы.

Ийса Масих ҳаққында былай айтылған: Ол ҳәмме нәрсениң үстинен қойылған, Қудай Оны «пүткил барлықтың үстинен қойып, исениўшилер жәмәәтиниң басшысы қылды» (Ефес 1:22). Солай етип, Павел Ефеслилерге жазылған хатының 5-бабында күйеў ҳаялдың басшысы деп анық айтқанда, ол, күйеў-бул басқарыўшы ҳәм ҳүкимге ийе болған адам деп айтпақшы болған. Жетекши болып турып күйеў шаңарақты басқарады ҳәм оның абаданлығы ҳәм тынышлығына жуўапкершиликли болады. Ҳаял өз күйеўине бойсыныў керек, себеби күйеў-бул Қудай тәрепинен қойылған шаңарақтың басшысы.

***Мухаддес Жазыўда күйеў ҳаялдың басшысы болыўы шәрт деп емес, ал күйеў ҳаялдың басшысы деп жазылған.***

Феминистлер усындай дәлийллерге улыўма наразы. Олар бас деген сөз ҳүкимге ийе адам деген мәнисин алып барады дегенге қосылмайды. Олардың пикиринше, Ефес-

лилерге жазылған хаттың ишинде «бас» деген сөз «келип шығыўы» ямаса «өмир дереги» деген мәнисин билдиреди ҳәм ҳүкимге ҳеш қандай қатынасы жоқ. Күйеў ҳаялының өмир дереги болып, оған сүйиспеншилик береди, хызмет етеди ҳәм көмеклеседи деген мәнисинде түсинеди. Сондай жағдайда, Ребекка Грутхайстың айтыўы бойынша «ҳаял өмирге бойсыныў керек болады».

Уэйн Грудэм «kephalē» деген сөздиң дурыс аўдарылған әҳмийетин түсинип турып, былай жазады: «Мен kephalē - бас деген сөз еки мың үш жүз жағдайда қолланылған ҳәр түрли ески грек жазыўларды изертлеп шықтым. Усы жазыўларда kephalē деген сөз көп адамларға қарай қолланылады, бирақ ҳәр жағдайда ол ҳәкимшиликке ийе болған адамлар ушын, ал ҳүкими жоқ адамлар ушын қолланбаған. Нәтийжесинде, ол былай жуўмақлайды: «Грекше сөйлейтуғын дүньяда адамлар топарының басшысы болыў, сол адамлардың үстинде ҳүкимшилик етиў» деген мәнисти аңлатады.

Кейнинен Грудэм бас деген сөзди «дерек» ямаса «келип шығыў» деген мәнисине ийе деп есаплаўшыларға карата былай дейди: «Сизлер грекше «басшы» деген сөз «дерек» дегенди аңлатады ҳәм ҳеш қандай ҳүкимшиликти билдирмейди деп айтасызлар. Илтимас, онда маған ески грек жазыўларынан, бул сөздиң адамға қарата айтылғанлығын ҳәм сизлердиң тастыйықлаўыңыздай қолланылғанлығын билдиретуғын ҳеш болмаса бир үзиндини көрсетиң». Буннан кейин Грудэм усындай жуўмаққа келеди:

> Ҳәр бир жағдайда адам басқа адамның басшысы деп айтылса, бул басшы деп аталған адамның ҳәкимшилиги бар болғанын билдиреди (мысалы, армиядағы генерал, Рим патшасы, Масих, Израил урыўларының басшылары, халықтың басшысы. Даўыт ҳ.т.б.). Бизлер А деген бет Б деген адамның басшысы аталып ҳәм оның үстинде ҳеш қандай күшке ийе емес деген жерди таба алмаймыз. Масихыйлық некеде ер адамның басшылық етиўи мәдений үрпәдетлер менен шекленгени исенимли аргумент емес,

ал Қудай тәрепинен ойлап табылған. Масих жәмәәттиң басы болғаны сыяқлы, ер адам ҳаялдың басшысы болып табылады.

Буннан басқа, Ефеслилерге жазылған хаттың ишинде (5:21-6:9), ҳаялдың күйеўине бойсыныўы ата-аналар, қуллар ҳәм хожайынлар ҳаққындағы жазыўларды изертлесек, оның ишинде «басшы» деген сөзди басқа жол менен шеше алмаймыз.

Ең исенимли дәлил соннан ибарат, масихый некедеги ер адамның басшылығы мәдений үрп-әдетлерге байланыслы емес, ол Қудай тәрепинен ойлап табылған: Масих жәмәәттиң басшысы болғанындай, күйеў де ҳаялдың басшысы.

Усы баптың 22 - аятында ҳаялға өз күйеўине бойсыныў буйрығы берилген, күйеў болса ҳаялдың басшысы деп аталады. Бул күйеўдиң ҳәкимшиликке ийе болғанын аңлатады. Басқаша жағдайда, бойсыныў буйрығы өз мәнисин жойтады. Бир изертлеўши дурыс ескертти: тек ғана тексттиң мәнисин бурмаласақ ғана, «берилген үзиндиниң ишинде» (Ефес 5:22-23), басқарыў ҳәм бойсыныў ҳаққында айтылғанда ҳәкимшилик пикири жоқ екен деп айтыўға болады.

**«Басшы» деген тийкарғы сөз (грекше kephalē)**

«Басшы» деп-жетекши ямаса ҳәкимшиликке ийе болған адам ҳаққында айтылса, өз аўыспалы мәнисинде қолланылады. Мухаддес Жазыўлар күйеў ҳаялдың басшысы деп айтса, бул ерли-зайыплылардың арасында ол жетекши, ҳәкимшиликке ийе адам болып табылады. «Басшы» деген «дерек» ямаса «келип шығыў» деген мәнисин аңлатпайды.

### в. Ҳаялдың бойсыныўы Жәмәәттиң бойсыныўына тийкарланған

Ҳаялдың бойсыныўының тийкары бул I әсирдеги Рим империясының мәдений үрп-әдетлери емес, ал Масихтың

Өз Жәмәәти менен қатнасықлары. Павел: «ҳаял өз күйеўине Масихқа Оның Жәмәәти бойсынғандай бойсыныўы керек» — дейди (Ефес 5:24). Масихыйлардың некесинде ҳаял Жәмәәттиң тымсалы болып, ол өз қәлеўи ҳәм таярлығы менен Масихқа бойсынады; күйеў болса Өз Жәмәәтин қурбанлығы ҳәм сүйиспеншилиги менен басқаратуғын Масихтың тымсалын билдиреди.

## 2. Павел күйеўлерди өз ҳаялларын Масих исениўшилер Жәмәәтин сүйгендей, сүйиўге шақырады

Усы ўақытқа дейин бизлер көбинесе Павелдиң ҳаялларға қаратылған шақырығына итибар берип келдик (Ефес 5:22-24). Келиң, енди елшиниң күйеўлерге қарата айтылған сөзи менен танысайық, Павел оларды өз ҳаялларын сүйиўге шақырады (Ефес 5:25-32). Ефеслилерге жазылған хаттың усы бабында тереӊ ҳәм таң қаларлық ҳақыйқатлар айтылған, бирақ көзқарасты өзгертетуғын пикир, күйеўмасихыйлар өз ҳаялларын, Масих Өз Жәмәәтин сүйгендей, сүйиў керек дегеннен ибират. Бул ғайры тәбийий буйрықты Дэвид Мартин Ллойд-Джонс былай тастыйықлайды:

> «Бул елши тәрепинен жазылған тастыйықлаў, — қағаздағы пикирлердиң арасында ең таң қаларлығы. Бизлер басқа миллетлердиң некеге көз қарасы менен танысқанда, әсиресе сол дәўирге тән күйеўлердиң өз ҳаялларына қатнасын Ески Келисимде оқый отырып, бизлер бул буйрықтың қаншелли дәрежеде көтериңки болғанын түсинемиз».

Тилекке қарсы, көп масихыйлар басқарыў деген түсиник шаңарақта бийлик ҳәм диктатура орнатылыўды белгилейди ҳәм сол бийлик басшының өз жумысшыларының үстинен көрсететуғын ҳәкимшилигине уқсайды деп ойлайды. Сол тәризде, басқарыў ҳаққындағы масихый тәлиймат, ҳаялларға көрсетилетуғын физикалық ҳәм руўхый зорлықты ақлаў ушын бурмаланған еди. Ҳаялларға өз «орнын» көрсетип, оларды пәске урып қадағалап барады, ҳәлсиреп қалғанша жумсайды ямаса менсинбей-

ди. Бирақ, өз ўазыйпаларына қыянет етип жүрген ямаса өз ҳаялларын менсинбейтуғын күйеў-масихыйлар некениң шын мәнисин түсинбейди. Олар қурбанлықққа таяр басқарыўдың мәнисин түсинип жетпейди ҳәм Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабының мәнисин улыўма түсинбейтуғыны көринеди:

***Шаңарақтың басшысы ролин атқарыўшы ер адам ушын Масихтың қурбанлық сүйиспеншилиги еликлеў ушын үлги болыў керек.***

Бул хаттың 5-бабында күйеўлерге өз ҳаялларын қадағалаў ямаса хорлаўға рухсат етилмеген. Күйеў өз ҳаялын бойсындырыўға ҳақысы бар депте жазылмаған. Керисинше, күйеўлер өз ҳаялларын Масих Өз Жәмәәтин жақсы көргендей, жақсы көриўи керек. Биз Қудай сөзин талқылаўшының даналық пенен ескерткениндей, «күйеўдиң басқарыўы бул барлық нәрсениң оның қәлеўи бойынша исleниўи кереклигин билдирмейди. Павел күйеўлерге бәрин өзинше шешиўди буйырмайды, ал өз ҳаялларын қурбанлық мухаббат пенен жақсы көриўге буйырады». Атақлы автор ҳәм пастор Джон Пайпер: «Ҳаялы қул болып хызмет етип жүрген ўақытта, телевизор алдында отырған күйеў Масихты кеўил көтеретуғын бағдарламаларға алмастырады» - деп туппа-туўры айтады.

Усы Мухаддес Китаптан алынған үзиндиниң және бир қәте түсинилетуғын, жөнлениўге мүтәж талқылаўы бар. Еркеклердиң ҳаялларын Масих Өз Жәмәәтин сүйгендей, сүйиў парызы умытыла отырып, ҳаялларға бойсыныўы ҳаққында көп айтылады. Көплеген ер адамлар Ефеслилерге жазылған хаттағы 5-бапта оларға берилген өз ҳаялларын сүйиў буйрығын тән алмайды. Бундай буйрық жоқ деп, олар тек ҳаяллардың бойсыныўына пәт қояды. Олар Мухаддес Китапта некениң ишиндеги қарым-қатнаслар ҳаққында тек бир нәрсе: ҳаяллар өз күйеўлерине бойсыныў керек деп ойлаўға уқсайды. Бундай көз қарас таң қаларлық,

себеби Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабының үлкенирек бөлеги күйеўлерге өз ҳаялларын сүйиў буйрығына арналған (Ефес 5:25-32). Күйеўлерге Масихтың Өз Жәмәәтин басқарғандай, ҳаялларды басқарыў парызы қойылған.

Атақлы автор ҳәм жынислардың арасындағы қарым-қатнасларына дәстүрий көз қарастың тәрепдарлары Мэри Кассиан усындай әдилсизлик пенен қәҳәрленген көплеген ҳаяллардың сезимлерин билдирмекши.

> Некедеги ерли-зайыплылардың роллери ҳаққында тәлиймат бурмаланып бериледи. Көп адамлар ҳаялдың бойсыныўын жәриялап, еркектиң өз ўазыйпаларын орынлаўға итибар бермейди. Бул ҳаялларды үмитсизликке түсиреди. Оларға үзликсиз бойсыныў кереклиги айтылады, бирақ соны айтып, ҳеш ким усы бойсыныўы күйеўлер тәрепинен сүйиў парызы орынланғаннан кейин оған жуўап ретинде қайтарылады дегенди есинде сақламайды.
>
> Соның нәтийжесинде гейбир ҳаяллар Мухаддес Китаптың тәлийматына қарсы шығады. Ҳаялдың бойсыныўына қатаң пәт қойылғанлығы олардың күйеўлериниң, руўхый жетекшилери болып жүргенде, өз ҳаялларын бойсыныўға үйретиў өз парызы деп ойлаўына алып келеди. Бундай жағдай еркектиң қатаң, диктаторлық басшылығына алып келеди ҳәм ол ҳаяллық ўазыйпасын атқарыўына кесент етеди. Егер ҳаялдың бойсыныўына емес, ал еркектиң өз ҳаялын сүйиспеншилик пенен басқарыў парызына көбирек дыққат берилгенде, сонша гийнелер ҳәм тоңқылдыны шетлеп өтиўге болатуғын еди.

### а. Ҳаялыңызды Масих Өз исениўшилер Жәмәәтин жақсы көргендей, жақсы көриң

Масихтың қурбанлық сүйиспеншилиги шаңарақты басқаратуғын еркек ушын өрнек болып турыў керек. Масих Өз Жәмәәтин жақсы көрип, Өз сүйиспеншилигин ең исенимли түрде көрсететуғын еди. Ол Өз Қалыңлығы ушын өмирин берди. Ол Жәмәәт ушын өлди (Ефес 5:25). Ол -

денениң Қутқарыўшысы (Ефес 5:23). «Усыдан үлкенирек сүйиспеншиликти елеслетиў де қыйын». Масих исениўшилер жәмәәтин суў менен жуўып, Қудайдың сөзи менен тазалайды (Ефес 5:26), келешекте болса оның салтанатын тәмийинлейди (Ефес 5:27). Масих оның күйеўи болғаны ушын Өз Қалыңлығын (Жәмәәтти) мухаддес ҳәм минсиз түрде көз алдына келтиреди, себеби Оның Өзи мухаддес ҳәм минсиз (Ефес 5:27). Масих Өз жәмәәтин үлкен сүйиспеншилиги менен басқарады. Бул агапе деген сүйиспеншилик-пайда излемейтуғын ҳәм қурбанлық масихый сүйиспеншилиги.

Солай етип, масихый күйеўлер де усы сөздиң ең жоқары мәнисинде өз ҳаялларын сүйиў керек. Масихый-күйеў өзин толық дәрәжеде ҳаялына арнаўы керек-егер керек болса, өз өмирин де (Ефес 5:25). Ол өз ҳаялын напәк тәсирден сақлаўы ҳәм оның руўхый өсиўине жәрдемлесиўи керек. «Ийемиздиң Өз жәмәәтине сүйиспеншилиги - бул күйеўдиң өз ҳаялына сүйиспеншилиги». Масихый шаңарақтың айырықша белгиси, қурбанлық ҳәм пайдасын излемейтуғын сүйиспеншилиги болыў керек ҳәм сондай сүйиспеншиликтиң үлгисин күйеў көрсетиўи керек ҳәм тап усындай сүйиспеншилик пенен өз шаңарағын басқарыўы керек.

---

***Масихыйлық шаңарақта ҳәм жәмәәтте ҳаял басқа жердегиден көре өзин сүйикли ҳәм ҳүрметли сезиўи керек. Ҳаялға талап етиўшилик ямаса жек көриўшилик пенен қараўға болмайды.***

---

Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабында ҳаяллар еркеклер тәрепинен езилмеў керек деп анық айтылған. Масихыйлар шаңарағында ҳәм жәмәәтинде басқа ҳеш бир жерде болмағандай ҳаял адам өзин сүйикли ҳәм ҳүрметленген болып сезиў керек. Оған пайдаланатуғын ямаса менсинбейтуғын түрде қараўға болмайды. Еркеклер, бул әпиўайы, бирақ даналық сөзлерге қулақ салың!

### б. Ҳаялыңызды өз денеңизди сүйгендей сүйиң

28-аяттан баслап 33-аятына дейин 5-баптың жаңа бөлегин белгилейик. Павел күйеўлерге және бир мәртебе өз ҳаялларын сүйиўге шақырады. Бирақ бул рет ол өз талабын түсиндирип атыр. Күйеў ҳәм ҳаял айрықша, ҳеш нәрсеге тең келмейтуғын аўқамға бирлеседи. Неке қурғаннан кейин еркек ҳәм ҳаял еки айырым адам емес, ал бир дене, бир шахс болады. Усы баптың бөлеги Жаратылыс Китабынан алынған үзиндиде тийкарланған (Жарат 2:4), соны Павел 31-аятында келтиреди: «...ҳәм екеўи бир дене болады...». Ефеслилерге жазылған хаттың 5:28-33-ты және бир рет оқың.

**5:28** Сол сыяқлы, күйеўлер де ҳаялларын өз денесин сүйгендей сүйиўи шәрт. Өз ҳаялын сүйген, өзин сүйген болады.

**5:29** Ҳеш ким ҳеш қашан өз денесин жек көрмеген. Керисинше, Масих исениўшилер Жәмәәтине ғамхор болғаны сыяқлы, адам өз денесин азықландырып, оны күтеди.

**5:30** Себеби, бизлер Масихтың денесиниң мүшелеримиз.

**5:31** Сонлықтан, ер адам ата-анасын қалдырып, өз ҳаялына қосылады ҳәм екеўи бир дене болады.

**5:32** Бул сыр уллы, Мен буны, Масихқа ҳәм исениўшилер жәмәәтине байланыслы айтып атырман.

**5:33** Солай етип, ҳәр бириңиз өз ҳаялын өзин сүйгендей сүйсин. Ҳаял да күйеўин ҳүрмет етсин.

***(1) Күйеў ҳәм ҳаял бир дене, бир ет, бир адам.*** 28-аятта күйеўлерди өз ҳаялларын өз денесиндей сүйиўге шақырады. Некениң тийкары ҳаялдың ҳәм еркектиң бирлесиўинен ибарат. Некениң байланыслары еркек ҳәм ҳаялдың аўқамын тығыз ҳәм үзилмес қылады. Күйеў ҳәм ҳаял-еки бөлек жеке адам емес, ал бир дене, бир пүтинлик. «Соның нурында,-деп *Ллойд-Джонс* жазады,-күйеў өзин ажыралып турған, еркин жеке адамдай сезбеў керек». Күйеў өз ҳаялын қурбанлық сүйиспеншилиги менен сүйиўи керек, себеби ҳаял оның бир бөлеги.

Соның ушын күйеў өз ҳаялын өз денесин күткендей күтиў керек деген жуўмақ шығарамыз. Өз денесин күйеў, әлбетте, жақсы күтеди ҳәм ол нәрсе тәбиийий. Дени саў адамлардың бәри өз денесин жақсы көреди, демек оны күтип, оның барлық керек мүтәжликлерин қанаатландырады: азықландырады, кийим кийиўди, үй (жасайтуғын жер) табады. Соның ушын исениўши күйеўлер өз ҳаялларын сүйиспеншилиги менен азықландырыўы ҳәм әлпешлеўи, олардың мүтәжликлерин өзиниң ғамхорлығы менен қанаатландырыў керек. Буннан тысқары, күйеўдиң ҳәм ҳаялдың бирлиги соншелли, егер ер адам өз ҳаялына менсинбей қараса я оған зыян келтирсе, онда ол өзин менсинбегендей ҳәм өзине зыян келтиргендей болады.

Мухаддес Китаптың айтыўы бойынша некениң мақсетлериниң биреўи бирлесиў ҳәм бирликке жетиўден ибарат. Бул жерде, некедеги бирлик күйеўдиң басшылығына ҳәм ҳаялдың бойсыныўына байланыслы болғанын айтыўымыз шәрт. Сондай бирликке жетиў ушын күйеў өз ҳаялын Масих исениўшилер Жәмәәтин сүйгендей ҳәм Оны басқарғандай ғамхорлық қылыў ҳәм басқарыў керек. Өз гезегинде ҳаял да өз күйеўин Жәмәәт Масихқа бойсынғандай ҳәм Оның басшылығын қоллап-қуўатлағандай, бойсынып ҳәм қоллап-қуўатлаўы керек. Некениң ишинде күйеў ҳәм ҳаял ҳәр түрли роллерди атқарыўына қарамастан, олар бир-бириниң руўхый өсиўине ҳәм қәлиплесиўине көмек бериўи керек.

***(2) Масих ҳәм Оның халқы-бир Дене.*** Ҳаялларды өз денесиндей сүйиў керек деген шақырықтан кейин Павел ерли-зайыплылардың қатнасықларын, Масих ҳәм исениўшилер Жәмәәтиниң қатнасықлары менен салыстырыўға және бир мәртебе қайтады: «Ҳеш ким ҳеш қашан өз денесин жек көрмеген. Керисинше, Масих исениўшилер Жәмәәтине ғамхор болғаны сыяқлы, адам өз денесин азықландырып, оны күтеди. Себеби, бизлер Масихтың денесиниң мүшелеримиз» (Ефес 5:29-32). Бизлер бул жерде және Ийсаның Өз жәмәәтине көрсеткен ғамхорлығы күйеўлер ушын ең жақсы үлги болатуғынын көрип турмыз (Ефес 5:29).

30-аятта барлық исениўшилерге мынадай ескертиў бериледи: олардың ҳәммеси бирге Масихтың Денесин қурайды, Ол оны азықландырады ҳәм әлпешлейди, себеби ҳәр биримиз-Оның Денесиниң мүшелеримиз. Масих Өз Денесин жақсы көреди ҳәм оның аманлығы ушын бәрин ислейди. Некениң ишиндеги қатнасықларда күйеў Масихтың үлгисине ериўи керек.

***(3) Уллы сыр.*** Масихтың Денесин ескеркеннен кейин Павел Ески Келисимнен аят келтиреди (Жарат 2:24), дәслеп Адам ата ҳәм Ҳаўа енеге арналған аят: «Сонлықтан, ер адам ата-анасын қалдырып, өз ҳаялына қосылады ҳәм екеўи бир дене болады». Неке дүнья жүзиндеги барлық байланыслардан парқлы болып, еки адамды бир жеккелик, бир денеге, бир етке бириктиреди. Не ушын Павел усы Ески Келисимдеги аятты келтирген ҳәм оны Масих ҳәм Оның Денеси менен байланыстырған? Себеби, Масих ҳәм Оның Денесиниң арасында қатнасықлар, некедеги еки адамның арасында тығыз қатнасықлардай үзилмес ҳәм мәңги аўқам болып тур ҳәм бул аўқам сүйиспеншиликке тийкарланған.

Жаратылыс Китабынан аят келтиргеннен кейин Павел былай жазады: «Бул сыр уллы. Мен буны Масихқа ҳәм исениўшилер жәмәәтине байланыслы айтып атырман» (Ефес 5:32). «Сыр» деген сөз усы жағдайда «ашылған сыр» деген мәнисте тур; бурын сырлы болған Қудайдың жобасы енди ашылды, бул бизлерге Масих арқалы ашылды ҳәм исениўшилерге айтылып атыр. «Әдеттегидей сыр деген зат жасырылған билимди аңлатады, Мухаддес Китаптың ишинде болса Сыр-бул ашық ҳақыйқат».

---

***Ҳақыйқый неке-бул Масих ҳәм Оның Жәмәәтиниң бирлиги. Эдем бағында бекитилген неке менен бирге қалған барлық некелер Қозының ҳәм Оның Қалыңлығы, Жәмәәтиниң тек сәўлелениўи ғана болып табылады...***

Уильям Уэйнрайх

Павел айтқан уллы ҳәм әжайып «сыр» дың астында Ески Келисимниң Жаратылыс Китабындағы аяттың (Жарат 2:24) жасырын ҳәм пайғамбарлық мәниси көзде тутылған. Усы жерде ашылған ҳақыйқат бизлерге мынаны көрсетеди: Жаратылыс Китабының 2-бабы 24-аятында сүўретленген Адам ата ҳәм Ҳаўа ененең аўқамы қайта тирилген Ийса ҳәм Оның қутқарылған халқының пайғамбарлы аўқамының образын аңлатады. Сол себепли 24-аяттағы пайғамбаршылығы болған сөзлердиң өмирде орынланғанын Ийса Масих ҳәм Оның жәмәәти арасындағы қатнасықларындан излеў керек. «Ҳақыйқый неке-бул Масих ҳәм Оның жәмәәтиниң аўқамы. Қалған некелердиң бәри Эдем бағында бекитилгенди де есаплағанда бул Қозы ҳәм Оның Қалыңлығы, исениўшилер Жәмәәтиниң некесиниң ҳәлсиз сәўлелениўи». Соның ушын некениң үлгиси деп еркек басымлық көрсетип, өз ҳаялын басқаратуғын ямаса екеўи де тең болған некелерди емес, ал Масих пенен исениўшилер Жәмәәтиниң некесин алыў керек. Соның менен бизлер төмендеги жуўмаққа келемиз: некедеги еркектиң басшылық етиўи ҳәм ҳаялдың бойсыныў бизлер гүресиўимиз керек болған залым деп есаплаўымызға болмайды. Керисинше, Қудайдың әжайып жобасы усыдан ибарат. «Бир жағынан бул некениң тийкары болып табылады».

Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабынан алынған өрнек болғандай үзинди 33-аят пенен тамамланады, онда болса еркекке «ҳаялын өзиндей сүйиўге», ҳаялға болса «өз күйеўинен айбыныў» шақырығы қалдырылған. Phobos деген грек сөзи бизлерде «айбыныў, сескениў» деп аўдарылған болып, қорқыныш пенен зәрреси ушыўдан баслап ҳүрметлеў менен бағыныўға дейин көп мәниге ийе. Берилген контексте оның ең анық мәниси «ҳүрметлеў, сыйлаў» деген сөзлери менен көрсетиледи. Ҳаял өз күйеўин Қудай тәрепинен таңланған шаңарақтың басшысы ретинде тән алып, ҳүрметлеўи керек. Бир талқылаўшы айтқандай, «Phobos («қорқыў»)-бул барлық иерархия қурамаларындағы қатнасықлардың нормал бөлеги». Күйеў шаңарақтың басшысы болғанлықтан,

ҳаял оған тек бойсыныў емес, ал «сыйласық та көрсетиўи» керек.

## B. КОЛОСАЛЫЛАРҒА ЖАЗЫЛҒАН ХАТ 3:18-19; БОЙСЫНЫЎ ҲӘМ МУХАББАТ

Бул хатта Павел Колосадағы жәмәәтине Ефеслилерге жазылған хаттың қысқартылған вариантын жоллайды. Бирақ, ҳәтте қысқартылған түринде де бул тәлиймат бийбаҳа Қудайдың сөзи болып, бизиң дыққатымызға ылайық. Павел бунда былай жазады:

**3:18** Ҳәй ҳаяллар, күйеўлериңизге бойсыныңлар. Бул Ийемизге тийисли болған ҳаялларға мүнәсип.
**3:19** Ҳәй күйеўлер, ҳаялларыңызды сүйиңлер. Оларға қопал қатнаста болмаңлар.

Усы кишкене үзиндиниң ишинде Павел масихый ҳаялларға және «бойсыныўды» буйырады. Ҳаяллар өз күйеўлерине бойсыныў кереклигине сүйене отырып, бизлер күйеўлер шаңарақтың басшысы болыў керек деген жуўмақ шығарыўымыз мүмкин. Бул жерде ер ҳәм ҳаялдың бир-бирине бойсыныўы ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмағанлығына жоқлығына дыққатыңызды аўдарың.

Соң Павел ҳаяллар өз күйеўине бойсыныўы кереклиги ҳаққындағы өз талабының жүдә әҳмийетли дәлийлин усынады. Ол «Бул Ийемизге тийисли болған ҳаялларға мүнәсип»,-деп жазады. «Мүнәсип» деген сөз бул жерде «керекли болған», «шәрт» деген мәнисин аңлатады. Солай етип, өз күйеўине бойсыныў-бул Қудай тәрепинен қойылған қағыйдаларды орынлаў.

«Ийемизге тийисли болған» деген сөзлер талап етилген бойсыныўды Ийса Масихты Ийем деп бойсынатуғын ямаса Ийсаны Ийемиз деп сыйынатуғын жәмәәтлердеги адамлардың минез-қулқының үлгиси болыўы керек. Сол сықлы ҳаялдың бойсыныўы Ийемиз Ийса талап етип атырған минез-қулықтың ҳәм исениўшилер жәмәәтиниң күткен үлгиси болыўы керек. Ҳаял өз күйеўине, ол буған мүнәсип болғаны ушын емес, ал Ийемиз Ийса Масихтың ерки усылай болғаны ушын бойсынады.

Күйеў де өз ҳаялы алдында орынлаўы керек болған белгили бир ўазыйпаларына ийе. Павел «Ҳәй күйеўлер, ҳаялларыңызды сүйиңлер. Оларға қопал қатнаста болмаңлар»,-деп жазады. Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабында айтылғандай, күйеў өз ҳаялын езиўи , қадағалаўы, буйрық бериўи ҳәм жумсаўы емес, ал сүйиўи керек. Масихый сүйиспеншиликтиң мәнисин Қудайдың Өзи белгилейди. Питер О. Брайан талқылаўшы, бул сүйиспеншиликтиң тәбиятын былай сүўретлейди: «Бул тек ғана қуштарлық ямаса жынысый берилиў сезими емес, ал бул сүйиспеншилик үзликсиз ғамхорлық етиў ҳәм өз ҳаялына оның аманлығы ушын хызмет етиўден ибарат десек болады... Бул-өзин ойламайтуғын ҳәм Масихтан үлги алыўға ҳәрекет ететуғын қурбанлық сүйиспеншилик».

Буннан кейин айрықша ескертиў бар: күйеўлер өз ҳаялларына «қопал» қатнаста болмаўы керек. Қопаллық-бул көп еркеклердиң әдеттеги мәселеси болған сүйиспеншиликтиң жетиспеўшилиги. Күнделикли тәшўишлер менен бәнт болған, турпайы сөзлерди айтып, ҳаялларға ашыў менен қарап, қаталлықты, шыдамсызлықты излеп, күйеўлер өз өкпелерин ҳаялларға көрсетиўге ийиледи. «Адамлардың минез-қулқының ерси қылықлары арқалы бизлер изин ойламай-ақ, ең жақсы көретуғын адамларымызды өкпелетемиз». Лекин, усындай етип атырғанымыз Ийемиздиң еркине қарсы шығады. Ол ҳаялларға сондай етилмесин деп ескертеди ҳәм қадағалайды.

## Г. КОРИНФЛИЛЕРГЕ 1-ХАТ 7:1-40: АЖЫРАСЫЎ, ЖАЛҒЫЗЛЫҚ ҲӘМ ЕРЛИ-ЗАЙЫПЛЫЛАРДЫҢ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Коринфлилерге жазылған 1-хатта бизлердиң дыққатымызға ҳәр бир жергиликли жәмәәтине бәрҳа тәсир етип атырған сораўлар ҳәм машқалалар усынған. Коринфлилерге жазылған 1-хатын ҳеш ким жүректен тасқынлататуғын мәселелери жетиспеўшиликте ямаса абстракт ой-пикирлерде қолланылғанында сын ете алмайды: оның ҳәр бир бабында бизлер машақатлы Коринф қаласында туўылған исениўшилер жәмәәтиниң соқлығысқан ҳақыйқый өмир

ҳалатларын көрип турмыз. Сол ушын Павелдиң усы хатта жыныслардың арасында қатнасықларна қайтып келгени таң қаларлы емес (6:12-20, 7:1-40, 11:2-16, 14:35-37). Бул сораў бизиң күнлеримизде Павелдиң дәўириндегидей көп күшли айтыслардың себеби болып атыр.

Коринфлилер Павелге гейбир алдындағы хатта жазылғанларына тийисли болған нәрселерди түсиндирип бериў илтимасы менен жолығады (Коринф 1-хаты 7:1, 5:9). Буннан ол неке темасын қозғайды. Сол дәўирдеги жыныслардың қатнасықларына, неке ҳәм ажырасыўға көз қарасларда бирдей пикир жоқ еди, соның ушын 7-бапта Павел усы мәселелерди шешиўге талпынады.

Ажырасыў ҳаққында айтқанда, Павел күйеўлер менен ҳаялларға тең ҳуқықлы инсанлар сыпатында қарайды. Жалғыз баслы адамларға сөйлегенде де, ол еркек ҳәм ҳаялдың арасында парық көрсетпейди (Коринф 1-хаты 7:7-9, 25-35). Ол жалғыз баслы адамларды-еркеклерди де, ҳаялларды да өз жағдайын артықмашлықтай есаплап, басқа ҳеш нәрсеге берилмей, оны Қудайға хызмет етиў ушын арнаўды усынады (Коринф 1-хаты 7:25-35). Елши былай усыныс етеди: барлық ҳаялларға турмысқа шығып, балалы болыў шәрт емес. Ҳаяллар еркеклерге уқсап өз жалғызлығының артықмашлығын Қудайға хызмет етиў арқалы пайдаланыўы мүмкин.

Бизлерди Павелдиң жынысый қатнасықларға қойылған тең ҳуқықлығы ҳәм тең ўазыйпалы болғаны айырықша қызықтырады. Ерли-зайыплылардың өмиринде усы тараўда ҳеш қандай басқарыў/бойсыныў ҳаққында сөз болыўы мүмкин емес. Усы бапты талқылаўда феминистлер ҳәм олардың қарсыласлары толық қосылады.

Коринфлилерге жазылған 1-хаттың 7-бабының аятларын оқың:

**7:3** Ер адам өз ҳаялына деген, ҳаял да өз күйеўине деген ерли-зайыплылық ўазыйпасын орынласын.

**7:4** Өйткени, ҳаялдың денеси үстинен ҳаялдың өзи емес, ал күйеўи бийлик етеди. Сол сыяқлы, ер адамның денеси үстинен де ер адамның өзи емес, ал ҳаялы бийлик етеди.

**7:5** Ерли-зайыплылық ўазыйпасын орынлаўда, бир-бириңизден бас тартпаңлар. Тек өз ара келискеннен соң, өзлериңизди дуўа етиўге толық бағышлаў ушын ғана ўақытша бөлек болыңлар. Өзиңизди тыя алмағаныңыздан шайтан пайдаланып, сизлерди азғырмаўы ушын кейин және бирге болыңлар.

Коринфтеги гей бир масихыйлар өзлерин некеде тыйыўды жәриялап жүрди. Павел сондай жағдайлардың болмаўы кереклигин айрықша көрсетеди: «бир-бириңизден бас тартпаңлар». Некедеги жақын жынысый қатнасықлар - бул тек ғана қанаатланыыў емес, ал ерли-зайыплылық ўазыйпа: (Коринф 1-хаты 7:3). Күйеўге (я ҳаялға) жақын қатнаста болыўдан бас тартыў оның физиологиялық мүтәжликти қанаатландырмаўды аңлатады, сизиң жолдасыңыздың болса, оған толық ҳуқықы бар.

Лекин, Павел некениң ишинде ўақтынша бөлек болыўды өз ара келисим менен рухсат етеди: Коринф 1-хаты 7:5.

4-аятта Павел Мухаддес Китаптың сөзлериниң ишиндеги ең таң қалдыратуғын сөзлерди айтады: «ҳаялдың денеси үстинен ҳаялдың өзи емес, ал күйеўи бийлик етеди. Сол сыяқлы, ер адамның денеси үстинен де ер адамның өзи емес, ал ҳаялы бийлик етеди» (Коринф 1-хаты 7:4). Бул жынысларды teңлигиниң ҳәм олардың некедеги бириктириўдиң жәрияланыўы. «Бул қатаң параллелизмниң ең таң қаларлық мысалы. Ерли-зайыплылар бир-бирине байланыслы ҳәм теӊ ҳуқықлы».

Ер адамның некедеги басқарыў ўазыйпасы соның менен жақын қатнасықларда тең ўазыйпалы болыў менен сай келиўи керек. Жынысый қатнасықты еркеклердиң артықмашлығы деп есапламаўымыз керек.

---

***Өзиниң денеси үстинен ҳаял емес, ал ер адам ҳәким, ер адам да өз денеси үстинен ҳәким емес, ал ҳаялы оның үстинен ҳәким.***

Елши Павел

Ер адам өз денесиниң үстинде бийлик етпейди ҳәм тек ғана өз ықтыяры менен жүре алмайды. Еркек сыяқлы ҳаял денесиниң үстинен, Қудай тәрепинен берилген ер адамның үстинен ҳүкимлик етиўге ҳақысы бар. «Күйеўи де, ҳаялы да өз өмир жолдасы денесиниң үстинен ҳүкимлик етиўге ҳақысы жоқ». Бул пикир, Сулайманның Қосықлар Қосығы Китабында жақсырақ көрсетилген: «Мениң сүйгеним меники, ал мен болса оныкимен...» (Колос 2:16).

## Д. ТИТУСҚА ЖАЗЫЛҒАН ХАТ 2:3-5: ҲАЯЛЛАР УШЫН СҮЙИСПЕНШИЛИК ҲӘМ БОЙСЫНЫЎ ҲАҚҚЫНДА ТӘЛИЙМАТ

Өзи менен бирге ислеўши Титусқа, ал ол арқалы болса, Крит атаўында жайласқан исениўшилер жәмәәтине Павел былай жазған: ол жасы үлкен, көбирек тәжирийбели болған ҳаялларды жасларды өз күйеўлерин ҳәм балаларын сүйиўге, мийримли, кеўилли ҳәм пәк болыўға ақылнәсият бериўге шақырады. Жас ҳаяллар өз үйине ғамхорлық қылыў керек ҳәм өз күйеўлерине бойсыныў керек.

Исениўши ҳаяллар ҳәм аналар ушын бул Титусқа жазылған хаттың аятлары жүдә әҳмийетли. Усы үзиндиде, олардың бас ўазыйпасы күйеўлер, балалар ҳәм үй ҳаққында ғамхорлық етиўинен ибарат деп көрсетилген. Өзиниң «Rocking the Roles: Building a Win-Win Marriage» деп аталған әжайып китабында Роберт Льюис ҳәм Уильям Хендрикс былай жазады:

> Титусқа жазылған хаттың 4 ҳәм 5-бапларында келтирилген ўазыйпалардың дизими улыўма Мухаддес Жазыўдағы ҳаялдың роли ҳаққында айтатуғын аятларының ең қысқа анықламасы болып тур. Бул роль бир ғана көмекши деген сөз бенен анық белгиленеди (Қудай Жаратылыс Китабында 2:18-та Ҳаўа енени усылай етип атаған).
>
> Некедеги ҳаялдың роли тек усы ўазыйпаларды орнылаўына қысқартылмайды. Ҳаял тек Павелдиң усы хатта жазғанлары менен өзин шеклеўи шәрт емес. Бирақ, ол усы ўазыйпаларды орнатыўдан ямаса оларды кеўил бермей ислеўден, және де ол өз

ўазыйпаларын, өз ҳақ кеўилли жобаларын иске асырыў ушын бас тартыўға ҳақысы жоқ. Планеталар Қуяш дөгерегинде айналғанындай, некениң ишинде де барлық зат ҳаялдың әҳмийетли ўазыйпалары ҳәм оның ең тийкарғы ғамларының дөгерегинде айналыўы керек. Усы ўазыйпаларын орынлаў ушын ҳаял барлық ўақтын ҳәм күшин сарплаўы керек. Қудай оны неге шақырғанын ҳәм оның ҳақыйқый алдын белгилеген нәрсеси неде екенин ҳәр дайым еслеп жүриўи керек.

Ҳаялдың өз ўазыйпаларын жуўапкершилик пенен орынлаўы оның некесин беккемлейди, себеби өмир жолында ушырасқан тосықлардың бәрин дурыс түсиниўге ҳәм баҳалаўға жол ашып береди. Тилекке қарсы, көплеген ҳаяллар ҳаял ҳәм ана болыў ўазыйпаларын өз күшиниң сансыз имканиятларының биреўи ғана деп есаплап, үлкен қәтеге жол қояды. Ҳаялдың роли Мухаддес Китапта анық белгиленген ҳәм бул гүманландырмаў керек.

Заманагөй жәмийетте ҳаялды өз күшин сыртқа шығарыўға ҳәм өз ғайратын әмелге шақырады ҳәм оны неке, жумыс ислеўге ҳәм ден саўлыққа зыян келтиреди деп инандырыўға ҳәрекет етеди. Соның ушын масихый ерли-зайыплыларға Павел Титусқа жазған хаттың 2-бабында айтқан сөзлерине қулақ асыўға ҳәм оларды әмелге асырыўды усынамыз:

**2:3** Сол сыяқлы, үлкен жастағы ҳаялларға да ҳүрметке ылайықлы өмир сүриўди, өсекши ҳәм мәскүнемшиликтиң қулы болмай, ал жақсылықты үйретиўши болыў кереклигин үйрет.

**2:4-5** Сонда үлкен жастағы ҳаяллар жас ҳаялларға ақыл-нәсият бере алады.

Қудайдың сөзиниң қараланбаўы ушын олар жас ҳаялларға күйеўлерин ҳәм балаларын сүйиўди, өзлерин тыйып билиўди, пәк, хожалыққа садық, мийримли болыўды ҳәм күйеўлерине бойсыныўды үйрете алады.

Титусқа жазылған хаттың 2-бабының ең басында елши Павел өз шәкиртине былай буйырады: «Ал сен болса дурыс тәлиймат бойынша тәлим бер» (2:1). «Дурыс тәлиймат» деп, Павел саў масихый тәлийматын айтып атыр. Ҳаяллар ҳәм аналар ҳаққында айтылғанның барлығы беккем масихый тәлийматының өзи, грек-римли заң (нызам) емес. Усы тәлиймат бойынша жасы үлкен, тәжирийбели ҳаяллар жас ҳаялларға үйретип, олар ушын жақсы өрнек болыў керек. Павел үлкен жастағы ҳаяллар жас ҳаялларды үйрететуғын жети айрықша саўапларды келтиреди. Бизлер олардың төртеўин қарап шығамыз.

## 1. Күйеўге сүйиспеншилик

Ҳаялдың бас роли өз күйеўине жәрдемши болыўдан ибарат (Жарат 2:18) ҳәм усы ролди атқарыў ушын өз күйеўин жақсы көриўи шәрт. Усы гүнәкар дүньяда ҳаялға еркек пенен тил табысыў қыйын. Басқа адамды жақсы көриў аңсат емес ҳәм еркеклердиң көбиси оны жеңилирек ислеўге ҳәрекет те ислемейди. Некениң ишинде көбейип атырған шийеленискенлик ҳәм жәнжеллер ҳаялдың өз күйеўине сезетуғын сүйиспеншиликтиң отын өшириў емес, ал бул оттың жанып турғанын услаў ушын ҳаялға көмеклесиў керек.

Неке бул қурбанлық Масих сүйиспеншилигиниң ең жақсы мектеби. Жасы үлкенирек ҳаяллар жас ҳаяллар ушын жақсы муғаллим ҳәм мәсләҳәтши бола алады. Усы мектептиң ең әҳмийетли ҳәм тийкарғы сабағы болыў керек. Ҳаял өз күйеўин сүйсе, некениң ишиндеги машқалалар аңсатырақ шешиледи.

## 2. Балаларға сүйиспеншилик

Масихый ана ушын және бир әҳмийетли парыз балаларына ғамхорлық көрсетиўден ибарат. Балалар ҳаялдың өмириниң ең тийкарғы тараўы болыўы керек. Бүгин көп раўажланған мәмлекетлерде жәмийет бала туўыўға қарсы қаратылған бирақ, Хош Хабар тарқататуғын масихыйлар балалардың биринши дәрежели әҳмийетин ҳәм ана болыўдың әҳмийетлигин жәриялаўы керек. Recovering

Biblical Manhood & Womanhood китабының авторы Дороти Паттерсон былай жазады: «Ана ең үлкен ширкеўден үлкенирек ҳәм жақсырақ нәрсени-мәңги жасайтуғын жанды дөретеди. Усы мақсетлерге жетиў ушын ҳеш қандай жумыс өзинде сондай айрықша түрде аўыр мийнетти ең жоқары мақсетлери менен бириктирмейди».

Аналар өз балаларын жақсы көриўге үйрениўи, өз дыққатының бәрин оларға бериўи, өз материаллық абаданлығынан ҳәм жумысынан жоқарырақ қойыўы ҳәм олардың қутқарылыўы ушын оларға Қудайдың сөзин үйретиў керек (Тимофей 2-хаты 1:5; 3:15). Паттерсон бизиң күнделикли ўазыйпамызды жүдә анық түсиндирип берип атыр: «Жақын келешекте бизлер жас ҳаяллардың ана болыўға қызығыўшылығын арттырыўымыз керек». Жасы бар масихыйлар жасларды өз балаларын сүйиўге үйретиўи керек.

### 3. Үй ҳаққында ғамхорлық қылыў

Ҳаял ҳәм ананың және бир ўазыйпасы-бул хожалыққа жанкүйер болыў. Сулайманның нақ. мақ. китабында (31:27) айтылғанындай, «ол хожалығын қарайды ҳәм бийкар нанын жемейди». Жасы үлкенирек, тәжирийбели масихый ҳаяллар жас ҳаялларға жақсы үй бийкеси болыўға көмеклесиўи керек. Үй шаңарақтың барлық ағзалары ушын усы жердеги ең жағымлы жер болыў керек ҳәм ҳаялға усы үйдиң бийкеси болыў ҳүрметли ҳуқықы берилген. Ол үйдиң сулыўлығы, тазалығы ҳәм қолайлығы ҳаққында ғамхорлық етеди. Бул пүткил адамзаттың ден саўлығы ҳәм дурыс тәрбияланыўы ушын ең керекли жумыс.

### 4. Күйеўине бойсыныў

Күйеўиниң көмекшиси бола отырып, ҳаял оған бойсыныўға да үйрениўи керек. Тәжирийбели ҳаялларға өз күйеўлерине бойсыныўдың кереклигин түсиниўине көмеклесиў керек ҳәтте, масихый үйде де оны ар-намыслы күйеў басқарса да, ҳаялға бойсыныў қыйын болып турады. Бир ўақытлары ол қандай бойсыныў кереклигин билмейди де. Соның ушын жас ҳаялларға даналы

мәсләҳәт ҳәм көмек керек, буны болса жасы үлкенирек ҳәм тәжирийбеси байырақ әжапалары бере алады. Буннан басқа, жас ҳаяллар өзиниң көмекши, ҳаял, ана ҳәм үй бийкеси ролин баҳалаўға үйрениўи керек. Бул ролди зордан шыдап атқарыўға ямаса оған нәўбеттеги диний тәлийммат есабында қарамаў керек. Егер ол соны ислеп, Қудайдың еркин орынлап атырғанын түсинсе, ҳаял өз күйеўине бойсыныўдың мүмкиншилигин ҳәм кереклигин сол ўақытта түсинип шын жүректен баҳалап баслайды.

Ақырында Павел жас ҳаялларға да, жасы үлкенлерге де ескертеди: олардың исенбеўши қоңысылары ҳәм ағайинлери бәрҳа олардың жүрис-турысына қарап жүреди. Соның ушын Муҳаддес Жазыў оларға «Қудайдың сөзи қараланбаўы ушын» пәк өмир сүриўди буйырады. Пикирлеримизди Мэри Кассиан былай жуўмақлайды: «Өз үйин, шаңарағын ҳәм күйеўин ойламайтуғын ҳаяллар Масихты пәс қойып, оған бойсынбайды».

## Е. ТИМОФЕЙГЕ ЖАЗЫЛҒАН 1-ХАТ 3:4-5, 12: ЕРКЕКЛЕР ӨЗ ШАҢАРАҒЫНЫҢ ЖАҚСЫ БАҒЫЎШЫЛАРЫ СЫПАТЫНДА

Муҳаддес Китапқа муўапық, жәмәәт жетекшилери өз үйлерин жақсылап басқарыўы керек (әсиресе балаларын; Тимофей 1-хаты 3:4-қа қараң); бул жәмәәт жетекшисиниң шаңарағы минсиз болыўды аңлатады. Усы талаптың әҳмийетин Павел мынадай сораў менен айырады: «.себеби ким өз үйин басқара алмаса, ол Қудайдың Ибадатханасына Жаны ашый ма?». Усы сораўға тек бир жуўап бериліў мүмкин: өз үйин басқарып билмейтуғын адам Қудайдың жәмәәтин басқара алмайды.

---

***Солай етип, жәмәәт жетекшиси минсиз, бир ҳаяллы, салмақлы, өзин тутып билетуғын, әдепли, миймандос ҳәм тәлим бериўге қәбилетли болыўы шәрт. Және де, ол мәскүнемликке берилген, қызба, жәнжелкеш, пайдакүнем болмай, ал мүләйим, өз үйин жақсы басқаратуғын, балалары-***

***на сөзин тыңлатып, өзин ҳүрмет еттире алатуғын адам болыўы лазым. Себеби, өз үйин басқара алмайтуғын адам, Қудайдың жәмәәтине қалай ғамхорлық қыла алады?***

Тимофей 1-хаты 3:2-5

Жазыў менен салыстырсақ, жергиликли жәмәәттиң жетекшиси масихый жүрис-турысының тири үлгиси болып жасаў керек ҳәм барлық исениўшилер усы үлгиге қарап өмир сүриўи керек (Петрдиң 1-хаты 5:3). Жетекши өз үйин жақсылап басқарып жүргеннен кейин масихый еркеклер оның үлгисине ерип, өз шаңарағының жақсы басқарыўшысы болыўға ҳәрекет етиўи керек.

Бизлер изертлеген Муҳаддес Жазыўлардан анық болып турғанын (Тит 2:4-5; Тимофей 1-хаты 3:4-5), исениўши ҳаяллар ҳәм еркеклер еркектиң басқарыўы шәртлигинде биргеликте ислесиўи керек. Олар бир-бирин қоллап-қуўатлайды ҳәм бир-биринен ғәрезли болады.

## 3-бапқа сораўлар

1. Не ушын ҳәзирги күнлеримизде адамлар «бойсыныў» деген сөзге жаман ойда қарайды? Сондай қараўдың 2 себебин келтириң.
2. Профессор Уэйн Грудэм «hypotassō»-«бойсыныў» деген грек сөзи ҳаққында не айтады?
3. Ҳаял өз күйеўиниң ҳәр бир талабына бойсыныў керек пе? Өз жуўабыңызды тастыйықлаў ушын мысал келтириң.
4. Не ушын ҳаял дәслеп өзиниң сыртқы сулыўлығы емес, ал ишки сулыўлығын ойлаўы керек? Үш себеп келтириң.
5. Петрдиң 1-хатында (3:7) айтылыўы бойынша масихый еркек өз ҳаялына қандай мүнәсибетте болыўы керек? Жуўабыңызды сүўретлеў ушын қандай да бир масихый шаңарақтың өмиринен жақсы мысаллар келтириң.
6. Павелди ҳаялды жек көриўши адам деп айтып атырғанларға не деўге болады? Өз жуўабыңызды тастыйықлаў ушын Муҳаддес Китаптың аятларын келтириң.

7. Ефеслилерге жазылған хатында *бас* деген сөзи қандай мәниске ийе? Жуўабыңызды түсиндириң.
8. Ефеслилерге жазылған хаттың бесинши бабында еркек басқарыўы ҳәм ҳаял бойсыныўы ҳаққындағы тәлиймат ҳақыйқый масихый тәлиймат болғаны, ал сол дәўирдеги үрп-әдетлериниң салғырты емес дегени қалай көрсетиледи?
9. Күйеўлер Мухаддес Китаптың некедеги басқарыўы ҳаққында тәлийматты қандай етип бурмалайды? Кеминде үш мысал келтириң.
10. Павел Ефеслилерге жазған хаттың бесинши бабында сүўретленген некениң ишиндеги қарым-қатнаслардың айрықша түрин баянлап бериң. Некениң ишиндеги сондай басқарыўдың сизге таныс болған мысалды келтириң.
11. Коринфлилерге жазылған биринши хатынан үзиндиниң ишинде айтылған сөзлер масихый ерли-зайыплыларды неге үйрете алады? Исениўши күйеўлер ҳәм ҳаяллар (әсиресе ерлер) некедеги ўазыйпалары ҳаққында не билиў керек?
12. Титусқа жазылған хатта айтылыўы бойынша ҳаялдың ҳәм ананың тийкарғы ўазыйпалары неден ибарат?
13. Не ушын жәмәәт жетекшиси өз үйин басқарып билиў керек? Еки себеп келтириң.
14. Сиз усы баптан некедеги басқарыў ҳәм бойсыныў принциплери неден ибарат екенлигин түсиниў ушын жаңа мағлыўмат алдыңыз ба?

# IV БАП

# ӨЗ ЕЛШИЛЕРИ АРҚАЛЫ ИЙСА МАСИХ ЖЫНЫСЛАРДЫҢ ТЕҢЛИГИ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ МАСИХЫЙ ЖӘМӘӘТТЕ ҲӘР ТҮРЛИ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ТӘЛИЙМАТТЫ ЖЕТКЕРДИ



Айтыўым керек, — деди Том, — елшилердиң некедеги басқарыў/бойсыныў негизиниң бар екенлигиниң дәлийллери күшли ҳәм исенимли.

— Жүдә жақсы. Сол себепли ҳаяллар ҳәм еркеклердиң масихый жәмәәтинде атқаратуғын роллерин изертлеместен бурын, бизлер изертлеўимизди масихый некеден баслайық.

— Соның менен не айтпақшысаң? — деп сорады Том.

— Егер сиз Қудайдың неке ҳәм шаңаракқа тийисли қойған жобасын түсинбесеңиз, ерлер ҳәм ҳаяллардың масихый жәмәәтиниң ишинде атқаратуғын роллерине арналған Жаңа Келисимниң тәлийматын түсине алмайсыз.

— Неге? — деди Том.

— Адамлардың көбиси ерлердиң ҳәм ҳаяллардың жағдайына Жаңа Келисимниң көз қарасын қабылламайды, себеби бөлек, кишкене шаңарақ ҳәм үлкен шаңарақ, яғный, жергиликли жәмәәттиң арасында белгили бир байланыс бар болғанын түсинбейди. Павел еркеклердиң ҳәр бир бөлек шаңарақтың басқарыўы сыяқлы, олардың үлкен шаңарақ-жәмәәтлик қәўимниң ер басқарыўы ҳаққында да айтады. Соның ушын бизлер әдеттеги шаңарақта ким басқарыўшы екенлигин түсинбегенше, жәмәәтимиздиң шаңарағында ким басқарыўшы екенин түсинбеймиз.

— Даналы болып көринеди.

— Және айтсам, Жаңа Келисимниң авторларының айтыўы бойынша Жәмәәт — бул Қудайдың үйи ҳәм жынысларды арасындағы айырмашылықлар, Қудайдың ойлап қойған жобасының үлгиси болып турыўы керек. Соның ушын жергиликли жәмәәтке ерлердиң басқарыў ҳәм ҳаяллардың бойсыныў негизлерин жәриялаў ҳәм оны өмирге асыраў керек.

— Мениң досларым не айтатуғынын билемен, — деп тез жуўап берди Том, — мен олардың сөзлерин еситип турғандай болып турыппан: соның барлығы мәдений үрп-әдетлериниң салғырты, бизиң жәмийетимизде жыныслар арасындағы айырмашылықлар ҳеш қандай мәнисти билдирмейди. Олар мени Мухаддес Китаптың жүдә сөзбе-сөз етип қабыллағанымда айыплайды.

— Том, сениң досларың Мухаддес Китапқа өз-өзин талқылап бериўге рухсат бермейди. Олар Қудайдың сөзине жүдә еркин түрде жолығады. Жоқарыда ерлер ҳәм ҳаяллардың роллери ҳаққында айтылғанның барлығын беккемлеў ушын Павел жүдә исенимли дәлийллерди келтирди. Ол Жаратылыс Китабының ишиндеги сүўретленген жаратылыс тарийхына барлық жәмәәт ҳаялдың бойсынған ҳалатына, Үшбирликтиң адамлардың арасындағы қарым-қатнасларына, Масихтың ўәсиятларына ҳәм өзиниң елшилик ҳәкимшилигине сылтаў етеди. Олардың бәрин үрп-әдетлердиң салғырты десек болмайды ғо.

— Ал, олай болса, жынысларды теңлиги принципи ҳәм ерлердиң басқарыў принципи бир-бирине қарсы болып турған жоқ па? Мен бул ҳаққында жийи еситип тураман, — деп Том қарсылық билдирди.

— Яқ, бул принциплердиң екеўи де бир-бирин толықтырып, Қудайдың еки жыныс ушын ойлап қойған жобасын аңлатады.

— Онда мен Мухаддес Китаптың еркеклер ҳәм ҳаяллар роллери ҳаққында үзиндилерди изертлеўге таярман, — деди Том, — себеби усы мәселе маған ең қыйын болып көринип турыпты.

Шаңарақ жәмийеттиң ячейкасы, ер адам болса хожалықтың танылған басқарыўшысы болып тур, сонда жергиликли жәмәәтти де ер басқарып турғанына ҳайран болмаўымыз керек. Жәмәәттеги шаңарақ ер басқарыўының ҳәм ҳаялдың бойсыныўының үлгиси болып турыў керек ҳәм сол үлгиге қарап, масихыйлар Қудайдың еркин орынлаўға үйрене алады. Стивен Кларк усы принципти анық түсиндиреди:

> Масихый жәмәәтти басқарыў лаўазымына ер адамның қойылғанының және бир тийкары бар. Жәмәәт басқарыўдың дүзилиси оның социал (жәмәәтлик) дүзилисин беккемлеў ушын қолайлы етип шөлкемлестирилген. Егер ер шаңарақтың басшысы болып қойылған болса, онда ол жәмәәттиң басында да турыўы керек. Жәмәәттиң шаңарағы үй шаңарағын беккемлеў ушын кишкене шаңарақ болса, жәмәәтти қоллап-қуўатлаў ушын қолайлы етип шөлкемлестирилиўи керек. Шаңарақтың ишинде адамлар өзиниң жәмәәттеги ролин атқарыўға үйренеди ҳәм керисинше, жәмәәттиң ишинде көрген затлар, адамлар шаңарақта үйренгенин беккемлейди ҳәм орнатады. Сол себепли, жәмәәтти шөлкемлестириў тийкарынан басқаша болса, олар шаңарақтың байланысларын ҳәлсиретеди ҳәм керисинше де болады.

Ал, енди жәмәәттиң ишинде ер ҳәм ҳаяллардың роллерине тийисли болған Жаңа Келисимниң үзиндилерин изертлейик.

## А. ТИМОФЕЙГЕ ЖАЗЫЛҒАН 1-ХАТ 2:8-15; БОЙСЫНЫЎ ҲӘМ БАСҚАРЫЎ ЖӘМӘӘТЛИК ШАҢАРАҚТЫҢ ИШИНДЕ

Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабында масихый некесине арналған тийкарғы үзинди деп атасақ, Тимофейге жазылған 1-хаттың 2-бабы жергиликли жәмәәттиң ерлер ҳәм ҳаяллардың роллерин сүўретлейтуғын тийкарғы дерек сыпатында хызмет етеди. Бөлек айырып алынған

шаңарақ ушын Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабы қандай әҳмийетли болса, Тимофейге жазылған 1-хаттың 2-бабы жәмәәтлик шаңарақ ушын да соншелли зәрүр. Биз көрип атырған үзиндимизде, ҳаялларға анық ҳәм сөзсиз жәмәәтте үйретиўҳәм басқарыў ҳәмеллерине ийелик етиўди қадағалайды. Соның ушын бул текст (Жарат 2-бабындай) ерлер ҳәм ҳаяллардың қатнасықлары ҳәм роллери ҳаққындағы тартыслардың тийкарғы предмети. Сыншылардың тийкарғы соққылары әдеттегидей тап усы үзиндиге қаратылған. Ҳәр бир сөз, сөз дизбеги ҳәм ҳәр бир гәп көп мәрте изертленди ҳәм талқыланды, бирақ ҳеш бир талқылаўшы усы үзиндиниң ишинде берилгенлердиң талқыланыўынан шетлеп өте алмады.

Усы үзиндиниң дурыс түсинилиўи жүтә әҳмийетли болғаны ушын илтимас, изертлеўимиздиң ең басынан баслап жүдә итибарлы болың. Дыққатыңызды бир жерге жәмлеп ҳәм ойланып төмендеги аятларды оқың. Мухаддес Руўх сизге олардың мәнисин түсиниўиңиз ушын көмек берсин деп дуўа етиң.

**2:8** Жәмәәтдеги ер адамларға ашыўланбаўды ҳәм тартыспаўды ал ҳәмме жерде мухаддес қолларын көтерип дуўа етиў кереклигин үйретиўиңди қәлеймен.

**2:9** Ҳаялларда шашларына артықша сән бермей, өзлерин алтынлар, ҳинжилер ямаса қымбат кийимлер менен емес, ал сыпайы кийим, әдеп ҳәм ийбе менен безесин.

**2:10** Керисинше, олар Қудайдан қорқып жасайтуғын ҳаялларға ылайықлы жақсы links менен өзлерин көркем қылсын.

**2:11** Ҳаял тыныш ҳәм толық бойсынған ҳалда тәлим алсын.

**2:12** Ҳаялдың тәлим берип, ер адамды басқарыўына рухсат етпеймен. Ҳаял тыныш болсын.

**2:13** Өйткени дәслеп Адам-ата, соңынан Ҳаўа-ене жаратылды.

**2:14** Жәнеде Адам-ата емес, ал ҳаял алданып, гүна иследи.

**2:15** Бирақ, ҳаял исеним, сүйиспеншилик ҳәм мухаддеслик пенен, әдепли болып жасаса, бала туўыўы арқалы қутқарылады.

Тимофей 1-хаты 2:8-15

Бул хат жазылған ўақыттағы жағдайды белгилеп өтиўимиз орынлы. Ефес жәмәәтиндеги қысқа ҳәм унамсыз мийманшылығынан кейин Павел жалған тәлийматтың таралыўын тоқтатыў ушын ҳәм жәмәәт қурылысының негизлерин тиклеў ушын сол жерде Тимофейди қалдырды. Ефестен кеткеннен кейин Павел Тимофейге усы хаты жазады ҳәм соның ишинде жәмәәттеги түрли жәмийетлик топарлардың ўәкиллери өзлерин қалай тутыўы кереклиги ҳаққындағы мәселени көрип шығады. Тимофейге жазылған 1-хаттан алынған үзиндимизди түсиниў ушын улыўма мәнисине қарап итибар бериң:

> «Мен жақын арада сениң жаныңа барыўға үмит етемен. Бирақ егер кешиксем, *Қудайдың шаңарағында* исениўшилердиң *қалай ис тутыў кереклигин билиўиң ушын,* саған усы хатты жазып атырман. Қудайдың шаңарағы-ҳақыйқат тиреги ҳәм тийкары болған тири Қудайдың жәмәәти».

Тимофейдиң 1-хаты 3:14-15. Автордың курсивы

Ҳәр бир шаңарақтың өмири белгили бир тийкарлары ҳәм өзин тутыў қағыйдалары менен қадағаланған. Сол сыяқлы, жергиликли жәмәәттиң өмириде белгили бир масихый тийкарлар ҳәм жәмийетлик қурылыстың режелери менен басқарылады. Соның ушын Тимофейге жазылған хатта Павел Қудайдың шаңарағында масихый принциплер ҳәм өзин тутыў қағыйдалары ҳаққында айтады. Бул принципти ўақыттың я Ефес қаласындағы үрп-әдетлердиң қалдығы деп айтыўға болмайды. Павел барлық жәмәәтлер бәрқулла әмел қылып жасаў керек болған принциплерди тастыйықлайды.

---

***Егер ер адамға шаңарақтың басшысы болыў белгиленген болса, демек ол өзиниң қәўимине де басшы болыўы***

***керек. Жәмәәтлик қәўим шаңарақты қоллап-қуўатлаў ушын шөлкемлестирилген болыўы керек.***

Стивен Кларк

## 1. Ерлердиң дуўалары

Жергиликли жәмәәтте дуўаның биринши ҳәм бас орында турғаны-бул бизлер изертлеп турған жазыўдың (Тимофей 1-хаты 2:1-7) биринши темасы: «Ең алды менен исениўшилерге...». 1-аяттан баслап 7-аятқа шекем Павел бизлерди дуўаға қандай етип қараўымыз керек екенин үйретеди, кейин ерлерди дуўа етиўге шақырады: соның барлығы: «...Қудайдың шаңарағында өзин қалай тутыў креклигин билиў ушын...» деген ўәсияттың бир бөлеги. Павел және былай жазады: «Жәмәәттеги ер адамларға ашыўланбаўды ҳәм тартыспаўды, ал ҳәмме жерде мухаддес қолларын көтерип дуўа етиў кереклигин үйретиўиңди қәлеймен» (Тимофей 1-хаты 2:8.)

Павел ерлердиң ашыўланбай ҳәм тартыспай «мухаддес қолларын көтерип» дуўа етиўин қәлейди. Мухаддес, таза қоллар кир қолларға қарсы көрсетиледи, кир қоллар болса, Қудайға унамсыз гүнакар жүректи аңлатып тур. Дуўа еткенде адамның турысы я қолларының қалай қойылғаны емес, ал жүректиң жағдайы әҳмийетли. Дуўа етип атырған адамның жүреги тап-таза болыўы керек. Мухаддеслик ҳәм дуўа етиў бир-биринен айырылмайды, - дейди Забур жыршысы: «Жүригимде жаманлықты көрсем, онда Қудай мени еситпес еди» (Забур 65:18).

Анығырақ айтқанда, ерлер бир-бирине кеўли толмаса ямаса ғәзепленген ўақытта дуўа етпеў мәсләҳәт етилген еди. Бул Ефестеги жәмәәт ушын жүдә әҳмийетли еди, себеби жалған тәлиймат таралыўының нәтийжесинде исениўшилер арасында тез-тез жәнжеллер ҳәм айтыслар пайда болып турады. Сондай бир-бирине душпанлы қараўы ҳәмме адамлар ушын сорап, дуўа етиўдиң күшин пәсейтеди.

**Ерлер ҳәм олардың жәмәәтлик қәўимдеги ўазыйпалары**

Жәмәәт жетекшисиниң ўазыйпаларын тапсыратуғындай, жақсы таярланған ҳәм Мухаддес Китаптың талапларына сәйкес келетуғын адамларды табыў күннен-күнге қыйын болып баратыр. Өз финанс жағдайын көтериў мақсетинде көплеген ерлер бизнес пенен шуғылланып кетеди ҳәм жумыс оларды қул етип, руўхый жағынан өстирмейди: «Жумыс ислеў ҳәм бәнт болыў бүгин көп масихыйларға жуғып, салмақлы иркиниш болып турыпты ҳәм ол исениўшилер жәмәәтине негизинде болыў керек болғанына тосқынлық етеди». Ерлердиң басым көпшилигинде Мухаддес Китап оқыў, дуўа етиў ямаса жәмәәтти басқарыў ушын ўақыт жоқ. Олардың гей биреўлери ҳәтте өзиниң шаңарағына ўақыт ажыратып бере алмайды. Ерлер жетекши болыў ўазыйпаларына итибарсыз қарағанда, бизлер бәримиз үлкен шығынға ушырасамыз ҳәм күшли жол менен жаманлықтың салтанатын орнатыўға рухсат беремиз. Бизиң артықмашлығымыз терис айналған болып тур ҳәм күшли шараларды көрмесек, бул жағдайды өзгерте алмаймыз. Бирақ соның менен олсыз-ақ бәнт болған ерлеримизде өзин айыплаў сезимин келтирмей, бизлер дуўа етип, бул мәселени дурыс шешиў ушын талпыныўымыз керек.

## 2. Ҳаяллардың кийиниўи

Павел ҳаялларды әпиўайы, масихый әдеплилик қағыйдаларына қарап, кийиниўге шақырады. Басқаша айтқанда, Павел ҳаялға «Қудайдың шаңарағында қалай өзин тутыўы кереклигин билиўди» жазады. Ол қымбат ҳәм әдеттен тыс кийимлерге, қурамалы етип исленген шаш түрмеклерине (мүмкин, алтын ямаса қымбатлы таслар менен безелген) қарсы шығады, себеби ол ерси ҳәм ылайықсыз.

Павел Петр сыяқлы ҳаялларға сулыў кийимлерди кийиў, алтын тағыў ҳәм шашты түрмеклеўге тыйым салмайды. Ол тек ғана ҳәдден зыят кетиўге, өз «абырайын» ямаса байлығын көз-көз етип мақтаныўға ҳәм ҳаялдың денесин жүдә қысатуғын ямаса жалаңашлайтуғын кийим кийиўге қарсы шығады. Себеби булар кишипейил ҳаялды безей алмайды. «Бизиң жәмийетимиз тилекке қарсы, усындай нәсиятларға мүтәж, — деп жазады Томас Шнайдер, — себеби, бизлер де материализм менен зыянланғанбыз ҳәм өзлеримизди жарқыратып бояп, көбирек ҳәўеслендиретуғын болып жүриўге ҳәрекет етемиз».

Әдепли масихый ҳаял қымбат кийимлерди емес, ал «жақсы жумысларды» ойлаўы керек. Қудай менен байланыста жасап атырман деп жүрген ҳаялға ең жақсы кийимбул Қудайға бағышланған мийнет, Қудайдың даңқы ушын масихый хызмет ҳәм «мийримли ислер» болып табылады. Бул шақырық Жаңа Келисимде сүўретленген ҳаял хызметине сәйкес келеди, бул хызмет кеўилли, Қудайға унамлы ислерди ислегеннен, сүйиспеншилик ҳәм ғамхорлық көрсеткеннен, хожалықты услаўдан, дуўа етиўден ҳәм Хош Хабар тарқатыў бойынша гуўалық етиўден ибарат. Павел тек ғана кийиниўде әпиўайы болыўға шақырып қоймастан,-деп жазады Найт,-ал, руўхый безеўге көбирек ўақыт ҳәм күш бериўге шақырады. Соған байланыслы Джон Скотт былай дейди:

> Исениўшилер жәмәәти ҳақыйқый сулыўлықтың жасайтуғын жери болып қалыў керек. Тек сонда ғана ол ҳаялларға өзлерин жақсы ислери менен безеўге түртки болады. Ҳаяллар мынаны есинде сақлаўы керек: егер олар тәбийий гөзаллық пенен сыйлықланбаса, онда олардың жақсы ислери оларды сулыў қыла алады, егер тәбият оларға сулыўлық берген болса, жақсы ислер бул сулыўлықты еле де жарық қылады.

Бул шақырық жақсы жумыслардан, сүйиспеншилик ҳәм ғамхорлықтан, үй басқарыўдың ҳәм Хош Хабарлық гүўалықтан ибарат болған ҳаяллардың хызметинде жаңа келисимлик сүўретлеўге сәйкес келеди.

## 3. Ҳаяллардың бойсыныўы

Бир қанша жыллар алдын Павел Ефестеги жәмәәтке хат жоллаған еди ҳәм сол хатында ол ҳаялларға өз күйеўлерине бойсынып жасаўды буйырады (Ефес 5:22-33-қа қараң). Усы үзиндиниң ишинде ол ҳаялларға «Қудайдың шаңарағында қалай ис тутыў кереклигин» түсиндирип береди. Елши ҳаяллардың жәмәәттиң ишинде де бойсынған ҳалаты ҳаққында айтып, ол қандай етип ислениў кереклигин көрсетеди. Ол былай үйретеди: күйеўлери бар ҳаялларда, жалғыз жасайтуғынларда «толық бойсынған ҳалда» тәлим алыўы керек. Олар жәмәәттиң муғаллимлери я басқарыўшылары болып ислей алмайды.

***Бул үзиндиде Павел ҳаял «өзин Қудайдың үйинде қалай тутыў керек»лигин түсиндиреди.***

### а. Үйрениў (тәлим алыў)

Тимофейге жазылған 1-хаттың 2-бабының 11-аяты былай айтады: «ҳаял тыныш ҳәм бойсынған ҳалда тәлим алсын...». Масихый ҳаяллар масихый дининиң тийкарларын үйренип, неге исенесең деген сораўға жуўап бериўге таяр болыў керек (Петрдиң 1-хаты 3:15-қа қараң). Олар Мәриямға уқсап Ийсаның аяқ ушында отырып, Оннан билим алыўы керек (Лука 10:38-42). Бирақ, Павелди расын айтқанда, ҳаяллардың тәлим алыўы оншелли қызықтырып атырған жоқ, оны көбирек жәмәәттиң жыйналыслары ўақтында ҳаяллардың өзлерин қалай услаўы қызықтырады.

Ҳаяллар қалай тәлим алыў кереклигин анықлаў ушын Павел еки анықламаны қолланады: биринშиден, «тынышлық», екиншиси болса — «толық бойсынған ҳалда». Грек «hupotagē» «садықлық» деген атлық «hupotassō» «бойсыныў» — деген фейилден құралған. Бул-күйеўдиң ҳәм ҳаялдың қатнасықларын сүўретлеў ушын қолланылған ең тийкарғы фейил (Петр 1-хаты 3:1, Ефес 5:21-22, Колос 3:18, Тит 2:5-ға қараң). Жәмәәтте ҳаял өз шаңарағында бойсынғандай бойсыныў керек. Оның исениўшилер жәмә-

әтинде үйретиўге ҳәм басқарыўшы ҳәмеллерди алыўға ҳуқықы жоқ. Ол ерлерди қоллап-қуўатлаў, илҳәм бериў ҳәм белсене көмеклесиў керек (Жарат 2:18). Бул-ҳаялларды езиў емес, ал Қудайдың жобасы.

**б. Үйретиў (тәлим бериў)**

12-аят 11-аяттың кери тәрепин көрсетип тур. Бул еки аят бир-бирине параллель.

Жәмәәттиң жыйналысларында ҳаяллар Мухаддес Жазыўларды үйрениў керек, бирақ жәмәәтте сол жазыўларды үйрете алмайды. Бул-ерлердиң парызы.

Павел усы сораўды исенимли ҳәм анық түрде түсиндириў керек екенин билген. Сол ушын ол өзиниң елшилик ҳүкиминен пайдаланып, анық ҳәм минсиз былай деп жазады: «Ҳаялдың тәлим берип, ер адамды басқарыўына рухсат етпеймен. Ҳаял тыныш болсын». Бул ҳаққында оннан да анығырақ ҳәм әпиўайырақ айтыўға бола ма? Жергиликли жәмәәтте ҳаяллар ерлерди я үйретиўге, я басқарыўға болмайды.

***Ҳаял некеде қандай садық болса, дәл сондай жәмәәтте де садық болыўы керек. Ол жәмәәтте оқытып ямаса басшылық етиў лаўазымларын ийелей алмайды. Анығырағы, ол ер адамларды қоллап-қуўатлаў, жигерлендириў ҳәм олардың хызметинде оларға жәрдем бериў керек.***

Бул жерде бир әҳмийетли нәрсени айтып өтиў керек: Павел ҳаялларға улыўма үйретиўди қадаған еткен жоқ (Елшилер 18:26, Тит 2:3-4, Тимофей 2-хаты 1:5; 3:14-15-ға қараң). Ол ҳаялларға ер адамларды жәмәәттиң рәсмий жыйналысларында тыңлаўшылардың алдында үйретиўди қадағалайды. Павел буны мына себептен қылады: жәмәәтте үйретиў бул қуры бир мағлыўмат бериў емес, ал үйретип атырған адамның үстинде ҳәкимшилик етиўди аңлатады.

Кларктың дурыс айтқанындай, «Мухаддес Жазыў үйретиўди басқаратуғын ҳәмел деп есаплайды, оны басқарату-

ғын ҳәмеллерде турған адамлар қолланады. Усы мәнисте үйретиў, ҳәкимшиликтиң қолланыўы ҳәм бойсыныўдың арасындағы байланыс жүдә анық көринип турыпты». Ҳаял бойсынған ҳалда жасағаннан кейин оған жәмәәтте үйретиўге де, басқарыўға да рухсат жоқ.

Берилген үзиндиниң ишинде ҳаяллар муғаллим я басқарыўшы сыйлығына ылайықлы бола алмайды деп айтылған жоқ. Бәримизге белгили, ҳаяллар жүдә жақсы устаз болып, күтә жақсы шөлкемлестириўшилик уқыплылығына ийе болады. Масихый ҳаяллар жоқары квалификацияланған мектеп муғаллимлери, шыпакерлер я табыслы түрде бизнес пенен шуғылланыўға болады, бирақ масихый жәмәәттиң ишинде үйретиўге ҳәм басқарыў ҳәмеллерди алыўға тек ерлердиң ҳақысы бар. Соның менен бирликте жергиликли жәмәәт еки жынıслардың ўәкиллери ушын Қудай тәрепинен буйырылғанын көрсетип тур. Буннан тысқары, басқарыў ҳәм бойсыныў тийкарлары Масих ҳәм исениўшилер Жәмәәтиниң қатнасықлары арқалы көрсетиледи.

**в. Басқарыў (ҳәкимлик етиў)**

Масихый ҳаяллар жәмәәтте тек үйретиў емес, ал ерлерди «басқарыўға» да болмайды. Бул олардың жәмәәтти басқара алмайтуғынлығын я ҳүким ете алмайтуғынын аңлатады. Грек «authenteo» деген сөзи «ҳәкимшилик етиў» дегенди аңлатады. Бул жынıслардың арасында қарым-қатнаслар ҳаққындағы төртинши тийкарғы сөз (алдыңғы үшеўи-көмек/көмекши, бойсыныў ҳәм басқарыўшы). Соны түсиниў жүдә әҳмийетли, себеби берилген үзиндиниң ишинде ҳаялларға жетекши болып хызмет ислеўи қадаған. Жергиликли жәмәәттиң үстинен қараў-бул ерлердиң ўазыйпасы.

Нәзер аўдарың: Жаңа Келисимниң ишиндеги ең көп жетекшилер ҳаққындағы бабы ҳаялларға ҳүким етиўге рухсат бермейди. Ҳаялларға үйретиўди ҳәм басқарыўды буйырғаннан кейин (Тимофей 1-хаты 2:11-15), Павел жергиликли жәмәәтти басқаратуғын адамның сыпатларын келтиреди (Тимофей 1-хаты 3:1-7). Дыққат берсек, айтылған

талаплардың бәри тек ерлерге сәйкес етип айтылады. Солай етип, жәмәәттиң басқарыўшысы «бир ҳаяллы», «өз үйин жақсы басқаратуғын» (Тимофей 1-хаты 3:2, 4) адам болыўы керек. Усы бапта Павел жәмәәттиң жетекшилеринен талап етилген сыпатлары ҳаялларға қолланыў мүмкин деп астарлы етип те айтқан жоқ, себеби Қудай ҳеш қашан ҳаялларға басқарыўшының ролин арнаған жоқ.

Тимофейге жазылған 1-хаттың (5:17) ишинде жетекшилер жәмәәтти басқарады ҳәм тәлим береди, ҳаялларға болса үйретиўге де, басқарыўға да рухсат етилмеген деп жазылғанынан мынадай жуўмақ шығарамыз: ҳаяллар жергиликли жәмәәтлерин басқара алмайды. Соның менен бирге, Тимофейге жазылған 1-хаттың тек усы бир бабы (2:8-15), жәмәәттиң ишинде ҳаяллар тәрепинен басқарыў мәселесин шешиў ушын жетерли тийкар бола алады.

**«Ҳәкимшилик етиў» деген тийкарғы сөз (грек «authenteō»)**

Грек «authenteō» деген сөзи «биреўдиң үстинен ҳәкимшилик етиў» ямаса «ҳәкимшиликти қолланыў» деген мәнисти аңлатады. Бул сөз «ҳәкимшиликти басып алыў», «ҳәкимшиликти жаманлыққа қолланыў» ямаса «зорлыққа үгитлеў» деген мәнилерге ийе емес. Феминистлер бул сөзди қалай аўдарыў керек екенлиги ҳаққында көп айтысады. Олар усы фейилди былай аўдарыўға да болады дейди: «ҳәкимликти жаманлыққа қолланыў», «зорлыққа үгитлеў», «басыў», «өзин жоқары қойыў», «ҳәкимликти нызамсыз басып алыў». Солай етип, феминистлер былай деп есаплайды: Павел ҳаялларға ҳәкимликти жаманлық ушын қолланыўға, ер-муғаллимлердиң үстинен турыўға ямаса ерлерге тийисли болған ҳәкимшиликти басып алып қойыўға рухсат еткен жоқ. Олар бул сөзди оның жаман мәнисинде түсинеди: «үстинен қараў я ҳәкимшиликти жаман нәрселер ушын қолланыў, я ҳәкимшиликтиң бузылғанын қолланыў» деген мәнисте, ал тек «ҳәкимлик етиў» деген мәнисте емес.

Бирақ, «authenteō» деген сөздиң мәнисин усындай етип түсиниў улыўма дурыс емес. Ең заманагөй усылларын қолланып, бул сөзге терең изертлеў жасай отырып, Сингапур Мухаддес Китап изертлеў колледжи муғаллими Генри Скотт Болдуин бул сөздиң мәниси-«биреўдиң үстинен ҳәкимлик етиў»,-деп дәлийиллеп көрсеткен.

«Authenteō» деген фейилге Болдуин тәрепинен исленген изертлеўге қосылып, Қубла-шығыс баптист семинариясында Жаңа Келисим бойынша лекция оқыйтуғын профессор Андреас Кестенбергер, нәзеримизде «authenteō» деген фейилдиң усы берилген тексттиң ең жақсы мәнисин аңлатыў ушын 11-аяттағы гәптиң грамматикалық дүзилисиниң үлкен ҳәм толық изертлеўин усынады. Бул гәптиң дүзилиси төмендегише:

> Мен ҳаялға еркекти үйретиўди (фейил № 1) ямаса оны басқарыўды (фейил № 2) рухсат етпеймен.

Кестенбергер тастыйықлаўынша, грамматикалық дүзилиси усы еки фейилди («үйретиў» ҳәм «басқарыў») сондай етип бириктирип турыпты, олар я болымлы, я болымсыз мәнисин аңлатыў керек. Олар түрли топарларға кириўи мүмкин емес, мысалы, биринши си-жай мәнили фейиллерге («үйретиў»), екиншиси болса, болымсыз мәнили фейиллерге («ҳәкимликти жаманлыққа қолланыў»). «Үйретиў» деген фейил анық жай түрде қолланғаннан соң, «ҳәкимлик етиў» деген фейили де жай мәнисин алыў керек.

Жоқарыда айтылғанның мәнисин мынадай жуўмақласақ болады: екинши фейилди бизлер «ҳәкимлик етиў» ямаса «ҳәкимликти қолланыў» деген мәнисинде аўдарыўымыз керек, себеби усы вариант гәптиң грамматикалық дүзилисине ҳәм сөздиң улыўма қолланылатуғын мәнисине-«ҳәкимликке ийе болыў»-сәйкес келеди. Болдуин ҳәм Кестенбергердиң жаңалық киргизиўши изертлеўлери усындай жуў-

мaққa келиўге рухсат береди: authenteō деген сөздиң eң жақсы аўдармасы «ҳәкимлик етиў». Бул вариант Мухаддес Китаптың талқылаўларының көбиси менен қабылланған ҳәм оның инглис тилге тийкарғы аўдармаларында қабылланған.

**г. Мухаддес Китаплық тийкарлар**

Павелдиң жәмәәт басқарыўында ҳаяллардың қойылыўына берген тыйымы, әлбетте, күшли айтыслардың себеби болды ҳәм сол айтыслар елеге дейин тоқтамай талқыланады. Бирақ, ҳәр ўақытта, ерлер ҳәм ҳаяллардың ўазыйпаларының арасындағы айырмашылықлар ҳаққында айтылса, Павел өзиниң буйрықларын Мухаддес Китаптың негизлери ҳәм жазыўлары менен дәлийиллейди: «Себеби дәслеп Адам-ата, соңынан Ҳаўа-ене жаратылды. Және де, Адам-ата емес, ал ҳаял алданып, гүна иследи...» (Тимофей 1-хаты 2:13-14).

Айтысымыздағы усы әҳмийетли жерди есиңизден шығармаң: Павел ҳаяллардың жәмәәтти басқарыўға шеклениўге тийкарланып, Жаратылыс Китабының тарийхына силтеме береди. Масихқа уқсап, ол оқыўшыларды артқа, жаратылыстың басына, сол тарийхый ўақыяларға қайтарып атыр. Ол жергиликли мәденияттың өзгешелигин көрсетип турған жоқ, ҳаяллардың жетерли емес дәрежедеги тәлим алғаны ямаса ҳаял - жалған тәлиймат үйретиўшилер келсе, пайда болып қалатуғын мәселелер ҳаққында айтып атырған жоқ. Ол тек Қудайдың сөзинде ашылатуғын, Оның жобасын көрсетпекши. Ол ҳаяллардың жәмәәтти басқарыўына, олардың ҳаял жынысына тийисли болғаны ушын рухсат етпейди ҳәм өз сөзлерин дәлийиллеў ушын Жаратылыс Китабын келтиреди. Соның менен Павелдиң айтыўынша, оның тыйымы барлық исениўшилер арасында ҳәм жәмәәтлерде үзликсиз орынланыўы шәрт.

***(1) Дәслеп Адам-ата жаратылды.*** Баста Павел жаратылыстың дәслепки дизими ҳаққында айтады (Жарат 2-бап): Адам-ата биринши болып жаратылды. Бул факт оның

басқарыў ўазыйпасын ҳәм ҳәкимшилик ўазыйпаларын әмелге асырыўға ҳуқық береди. Биринши болып жаратылған Адам-ата барлық ерлерди билдирип тур ҳәм өз шаңарағы ушын жууапкер, себеби ол-шаңарақтың басшысы. Бул басқаратуғын ўазыйпасын тек ғана өз шаңарағында емес, ал жергиликли жәмәәттиң ишинде де пайдаланыўы керек. Бул бизлерге не ушын ҳаялларға ерлерди я үйретиў, я басқарыўға болмайтуғынлығын түсиндиреди. Ҳаялдың басқарыў жағдайы Қудайдың жобасына қарсы болып шығар еди. Жергиликли жәмәәт «Қудай үйи» Қудайдың жобасына ериўи керек.

***Ҳаяллардың жәмәәтти басқарыўға қатнасыўына тийисли шеклениўлерге тийкарлана отырып, Павел Жаратылыс Китабының текстине тиккелей силтеме береди. Ол ҳаяллардың жеткиликли мағлыўматлылығы ямаса жесир ҳаяллардың тәлийматы менен байланыслы болжанатуғын машқалалар ҳаққында айтпайды, жергиликли мәдениияттың өзгешелигин көрсетпейди. Ол тек ғана Қудайдың сөзинде бизлер ушын ашылған Қудайдың пикирине жүз тутады.***

***(2) Адам-ата емес, ал ҳаял алданды.*** Өз позициясының кейинги тийкарланыўына Павел анық кери мысал келтиреди (Тимофей 1-хаты 2:14). Ол Едем бағында Ҳаўа-ененң азғырылғанын көрсетеди, соның менен ҳаял ҳәм еркек роллерин алмастырыўы жүдә қәўипли екенлигин айтпақшы: «...ҳәм Адам-ата емес, ал ҳаял алданып, гүна иследи...». Адам-ата емес,-дейди Павел,-ал, Ҳаўа-ене шайтан тәрепинен алданған еди.

Жаратылыс Китабының 3-бабында шайтан Адам-атаны ер ҳәм ҳаялдың қатнасықларында басшысы етип қойылған адамды атлап, туўры Ҳаўа-енеге жол алды. Усы еки адамнан Ҳаўа-ене алданып қалатуғынын шайтан дурыс ойлап сезген. Ҳаўа-ененң өзи де азғырылғанын мойнына алады: «Қудай ҳаялға: Не ислеп қойдың?-деп айтты. Ҳаял Оған:

жылан мени азғырды ҳәм жедим,-деп жуўап береди» (Жарат 3:13).

Қудай Адам-атаны биринши ерли-зайыплы жуптың басшысы етип болса да. Ҳаўа-ене басламаны өз қолына алып, Адам-атаға қадаған етилген теректиң мийўесин жеўди усынды. Буны ислеўдиң нәтийжеси өзин жетилистириў емес, ал азғырылыў, гүна, шерменде ҳәм аўрыўға алып келди. Соның ушын Қудайдың халқы Қудай тәрепинен орнатылған тәртипке шаңарақ ҳәм жәмәәттиң ишиндеги үлестирилген роллерге жеңил етип қарамаўы керек. Адамлар Қудайдың сөзине қулақ асыўы керек, Оның сөзи: «ҳаялға тәлим бериў ҳәм еркекти басқарыў ушын рухсат етпеймен» деп турыпты.

15-аятта Павел Ҳаўа-ене ҳәм Адам-ата ҳаққындағы өзиниң ой-пикирин жуўмақлайды: «...ҳаял исеним, сүйиспеншилик ҳәм мухаддеслик пенен әдепли болып жасаса, бала туўыўы арқалы қутқарылады».

Усы аятта Павел ҳаялларды шайтанның азғырыўынан қутқарыўды өзиниң дәслепки уқыплылығын излеўге шақырады ҳәм өзлерин ана, ҳаял ҳәм үй бийкеси сыпатында көрсетиўге мәсләҳәт береди. Жәнe де ерли-зайыплылар мухаддесликте ҳәм исенимде жасаса дейди. Ҳаялдың ўазыйпасы үйретиўде я жәмәәтти басқарыўда емес.

## Б. КОРИНФЛИЛЕРГЕ ЖАЗЫЛҒАН 1-ХАТ 14:33-40: ДУЎА ЕТИЎ ЖЫЙНАЛЫСЛАРЫНДА БОЙСЫНЫЎ

Коринфлилерге жазылған 1-хаттың 14-бабы Тимофейге жазылған 1-хаттың 2-бабына жүдә уқсайды, соның ушын бизлер азмаз қысқа талқылаўлар менен шекленемиз.

Павел бул хатты Коринфтеги исениўшилер жәмәәтине бизиң эрамыздың 56-жылында жазды. Алты жылдан кейин ол Ефестеги жәмәәтине Тимофейге жазылған 1-хатын жазды. Усы хатлардың екеўинде де Павел ҳаялларды жәмәәттиң ишинде кишипейил ҳәм бойсынып жүриўге үйретеди ҳәм өз тәлийматын Ески Келисимниң жаратылыс тарийхы ҳәм айрықша елшилик ҳәкимликке тийкарлайды. Өз көз қарасын дәлийиллеп, Павел Коринфли-

лерге жазған 1-хаттың 14-бабында ҳәмме жәмәәтлерде орнатылған, ҳаяллардың бойсынып жүрген жағдайына ҳәм Ийса Масихтың буйрықларына силтеме береди. Соның ушын бул еки үзиндини бирге изертлеў керек. Бул екеўиниң де мәнисин дурыс талқылаў ушын көмеклеседи.

Тимофейге жазылған 1-хаттың 2-бабының мазмунын нәзерде тутып, Коринфлилерге жазылған 1-хаттан үзиндини оқып жиберейик:

**14:33** Себеби, Қудай тәртипсизлик Қудайы емес, ал тынышлық Қудайы.
**14:34** Сизлердиң жәмәәтиңизде де, ҳаяллар жыйналысларда үндемесин. Олардың сөйлеўине рухсат етилмеген. Муўсаның Нызамында айтылғандай, олар бойсыныўы керек.
**14:35** Егер олар бир нәрсени үйренбекши болса, үйде күйеўлеринен сорасын. Өйткени ҳаялдың жәмәәт жыйналысында сөйлегени айып болады.
**14:36** Қудайдың сөзи сизлерден шығып, тек жалғыз сизлерге жетип барды ма?
**14:37** Егер ким де ким өзин пайғамбар ямаса руўхый жетик адам деп санаса, сизлерге жазып атырған бул сөзлеримниң Ийемиздиң буйрығы екенин билсин.
**14:38** Ал, ким де ким қабыл алмаса, оның өзи де қабыл алынбайды.

Павел дуўа етиў жыйналыслары ўақтында белгили қағыйдаларды орнатады (Коринф 1-хаты 14:26-35), себеби гей бир исениўшилер руўхый сыйлықларды қатты талап етип жүргенлер, әсиресе басқа тиллерде сөйлегенлер, Қудайдың үйинде өзлерин услай алмай жүрди. Оның кейинги ўәсиятлары Қудайға хызмет етиў ўақтындағы өзлерин услаў қағыйдаларына арналған (Коринф 1-хаты 14:33-38).

Павел «үндемеў» деп айтқан сөзи менен не демекши болғанын ҳәр қыйлы етип талқыланады. Бизлер усы китапта буны шешиў мақсетинде емеспиз. Мен жыныслардың теңлигин ҳәм айырмашылықларына тийисли болған те-

мамызға кирмейтуғын таласлы сораўлардан бас тартаман. Жыныслардың қатнасықлары мәселесиниң дәстүрий көз-қарастың бәри усы Мухаддес Китаптағы жазыўларын бирдей талқыламайды-бул тәбийғый. Бирақ, усы айырмашылықлар бизиң негизги темамызға ҳеш қандай тәсир етпейди. Шетте турған майда сораўларға итибар берип алаң болмаўымыз керек, себеби олар бизлерди, Қудай ерлерди ҳәм ҳаялларды тең, бирақ ҳәр қыйлы етип жаратқан фактын умыттырады. Бул жерде тек ғана Павелдиң және бир мәрте ҳаяллар жәмәәт шаңарағында бойсынып жүриў керек деп айтқанын ескертип өтиўимиз керек.

## 1. Нызам ҳәм масихыйлық тәлиймат ҳаяллардан бойсыныўды талап етеди

Усы мәселе бойынша масихыйлық тәлиймат Муўсаның заңы менен толық келиседи. Берилген үзиндиде Павел өз ҳаял-туўысқанларын Қудайға унамсыз ҳәм Оның жобасын ҳаяллардың бойсыныўы анық ҳәм әсиресе, сөйлегенде ҳәм жәмийетлик орныларда өзин услап билиўинде көринетуғын болыўы керек. Павел ҳаялдың бойсыныўшы роли ҳаққында тәлийматын, ҳаяллардың дуўа етиў жыйналысларындағы өзин услаўға тийисли буйрықларын беккемлеў ушын қолланады. Масихый тәлиймат ҳаяллардан бойсыныўды талап етип атыр ҳәм усы талап Қудайдың нызамы менен толық келиседи: ҳаяллар «Нызамда айтылғанындай, бойсыныўы керек» (Коринф 1-хаты 14:34).

---

*«Ҳаяллар нызамда айтылғанындай, бойсыныў керек»*

Павел

---

«Нызам» деген сөзди айтып, Павел Муўсаның заңын (Коринф 1-хаты 9:8-9) ҳәм Жаратылыс Китабының 2-бабында айтылғанды да нәзерде тутады. Еки бап алдын Павел ҳаяллар ҳәм ерлердиң роллери ҳаққындағы тәлийматты тастыйықлаў ушын Жаратылыс Китабының 2-бабынан мысал келтирген: «Себеби, ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял

ер адамнан жаратылған. Ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял адам ер адам ушын жаратылды» (Коринф 1-хаты 11:8-9).

Елши Жаратылыс Китабындағы усы аятларды және тәкирарлаўдың кереги жоқ деп есаплайды, соның ушын бул жерде 14-баптың 34-аятында «нызам солай айтады» деп қысқа жуўмақ береди (және де Тимофей 1-хаты 2:13-14-қа қараң). Илтимас, дыққат аўдарың: Павел ерлер ҳәм ҳаяллар ҳаққындағы тәлийматын Жаратылыс Китабында келтирилген жаратылыс нызамларына қатты сүйенип атырғанын қайталаўдан шаршамайды.

### 2. Барлық жәмәәтлерде ҳаяллар бойсынған ҳалда болыў керек.

Бул сораўда Павел сөзинен қайтпайды. Ол ҳаялларға арналған өз ўәсиятларын былай баслайды: «Барлық исениўшилер жәмәәтлеринде болғаны сыяқлы...» (Коринф 1-хаты 14:33). Бул сөзлер ҳаяллардың бәрин бойсыныўға шақырады, бойсыныўдың әдиллигин тастыйықлаў керек. Демек, Коринфлилер усы сораўда «басқа жәмәәтлерден» тыс турмаўы керек еди.

***Мухаддеслердиң барлық жәмәәтлеринде солай болады.***

Павел

Коринф қаласы «жүдә ғәрезли руўхқа» ийе болған еди. Сол жердеги исениўшилер жәмәәти қандай да бир саў емес ғәрезлиликке ийе болып, оның менен мақтанатуғын еди. Коринфтеги исениўшилер «өз намасына ойнады» деп айтсақ болады. Бир неше рет өз хатында Павел барлық жәмәәтлеринде бар болған тәжирийбесин мақтаншақ ҳәм қырсық коринфлилерге ескертеди. Ол оларды бойсыныўға ҳәм өзгериўге шақырады. Бул хатта ол барлық жәмәәтлердиң дуўа етиў жыйналыслар ўақтындағы ҳаяллардың жағдайын услаў қағыйдасына бойсыныўға шақырады. 36-аятта Павел өз сезимлерин тыя алмайтуғын, руўхый ғәрезсиз ҳәм тәкаббыр коринфлилер-

ге, олардың бойсынбағынлығы ҳәм қулақ аспағанлығынан үмитсизликке түсип, былай сорап атыр: «Қудайдың сөзи сизлерден шығып, тек жалғыз сизлерге жетип барды ма?». Бул, әлбетте, биймәни сораўлар. Бирақ, Павел коринфлилердиң қандай мәниссиз ойлап ислегенин өзлери түсиниўин қәлеп турыпты. Қалай олар Хош Хабардан, Павелден ҳәм басқа жәмәәтлерден бас тартыўға шықты? Олар өзлерин исеним ҳәм жәмәәттиң тийкар салыўшылары деп есаплады ма? Ямаса Жазыўлардың авторлары я ҳақыйқатты жалғыз сақлайтуғын адамлар деп есаплады ма екен?

***Павел барлық жәмәәтлерде бар болған практика ҳаққында менмен ҳәм өзимшил коринфлилерди дүзелиўге ҳәм улыўма талапларға бойсыныўға шақырады. Бул жерде дуўа етиў жыйналысларында ҳаяллардың минез-қулық қатнасларында басқа жәмәәтлерде қабыл етилген қағыйдаларға әмел қылыўды өтинеди.***

Өз нәсиятларын жуўмақлап, Павел өзиниң айрықша елшилик ҳәкимшилигин қолланып атыр: «Егер ким де ким өзин пайғамбар ямаса руўхый жетик адам деп санаса, сизлерге жазып атырған бул сөзлеримниң Ийемиздиң буйрығы екенин билсин. Ал ким де ким қабыл алмаса, оның өзи де қабыл алынбайды» (Коринф 1-хаты 14:37-38). Усы жәмәәттиң ишинде Павелдиң сыншыллары бар еди, соның ушын ол оларға айрықша сөйлейди. Шынын айтсақ, ол былай жазады: «Егер сиз ҳақыйқатында да руўхый жетик адамлар болсаңыз, сизлерге жазып атырған бул сөзлеримниң Ийемиздиң буйрығы екенин билсин». Талқылаўшы Леон Моррис былай ескертеди: «Буннан атрық бидириў болмаса керек».

***«Сизлерге жазып атырғаным»,-«бул Ийемиздиң буйрығы».***

Павел

38-аятта Қудай тәрепинен Павелге берилген айрықша ҳүкимди тән алмаған адамлар, руўхый жетик болып я пайғамбар болып қабылланалмайды деп жазылған. Павелдиң сөзлери-бул Ийса Масихтың сөзлери ҳәм бул-ҳақыйқат. Павелдиң сөзлери арқалы Ийса Масихтың Өзи сөйлейди. Павелдиң ҳаяллар роли ҳаққында тәлийматы-бул Ийсаның тәлийматы. Өзин руўхый жетик адам деп санап турған адам Павелдиң сөзлери бул Ийса Масихтың буйрығы екенин түсиниўи керек. Гей бир коринфлилер өзлерин руўхый жетик адам болдық деп есаплайды. Павел жазған хаттың Қудай тәрепинен руўхланғанын мойынлап, соны дәлийиллесин!

## B. КОРИНФЛИЛЕРГЕ ЖАХЫЛҒАН 1-ХАТ 11:2-16: БАСҚАРЫЎ, БОЙСЫНЫЎ ҲӘМ ДАҢҚ

Коринфлилерге жазылған 1-хаттың 11-бабын жүдә атақлы үзинди деп айта алмаймыз. Солай болса да, бул хаттың 3 үзиндисин бизлер усы китапта изертлеймиз. 11-бап Масихтың өмирин изертлеў илими, масихый антропология илими периштелерди изертлейтуғын, Ески Келисимди талқылайтуғын ҳәм жыныслардың қатнасықларын Қудайдың көз қарасынан изертлейтуғын илимлери ушын бай мағлыўмат береди.

Коринф жәмәәтинде дуўа етиў жыйналыслары ўақтында басты жабыў я жаўмаў кереклиги ҳаққында көп тартыслар болды. Павел олардың усы нәрсени дурыс түсиниўин қәледи. Соның менен оларға берилген нәсиятларды (Коринф 1-хаты 11:2) қатты услаўын қәледи.

Усы үзиндиде және бир пайғамбаршылық ҳаяллар ҳаққында айтылған. Айтып кетиўимиз керек, пайғамбаршылық ететуғын ҳаяллардың мәселеси, ерлердиң басқарыў тәлийматы менен биргеликте изертленеди. Бизлер нәзеримизди усы ҳақыйқатлардың екеўине де аўдарыўымыз керек, себеби олар бир-бирине байланыслы.

Бул узын ҳәм жүдә қыйын үзинди, соның ушын Аспандағы Әкемизден ақыл-нәсият бериўин ҳәм оны дурыс түсиниў ушын сораның. Айрықша дыққатыңызды 3 ҳәм 7-аятларға аўдарың:

**11:2** Мени ҳәр бир исте ядыңызға түсирип, мен сизлерге үйреткен дәстүрлер бойынша ис тутып атырғаныңыз ушын сизлерди мақтайман.

**11:3** Бирақ, мен мына нәрсени де билиўинизди қәлеймен: ҳәр бир ер адамның басы Масиҳ, ҳаялдың басы күйеўи, ал Масихтың басы Қудай.

**11:7** Ер адам басын жаппасын. Өйткени, ер адам Қудайға усатып жаратылған ҳәм Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди.

**11:8** Себеби, ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял ер адамнан жаратылды.

**11:9** Ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял ер адам ушын жаратылды.

**11:10** Сонлықтан да першителер себепли, ҳаял өзиниң бийлик астында екенин көрсетиў ушын, басын жабыўы керек.

**11:12** Өйткени ҳаял ер адамнан жаратылғаны сыяқлы ер адам да ҳаялдан туўылады. Бирақ, ҳәммесин Қудай жаратқан.

**11:16** Бул ҳаққында тартысыўды қәлейтуғын адам бар болса, ол билсин, бизлерде де, Қудайдың жәмәәтлеринде де буннан басқа әдет жоқ.

11-бапта Павел ер басшылығы ҳаққында ең күшли дәлийиллерди келтиреди. Бул үзиндини Ефеслилерге жазылған хаттың 5-бабы менен салыстырыўға болады, әсиресе, 3-аятты: «Бирақ, мен мына нәрсени де билиўиңизди қәлеймен: ҳәр бир ер адамның басы Масих, ҳаялдың басы күйеў, ал Масихтың басы-Қудай». Кейининен Павел және бир рет Жаратылыс Китабының 2-бабына силтеме берип, бизлерге ескертеди: «ер адам Қудайға уқсатып жаратылған ҳәм Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди».

Коринфлилерге жазылған 1-хаттан усындай жуўмақ шығара аламыз: ер басқарыўы ҳаққындағы тәлийимат - бул I әсирдеги грек-рим дәстүрлерине орын бериў емес. Бул-Қудайдың буйрығы, Оның жобасының бир бөлеги. Бул жерде 14-бапта айтқаны сыяқлы, Павел барлық исениў-

шилер жәмәәтлеринде болғаны сыяқлы, сол жерде солай болсын деп өз тәлийматын тастыйықлап атыр.

## 1. Басқарыў/бойсыныў қатнасықларының үш түри

Павел усы теманы изертлеўди уллы Қудайдың сөзине тийкарланғаны менен баслайды: «Бирақ мен мына нәрсени де билиўиңизди қәлеймен, ҳәр бир ер адамның басы Масих, ҳаялдың басы күйеўи, Масихтың басы Қудай» (Коринф 1-хаты 11:3).

Масих/еркек, еркек/ҳаял, Қудай/ Масих-үш жупты айыра отырып, Павел Масих ҳәм ер адам, ер ҳәм ҳаял ҳәм Қудай менен Масихтың арасында басқарыў/бойсыныў қатнасықлар орнатылған фактын айтпақшы. Бул қарым-қатнасларды, усы дүньяны жыныслардың теңлиги ой-пикири менен үйлесиўге дейин өзгертиўге болмайды. Ер адам ҳәм ҳаялдың арасында басқарыў/бойсыныў қатнасықлары үрп-әдетлердиң қалдығы емес, ал Қудай жобасының бир бөлеги.

### а. Масих/адам (ер адам)

Биринши нәўбетте Павел өз оқыўшыларына «ҳәр бир ер адамның басы-Масих» дегенин түсиндириўге ҳәрекет етип атыр. Соның менен ол ер адам да белгили бир ҳүкимге бойсынатуғынын көрсетежақ. Ҳәр бир адамның басы, басқарыўшысы ҳәм сол адамға бойсыныў керек басшысы бар. Бул басқарыўшы-Масих. Исениўши ҳаяллар исениўши ерлерге уқсап, ҳәр бир адамның басы бар ҳәм оған бойсыныў ҳәм бағыныў кереклигин билиўи керек.

Ерлер өзлери ушын бул жерден жүдә әҳмийетли сабақ алыўы керек. Масих басқарыўшы болғаны себепли, Ол ҳадал басқарыўдың минсиз үлгисин көрсетип тур. Масих ҳеш қашан Өз ҳүкимин жаманлық ушын қолланбайды ҳәм Оның басқарыўлығында болған адамларға қысым етпейди. «Соның ушын олар қалай басқарыў керек екенин өзлери сайлаўға ҳақысы бар. Олар өз ҳүкимин өз қәлеўи бойынша қолланыўға ҳақысы жоқ, ал Ийса Масихтың үлгисине қарап ҳәм Оның еркек басқарыўлығы ҳаққында

тәлийматына сәйкес етип ҳүким сүриў керек, бул тәлийматболса бизлерге елшилер арқалы берилген» (Ефес 5:23-33, Петрдиң 1-хаты 3:7-ға қараң).

**б. Ер/ҳаял**

Екиншиден, Павел өз оқыўшыларының ҳәр бири «ҳаялдың басы-күйеў» екенин түсиниўди қәлейди. Бул берилген үзиндиниң бас темасы болып есапланады. Мүмкин, жаңа алынған еркинлик ҳәм Масихқа табынатуғын жағдай Коринфтеги гей бир исениўшилерди Мухаддес Китапқа қарсы айтып турған жуўмақларға алып келип, сол себептен Павел оларға басқарыў/бойсыныў қатнасықлары Қудайдың жобасына толық сәйкес болып пайда болған ҳәм әмелге асырып атырғанын түсиндиреди. Шынын айтқанда, ҳаялдың бир өзи «басшы» деп аталған жоқ. Ер-басқарыўшы, Масих-басқарыўшы ҳәм Қудай-Басқарыўшы. Феминистлер ҳаялдың бойсыныўын гүнаның нәтийжеси деп есаплайды (Жарат 3:16) ҳәм Масихтың атанақ ағашта көрсетилген батырлығы менен ер ҳәм ҳаялдың арасындағы басқарыў бойсыныў нәлети алынған еди. Лекин, бул аят бундай көз қарас қәте екенлигин көрсетип тур. Шегеленген, қайта тирилген ҳәм аспанға көтерилген Масих-жаңа жаратылыстың, демек, ҳәр бир еркектиң де басы. Қудай-Ийсаның Басы, ер болса-ҳаялдың. Ерге бойсынған ҳаял, оның қасында пәске урылмайды, Әкеге бойсынған Масих та, Әкесинен төмен болып қалған жоқ.

Ер ҳәм ҳаялдың арасында басқарыў/бойсыныў қатнасықлар тек ғана ең басында болған жаратыўдың тәртибинде емес, ал оннан көбирек. Қудай Әке Масихтың Басқарыўшысы тәбиятында болған. Сол себептен, ердиң ҳаял үстинен басшылығы ҳәм жергиликли жәмәәти, ер ҳәм ҳаялдың арасында қандай қатнасықлар болыў керек екенлигин, өзиниң белгили ис-ҳәрекетлери арқалы көрсетиўи керек.

**в. Қудай/Масих**

Үшиншиден, Павел өзиниң оқыўшылары «Масихтың басы-Қудай» дегенин түсиниўин қәлейди. Соны айтып,

елши Қудай Әке ҳәм Қудай Ул арасында басқарыў/бойсыныў қатнасықларын айырып көрсетип атыр. Солай етип, Масих еки ролди ҳәм бойсынатуғын ҳәм басқаратуғын ролди атқарады. Ол еки жыныслар ушын да үлги болып тур.

***Масих еки ролди-ҳәм басқарыўшы, ҳәм бойсыныўшылықты атқарды. Ол еки жыныстың ўәкиллер ушын үлги болып табылады.***

Ийса Масих-бул Қудайдың Улы. Ол толы ҳәм өзгермес түрде Қудай Әкемизге күшинде, даңқында ҳәм қәдиринде, тең  бирақ соған қарамастан, Қудай Әкениң Өз роли ҳәм ўазыйпасы менен айырылады. Қудай Әке тәрепинен жиберилген Қутқарыўшы сыпатында келип, Ол Әкесине бойсынған.

Ол Қудайдың ҳүкимине ҳәм Еркине Өз қәлеўи менен бағынады (Коринф 1-хаты 15:28; 3:23). Таң қалдырарлық анықлығы менен Даллас руўхый мектебиниң профессоры Льюис Джонсон кишкене, бизиң пикирлеримизди былай жуўмақлайды:

> Теңлик ҳәм бойсыныў жақсы сәйкеслениўде тура алатуғынлығының минсиз ҳәм тәсирли дәлийили Қудай Улының орталық ўазыйпасында көрсетилген, «Қудайдан Қудай, Жарықтан Жарық, ҳақыйқый Қудайдан ҳақыйқый Қудай» (Никейлердиң исеним белгиси). Ол елшилигин Қудай Әкесине Өз қәлеўи бойынша бойсынып атқарды (Юхан 8:21-47, Коринф 1-хаты 15:24-28, Коринф 1-хаты 11:3).

Бул ҳақыйқат бизлер ушын уллы жубаныштай болып тур. Егер Ийемиз Ийса Масих Өз Басқарыўшысының еркине бойсынып, Оған Өз қәлеўи менен бағынған ҳәм өлген болса, сонда ҳәр бир масихый да (ер ҳәм ҳаял) қуўанышы менен, ҳәтте, бул унамсыз ҳәм қыйын болса да, өзин өз басқарыўшысына бойсындыра алады. Бул жерде бизлерге

басқарыў принципи қутқарылыў ушын қандай әҳмийетли екени анық болып көрине баслайды. Қудайдың алдында ҳәр бир адам, ер, ҳаял я Масихтың Өзи болса да, Оның үстемлигинде болып тур.

---

***Теңлик ҳәм бойсыныў жақсы сәйкеслениўде тура алатуғынлығының минсиз ҳәм тәсирли дәлийили Қудай Улының орталық ўазыйпаларында көрсетилген... Ол Өз елшилигин Қудай Әкесине Өз қәлеўи бойынша бойсынып атқарады.***

Льюис Джонсон

---

## 2. Жаратылыстың бас тәртиби

7-аяттан баслап 12-аятқа дейин Павел және жаратылыстың Ески Келисимдеги тарийхына силтеме береди. Бул жерде ол жыйналыслардың ўақтында бас жабыў зәрүрлиги ҳаққындағы ой-пикирлериниң ендиги басқышына өтип атыр. Есимизде болғанындай Павел Ески Келисимниң жаратылыс ҳаққында жазыўларын, ерлер ҳәм ҳаяллардың арасындағы айырмашылықлар бар екенлигин айтыў ушын бир қанша рет қолланды (Коринф 1-хаты 14:34, Тимофей 1-хаты 2:12-14). Төмендеги аятларды дыққат пенен оқың: Ефес 5:31-32.

**11:7** Ер адам басын жаппасын. Өйткени, ер адам Қудайға уқсатып жаратылған ҳәм Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди.

**11:8** Себеби, ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял ер адамнан жаратылды.

**11:9** Ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял ер адам ушын жаратылды.

**11:11** Деген менен Ийемизге тийисли адамлардың өмиринде ҳаял ер адамнан, ер адам ҳаялдан ғәрезли.

**11:12** Өйткени, ҳаял ер адамнан жаратылғаны сыяқлы, ер адам да ҳаялдан туўылады. Бирақ, ҳәммесин Қудай жаратқан.

### a. Қудайдың көриниси ҳәм даңқы

Павел «ер адам Қудайдың даңқын көрсетеди» деп тастыйықлайды. Ер тек ғана Қудайдың түр-түсине ылайықлы болып жаратылған жоқ, ал өзи менен «Қудайдың даңқын» көрсетип атыр. Бул әҳмийетли ҳәм терең тәлийматқа жеңил етип қарамаўымыз керек. 7-аят қатты қызығыў ҳәм итибар менен қараўына ийе. Қудай тәрепинен жаратылған биринши адам ер жыныслы еди. Ер адам биринши болып жаратылған еди ҳәм пүткил жерди басқарыў ҳуқықына ийе болды. 3-аяттан есимизде сақлаған болсақ, ер адам Масих ҳәм Қудай Әкеге уқсап «басқарыўшы» болып есапланады. Лекин, ҳаялды «басқарыўшы» деп атамайды. Солай етип, адамға Қудай Басқарыўшымыз ҳәм Ийемиз сыпатында ролди атқарғандай, тап сондай роль ажыратылған: «Ерлер ер жынысқа тийисли болып, Қудайдың Өзиниң ҳәр түрли сыпатларын ҳәм белгилерин көбейтетуғын әйнек сыяқлы көрсетеди».

**Қудайдың даңқы**

Ер Қудайдың даңқы деп аталған факты оның Қудайға алғыс-мақтаўларды айтып, Қудайдың сыпаталарын көрсетеди. Уильям ҳәм Барбара Маузер өзлериниң «Five Aspects of man» ҳәм «Five Aspects of woman» деген дөретпелеринде ерлердиң Қудайдың даңқын көрсететуғын төмендеги сыпатларын ҳәм қәбилетлерин көрсетеди.

Бириншиден, ерлер Қудайдың даңқын өз күши ҳәм ҳәкимшилиги арқалы көрсетеди ҳәм физикалық көринисинде көринип турыпты. «Қудай ерлерге даңқын күш арқалы берди. Олардың сүйеклери ҳәм булшық етлери күшлирек ҳәм шыдамлырақ, беттиң келбетлери анығырақ ҳәм өткирирек. Ерлердиң даўыслары төменирек ҳәм ҳәкимшил болып еситиледи. Ер негизи өзин услап билиўде, басламалылығы менен характерленеди» (Сулайманның нақ. мақ. 30:29-31). Ақыр-ақыбети, күштиң, абырайдың ҳәм ҳәкимликтиң ҳәммеси Қудайда. Ол ерлерге сол сыпат-

ларды өз сыртқы көриниси менен көрсетиўге абырайлы ҳуқықты береди.

Екиншиден, ерлер Қудайдың даңқын мынада көрсетеди: олар Қудай менен бирге әке, ул, күйеў-бала, күйеў, әскер, патша ҳәм руўханий ер роллерин бөлиседи. Ерлер бул роллерди өзлерине ер жынысқа тийисли болғаны ушын алады.

Үшиниден, ерлер Қудайдың даңқын хызметти басқарғаны менен көрсетеди. Ески Келисимниң дәўириндеги ерлер өз шаңарақларының басшылары болған еди ҳәм руўханый ҳәм патша болыўға ҳақысы бар еди. Жаңа Келисимниң тәлийматы бойынша жәмәәттиң басқарыўшы ҳәмеллерин тек ғана ерлер ала алатуғын еди (Тимофей 1-хаты 2 ҳәм 3). Ерлер өзлерине Жазыўды талқылаў ҳәм қорғаў жуўапкершилигин алыўы керек еди (Коринф 1-хаты 14:29-40), ерлер де, ҳаяллар да Қудайға сыйыныўдың орнатылған тәртибин услаў ҳәм қәдирлеў керек (Коринф 1-хаты 11:3-16).

**б. Ҳаял күйеўдиң даңқы**

Кейин Павел «ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди» деп жазады. Елши, ҳаял-күйеўдиң көриниси деп айтып атырған жоқ, себеби ол ондай емес. Жаратылыстың тарийхында анық айтылған: ҳаял ер адамға уқсап, Қудайдың түр-түсине ҳәм уқсаслығына сәйкес жаратылған (Жарат 1:27). Ерлер де, ҳаяллар да өзинде Қудайдың түр-түсин алып жүреди ҳәм бунда олар сөзсиз тең. Бирақ, ерлер ҳәм ҳаяллар ҳәр қыйлы болып жаратылған еди ҳәм усы өзгешелик олардың айрықша ер ҳәм усы ҳаял роллерин атқарыўға белгили болып тур. Соның ушын ер ҳәм ҳаялдың даңқын бир-биринен ажыралып турады.

---

***Бул жерден бизлерге гүнасын жуўыў сферасында басшылық принципи қаншелли әҳмийетли екени дәрҳал түсиникли болады: Қудайдың алдында ҳәр ким, мейли ол ер***

***адам ба, ҳаял ма ямаса Масихтың Өзи бола ма, өзиниң баслығына бойсыныўда болады.***

Дейвид Гудинг

Ҳаял ер адамның даңқы екениниң факты жаратылыс тарийхы менен сүўретленеди ҳәм дәлийлленеди. Павел 8 ҳәм 9-аятларда усыған силтеме етеди.

***(1) Ҳаял ер адамнан.*** Қудай биринши Адам-атаны жаратты (Жарат 2:7). Кейнинен Адам-атаның қабырғасынан Ҳаўа-енени жаратты (Жарат 2:21). 8-аятта бизлер «ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял ер адамнан жаратылғанын оқыймыз. Павел ер адамның басқарыўын айрықша көрсетиў ушын айтып атыр. Ҳаял ер адамның қабырғасынан жаратылғаннан соң, ол «ер адамның даңқы» болып есапланады.

Жәмәәтти ерлер басқарыў керек деген принципин тастыйықлаў ушын Павел Тимофейге жазылған 1-хат 2-баптың 13-аятында бизлердиң есимизге ҳәм ҳаялдың жаратылыс тәртибин ескерте отырып, сол факты келтиреди.

***(2) Ҳаял ер адам ушын.*** 9-аятта Павел былай дейди: «Ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял ер адам ушын жаратылды».

Бул аят және бизлерди Жаратылыс Китабының 2-бап 18-аятына қайтарады, ол жерде болса Қудай ҳаялды «ер адамға сәйкес келетуғын жәрдемши» етип жаратқан деп жазылған. Ҳаялдың роли өз күйеўине көмеклесиў, оны толтырыў ҳәм қоллап-қуўатлаўдан ибират. Солай етип, «ер адамның ҳаялға арналған роли белгиленген жоқ, ал ҳаялдың ер адам ушын атқаратуғын роли анық белгиленген». Сол мәнисте де ҳаял ер адамның даңқы.

Қудай ҳаялды ер адамға көмекши болыў ушын жаратты. Сулыў ҳәм ақыллы ҳаял патша өзиниң патша күйеўиниң даңқы болғандай, ҳәр бир ҳаял өз күйеўиниң даңқы. Қудай басқарыўшы ер адамның бас екенлигин көрсетиў ушын ҳаялды жаратты. Сол ушын ҳаял бул басқарыўды тән алып, бойсынып ҳәм оны қабыллап жасаў керек ҳәм ер адамды оның басшылық етиў ҳәрекетлеринде қоллап-қуўатлаўы керек. Усы ҳаялдың бойсынған ҳаялды қандай

да бир мәдений дәстүрлердиң салғырты деп айта алмаймыз. Бул-Қудайдың ойлап қойғаны. Ҳаялдың гөззаллығы, оның келбети ҳәм даналығы, оның тиришиликти қоллап-қуўатлайтуғын күши, оның ер адамнан ғәрезли болғаны, оның сезгирлиги ҳәм басқарыўшы ер адамды қоллап-қуўатлайтуғын қәбилети-булардың бәри Қудайдың түр-түсине ылайықлы болып жаратылған ҳаялға ер адамның даңқын көрсетиў ушын берилген. Ҳаял ер адамның даңқы болғаны сыяқлы, Жәмәәтте-Масихтың даңқы болады.

### в. Ер ҳәм ҳаялдың бир-бирине ғәрезли болыўы

Павел нийети бузық адамлар ер ҳәм ҳаял арасындағы айырмашылықлардың мәнисин аңсат бурмалайтуғынын жүдә жақсы билген. Соның ушын 11 ҳәм 12-аятларда ол өз арзасын «ҳаял ер адамның» дегенди толтырыў ушын жыныслар бир-биринен ғәрезли болғанын дәлийллеп берип атыр.

Ер ҳаялдың басы (Коринф 1-хаты 11:3), бирақ ол ҳаялға ғәрезли ҳәм ҳаял оған жүдә керек, ҳаялға да ер адам жүдә керек (Коринф 1-хаты 11:11-12). 3 ҳәм 7-аятларда жазылған ҳақыйқат 11 ҳәм 12-аятлардағы ҳақыйқатқа қарсы шықпайды. Ер адамның басқаратуғын ҳәм ҳаялдың бойсынған ҳалларын жынызлардың бир-биринен ғәрезли болмағанын айыра алмаймыз. Қудай тәрепинен руўхланған елши жазғанындай: «Ийемизге тийисли адамлардың өмиринде ҳаял ер адамнан, ер адам ҳаялдан ғәрезли» (Коринф 1-хаты 11:11). Бул ғәрезлилик 12-аятта түсиндириледи. Ҳаўа-ене Адам-атаның қабырғасынан жаратылған болып (сол себептен оған байланыслы), ер адам да усы дүньяға ҳаялдың жәрдеми менен келди, себеби ҳаял оны туўды (сол себепли ол да ҳаялға байланыслы).

Және де «барлық адамлар-Қудайдан». Ер адам да, ҳаял да тең дәрежеде Қудай тәрепинен жаратылған еди. Ол-бизиң өмиримизди басқаратуғын ҳәм бизиң жеккелигимизди қәлиплестиретуғын Жаратыўшы. Ол-гүзе соғыўшы, бизлер болса-ылай. Бизлер бәримиз Оннан ғәрезлимиз. Соның ушын ер адамларда, ҳаялларда бир-бирине өзлерин «жаратыўшы» ямаса «хожейин» деп қарамаў керек.

***Ер адамның басшылығы ҳәм ҳаяллардың бойсыныўы ҳаққындағы тастыйықлаўларды жыныслардың теңлиги ҳәм бир-бирине ғәрезлиги ҳаққындағы тәлийматтан ҳеш ўақытта бөлек ажыратыўға болмайды.***

Жаңа Келисимниң үш тийкарғы сөзлери-«басқарыўшы», «бойсыныў» ҳәм «үстемлик етиў» ер адамның басқарыўын ҳәм ҳаялдың бойсыныўын анық көрсетеди. Ефестеги, Коринфтағы, Колосадағы ҳәм Крит атаўындағы исениўшилер жәмәәтлерге Павел тәрепинен жазылған ўәсиятлар усы гүнакар дүньяда, ҳәтте, масихыйларға басқарыў ҳәм бойсыныў тәлийматын қабыллаў қыйын екенлигин ескертип атыр. Соның ушын Павел бизлерге Қудайдың ер адамлар ҳәм ҳаяллар ушын орнатылған дәслепки жобасын қайта-қайта ескертип атыр. Масихый тәлиймат Қудайдың жобасын жоқ қылған жоқ, керисинше бул тәлиймат оны оннан да анығырақ ҳәм айдынырақ көрсеткен.

## Г. РИМ 16:1-16<br>ЕЛШИЛЕР 16:14-15, 18:24-26<br>ФИЛИПП 4:2-3<br>ТИМОФЕЙДИҢ 1-ХАТЫ 3:11<br>ҲАЯЛЛАРДЫҢ ХЫЗМЕТИ

Биринши жәмәәтлерде ҳаяллар жетекши болыўға рухсат болмағанына қарамастан, олар жәмәәт хызметине үлес қосты ҳәм Хош Хабар тарқатты. Олар Қудайға хызмет етти ҳәм Оның халқының бөлеги еди.

### 1. Римлилерге жазылған хат 16:1-16

Римдеги масихыйларға жазылған хаттың жуўмақлаўшы бөлиминде Павел мына ҳаяллардың атларын айтып өтеди (Рим 16:1-16-қа қараң). Ол айрықша атап, 29-адамға арнаўлы сәлемлер жибереди, сол адамлардың арасында кеминде 9 ямаса ҳәтте 10 ҳаял бар. Олар: Фиба, Прискила, Мәрияи, Юния, Трифен, Персис, Руфустың анасы, Юлия, Нирейдиң қарындасы.

Бул үзиндини Павелдиң ҳаялларға ҳүрмет ҳәм әдиўлилик пенен қараўының дәлийли деп есапласақ болады. Бул ҳаяллар Павелдиң Масихта болған туўысқанлары, оның дослары ҳәм бирге ислеўшилери еди. Павел оларды әдил мийнет, батырлық, мийнет сүйгишлик ҳәм туўысқанлық сүйиспеншилиги ушын баҳалады. Олар Қудай ушын әҳмийетли ҳәм керекли жумысты ислеп жүрди. Сол себептен елши оларды қәдирледи ҳәм ҳүрметледи.

Сол жерде де Павел бизлер ушын өрнек болып турыўы керек! Бизлер жийи Қудай ушын ислеп атырған ҳаял-туўысқанларымызды қәдирлемеймиз ҳәм бир ўақытлары улыўма байқамай қаламыз. Төмендеги үзиндини оқып атырған ўақытта Павел сол аятларда келтирген ҳәр түрли адамларға қараўдың түрлерине дыққатыңызды аўдарың:

**16:1** Кенхреядағы исениўшилер жәмәәтиниң хызметшиси болған Фиба апамызды сизлерге тапсыраман.
**16:2** Оны мухаддеслерге минәсип түрде Ийемиздиң аты менен қабыл қылыңлар. Және де, оның қандай мүтәжлиги болса да жәрдем етиңлер.
Себеби ол да көп адамларға, соның ишинде маған жәрдемши болды.
**16:3** Мениң менен бирге Масих Ийсаға хызмет етиўши Прискила ҳәм Акилаға сәлем айтыңлар.
**16:4** Олар мениң жаным ушын өз өмирин қәўип астына қойды. Буның ушын тек мен емес, ал басқа миллетлердиң ҳәмме исениўшилер жәмәәтлери де оларға миннетдар.
**16:5** Сизлер ушын көп мийнет еткен Мәриямға сәлем айтыңлар.
**16:6** Масихтың елшилери арасында абырайлы болған, меннен бурын Масихқа исенген ағайинлерим ҳәм қамақта бирге болған досларым Андроник пенен Юнияға сәлем айтыңлар.

### а. Фиба

Павел еслеген биринши ҳаял-бул Фиба. Оны Павел римли масихыйларға туўысқан ҳәм Кенхреядағы исениўшилер жәмәәтиниң хызметшиси деп сүўретлейди, он-

нан үлги алыўды усынады. «Диаконос» деген грек сөзи «диакон» көп мәнисте қолланылатуғын «хызметши» деген сөзлер сыяқлы аўдарылады. Бул жерде «диаконос» сөзди айтып Павел не демекши екенлигин билмеймиз, себеби берилген үзиндиниң мәниси бойынша сол сөздиң еки мәнисин де тең қолланыўға болады.

Егер Фиба ҳақыйқаттан да ҳаял-жетекши болып хызмет етип жүрген болса, онда ол Жаңа Келисимде сүўретленген жетекшиниң рәсмий ўазыйпаларын орынлаған, оның ўазыйпалары-мийирманлық ҳәм жақсы ислер. Ол өз жәмәәтиниң жарлы адамларына мүтәжликлери болған жесир ҳаялларға ҳәм аўырып жатқан адамларға хызмет етип жүрген болыўы мүмкин. Егер де «диаконос» дегенде, Павел усы сөзди кең мәнисте қолланған болса, онда Фиба жәмәәтине қурбанлық түрде ҳәр қыйлы ислер арқалы хызметин көрсететуғын еди: миймандослық көрсетти, ақшалай жәрдемлести, дуўа етип, гүўалық айтып, басқа ҳаялларға үйретип, жаңа тәўбе еткенлери менен ислесип, наўқасларды барып көрип ҳәм ғамхорлық етти.

Павел және былай жазады: «Себеби, ол да көп адамларға, соның ишинде маған жәрдемши болды» (Рим 16:2).

Биреўлер айтады, «protatis» деген грек сөзи усы жерде «жәрдемши» деп аўдарылған, «басшы» ямаса «басқарыўшы» деген мәнисин аңлатады, демек, Фиба жәмәәттиң шопаны ямаса басқарыўшы болғанлығы болжанады. Бирақ усындай талқылаў берилген үзиндиниң мәнисине туўры келмейди. Бул жерде усы сөз «көмекши», демек, «бир нәрседе көмек беретуғын ҳаял» деген мәнисин алып тур.

Павел римли масихыйлардан Фибаға көмек етиўди («protatis») сорайды, себеби оның өзи Павелге ҳәм басқа көп масихыйларға «жәрдемши болды» («protatis»). Фиба молшылықта жасаған ҳаял болғанлығы ҳаққында силтемелер бар. Солай болғанда, ол көплеген масихыйларға, Павелди де есапқа алғанда ақша менен көмеклесетуғын еди (Рим 16:2). Әлбетте, Павел Фиба адамларды ҳәм Павелдиң өзин де басқарып турды деп айтып атырған жоқ. Мухаддес Китаптың инглис тилиндеги тийкарғы аўдармаларында бул грек сөзи «көмекши» деп аўдарылған.

Фиба Қудайға хызмет көрсетип, Кенхрея қаласы жәмәәтиниң салмақлы ҳәм хызмет етиўдиң үлгиси еди. Лекин, үзиндиниң мазмунында ҳеш нәрсе оның басқарыўшы, жәмәәт шопаны ямаса муғаллим болғанын көрсетип атырған жоқ.

**б. Прискила**

Павел тәрепинен айтылған екинши ҳаял-Акиланың ҳаялы еди (Рим 16:3). Прискила менен Акила Павелдиң Ийса Масих ушын хызметте бирге ислесиўшилер, демек, Хош Хабар тарқатыўшылар болған. Павелге уқсап, олар өзлерин толық Хош Хабар тарқатыўға арнады. Павел сүйип ҳәм ҳүрметлеп, оны қутқарғанда, олар өз өмирлерин қәўип астына қойған еди. Бизлер анықлықларды билмеймиз, бирақ Павел Прискила менен Акиланы мақтаныш пенен өзиниң бирге ислесиўшилер ҳәм Хош Хабар тарқатыў жумысында көмекшилер деп атайды. Олардың мийнет ҳәм үлгили батырлығы ушын Павел ҳәм «басқа миллетлерден пайда болған жәмәәтлер» оларға шын жүректен рахмет айтқан.

**в. Мариям**

Павел Мариямға сәлем жоллап оның «бизлер ушын көп мийнет еткенин» тән алады (Рим 16:6).

Мариям не менен шуғылланғанын анық билмеймиз, бирақ не ислейтуғын болса да, Павел оны римли масихыйларға хызмет етип жүргениниң көп еситти. Ол Мариямның Қудай халқына садықлығын шын кеўили менен қәдирледи ҳәм бул ҳаққында Римдеги масихыйларға ескертетуғын еди. Мәриямның хызмети исениўшилердиң ҳүрметине ҳәм жоқары баҳасына ийе болыў керек еди.

**г. Юния**

«Юнияның» (ямаса «Юнийдиң») исми ҳәм жәмийетте тутқан орнына тийисли бир қанша қарама-қарсы талқылаўлар бар. 7-аятта: «Масихтың елшилери арасында абырайлы болған, меннен бурын Масихқа келген ағайинлерим ҳәм қамақта бирге болған досларым Андроник пенен Юнияға сәлем айтыңлар»-делинген. Мухаддес Китаптың

талқылаўшылары бул исим ер-адамға я ҳаялға тийисли екенлиги ҳаққында бир пикирге еле келген жоқ (грек Иоуниан).

Бул ат және де Юния ҳәм Андроник «Елшилердиң арасында абырайлы болған» деген күшли айтысларды жүзеге шығарады. Хош Хабар тарқататуғын феминистлер усы жазыўды ҳаял-елши бар болғанлығын дәлийллеў ушын қолланады. Бирақ, берилген жазыўды усындай қылып оқығанымызға қарсы бир қанша себеплер бар.

Бириншиден, шынын айтыўымыз керек: ҳәзир бизлер бул ат ҳаял я ер жынысына тийисли екенин исенимли түрде айта алмаймыз. Соның ушын феминизмге қарсы адамлар, бул ат ер адамға тийисли деп айтады, феминистлер болса, бул ҳаялдың аты деп есаплайды.

Екиншиден, Ийса Масихтың елшилерди тек ғана ер адамлардан таңлады ҳәм Жаңа Келисимде айтылған елшилердиң бәри ер жынысына тийисли. Бул гүмансыз фактлар ҳаял елши болғанын айтыўға абайлылық пенен қараўды талап етеди ҳәм Жаңа Келисимдеги дәўирде ҳаял елшилер бар еди деп исенимли түрде дәлийллеў ушын қолланыла алмайды.

Үшиншиден, Павелдиң ҳаялға ер адамды үйретиўге де, басқарыўға да рухсат етпегени, «ҳаялдың басы-ер адам» дегени ҳәм дуўа етиўдеги жыйналыслар ўақтында ҳаяллардың «бойсынған ҳалда» болыўы ҳаққындағы тәлийматы ҳаял-елшиниң пайда болыўға мүмкиншилиги де жоқ болғанын дәлийллейди. Егер Павелдиң тәлийматына шынтлап қарасақ, оның досты Юния ҳақыйқатында да қәдирленген ҳаял елши болғанына исениў жүдә қыйын.

Соның ушын бизлер атақлы Мухаддес Китапты изертлеўши Джеймс Данның усы аятты былай талқылағанына ҳайран қаламыз: «Бизлер масихый жәмәәтин елши-тийкарын салыўшылардың биреўи ҳаял болғанына қатаң исенимли болыўымыз мүмкин». Бундай тастыйықлаў қуры қәлегенимизди бар болған нәрсениң орнына қояды.

### д. Трифен, Трифос, Персис ҳәм Руфустың анасы

Павел исеним бойынша туўысқан болған Трифен ҳәм Трифосқа арнаўлы сәлем жоллайды (Рим 16:12). Елши

оларды «Ийемиздиң хызметинде мийнет етип атырған ҳаяллар» деп атайды. Лекин, бизлер олардың қандай жумыс ислегенин билмеймиз.

Павел сүйиспеншилиги менен Персисти «сүйикли» деп атайды (Рим 16:12).

«Мийнет еткен» деген фейили өткен мәҳәлде қолланылып, оның өз жумысларын жасына я аўырғанына қарап қойып кеткенин ямаса оның өткен күнлеринде көп жумыс ислегенин билдирип турыпты. Туўысқан Трифен ҳәм Трифосқа қарағанда өз хызметинде ол барлық адамлар ушын «сүйикли» болып кеткен ҳәм сондай қатнасқа ылайықлы болған.

Руфустың анасының аты бизлерге намәлим, бирақ оны Қудай биледи (Рим 16:13). Бул ҳаял Павелге сондай сүйиспеншилик ҳәм ғамхорлық пенен қарағанлықтан, ол оны баласындай қабыллайды.

### 2. Елшилердиң ислери 16:14-15 Филиплилерге жазылған хат 4:2-3 *Лидия, Еводия ҳәм Синтихия*

Павел басқа ҳаяллар менен де ислесетуғын еди, оларды да ҳүрметледи ҳәм қәдирледи. Филиплилерге жазылған хатта ол үш белсене қатнасыўшы, салмақлы ҳаяллардың атларын айтып өтеди. Булар *Лидия*, Еводия ҳәм Синтихия. Филиплилерге жазылған хатта былай жазылған:

**4:2** Еводияға өтиниш етемен, Синтихияға да өтиниш етемен, Ийемиз бенен қатнаста болған сизлер аўызбиршиликли болыңлар!

**4:2** Аўа, садықлы хызметкер саған да жалбарынаман, бул ҳаялларға жәрдем бер. Себеби, олар мениң менен Климент пенен басқа хызметшилер менен бирге Хош Хабарды тарқатыў ушын аўыр мийнет етти. Олардың ҳәммесиниң атлары, Өмир китабында жазылған.

Павел Еводия ҳәм Синтихия оның менен бирге Хош Хабарды тарқатыў ушын аўыр мийнет еткенин хабарлайды, соның ушын оларды өзи менен бирге ислесиў-

шилер деп есаплайды (Филип 4:3). Павелдиң сөзлери бойынша бул ҳаяллар оның басқа дослары менен бирликте Хош Хабардың нурын дүньяға алып барды. Павелдиң айрықша елшилиги ушын Филип қаласындағы исениўшилер жәмәәти ушын да олардың хызмети жүдә әҳмийетли еди. Бүгин бизлер усы ҳаялларды елшилер деп айтар едик.

Лидия Филипп жәмәәтиндеги биринши тәўбе еткен искер ҳаял еди. Ол жүдә исшең ҳәм ашық адам еди. Оның үйи Павел ушын өзиниң үйиндей болды ҳәм мүмкин исениўшилер ушырасатуғын жер де болған шығар. «Бизлер Лидия исениўшилер жәмәәтинде қандай рольди атқарғанын тек ойлап табыўымыз керек». Ол ҳаққында Лука Елшилердиң ислери китабында былай жазады (16:14-15):

**16:14** Тыңлаўшылар арасында Фиатира қаласынан келген, қымбат баҳалы гезлемелерди сатыўшы Лидия атлы бир ҳаял бар еди. Ол Қудайға сыйынатуғын еди. Павелдиң сөзлерине қулақ салыўы ушын Ийемиз оның кеўин ашты.

**16:15** Лидия үй иши менен бирге шомылдырылғаннан соң, бизлерди үйине мирәт етип: «Мени Ийемизге исенеди деп есаплайтуғын болсаңлар, келиңлер үйимде болыңлар»,-деп *бизлерди көндирди* (автор тәрепинен айырылған).

Бул ҳаяллардың үшеўи де Павелдиң ҳәм оның менен бирге хызмет етип жүрген адамларының қәдирли дослары болған.

### 3. Елшилердиң ислери 18:24-26; Прискилла, Акила ҳәм Аполос

Прискилла менен Акиланың хызметинде бир нәрсе көп айтыслардың ҳәм талқылаўлардың себеби болған. Прискилла менен Акила биринши мәрте Хош Хабарды батыллық пенен айтатуғын Аполос пенен ушырасқанда, олар Аполостың Хош Хабарды ҳақыйқый жол менен түсинбегенин көрди:

**18:24** Сол ўақытта, негизги искендериялы болған Аполос атлы бир яҳудий Ефеске келди. Ол Мухаддес Жазыўларды жүдә жақсы билетуғын, сөзге шешен адам еди.

**18:25** Ийемиздиң жолында тәлим алған ол, жалынлы руўх пенен сөйлеп, Ийса ҳаққында дурыс үйрететуғын еди. Бирақ ол тек Яқыяның суўға шомылдырыўын ғана билетуғын еди.

**18:26** Аполос мәжилисханада батыллық пенен сөйлей баслады. Буны Прискилла менен Акила еситкенде, оны үйине апарып, Қудайдың жолын анығырақ түсиндирип берди.

Бул жазыўды талқылап, бир феминист-илимпаз оны «ҳаялдың жәмәәттеги басқарыўшы ролин гүмансыз гүўалығы болып тур ҳәм ол бул ҳаялдың муғаллим сыпатында оқып турғанында көринеди» деп атайды. Бирақ, берилген үзиндиниң ишинде соған уқсаған фактта ҳеш қандай «гүмансыз гуўалық» таба алмаймыз.

Бизлерди дурыс түсиниң, бизлер бир секундқа да Прискилланың билим дәрежесин, оның Хош Хабарды тарқатыўға берилгенлигин ямаса Аполосқа еткен тәсирин пәсейтиўге урынбаймыз, себеби ол ҳақыйқатында да жүдә көрнекли ҳаял еди. Соған қарамастан, тексттиң ишинде Прискила жәмәәтте муғаллим я жетекши болғанына ҳеш қандай көрсетпелер жоқ. Шынын айтқанда, тексттиң ишинде жәмәәт ҳаққында айтып, ҳеш қандай анықлықларды келтирмейди.

## 4. Тимофейге жазылған 1-хат 3:11 Ҳаял-хызметши (ҳаял-диакониссалар)

Мухаддес Китапты шынтлап талқылаўшыларының көбиси усы Тимофейге жазылған 1-хаттың басқа ҳаялларға хызмет етип жүрген ҳаял-хызметшилерге арналған деп айтады.

**3:11** Сондай-ақ, олардың ҳаяллары да өсекши болмай, ҳүрметли, салмақлы ҳәм ҳәмме исте исенимли болсын.

Бирақ, басқа илимпазлар усы аятты қуры өз күйеў-жетекшилерине көмеклесип жүрген ҳаялларды көрсетеди дейди. Лекин, сол ҳаяллар хызметшилер болып жәмәәтте ислеп жүрген болса да, олар мийримли ислер менен шуғылланатуғын еди, бирақ жәмәәттиң ишинде басқарыўшылар болып ҳеш ўақытта да адамларды ер басқарған жоқ. Солай етип, ҳаял-хызметшилердиң жумысы Павелдиң тыйымын бузған жоқ еди, бул тыйымды болса ҳаялларға ерлерди басқарыўға рухсат жоқ еди.

Мухаддес Руўх барлық исениўшилерди ерлерди де, ҳаялларды да руўхый сыйлары менен байытады ҳәм күш береди. I әсирдиң ҳаял-масихыйлары Қудайдың жумысын алып барыўда үлкен роль ойнады. Олар масихыйлықтың пайда болған биринши күнлеринен баслап белсене қатнасқан (Елшилер 1:14). Бирақ, олардың Хош Хабарды тарқатыў ҳәм Қудайдың халқына ғамхорлық етиўи, Қудайдың жобасын бузғанлығы менен орынланатуғын болған, демек, жәмәәтте басқаратуғын орынды ерлер ийелейтуғын еди.

Жаңа Келисимге қарап, өзиниң руўхый сыйларына, руўхый жетискенлигине ҳәм дөгеректеги жағдайына байланыслы, ҳаял-масихыйлар төмендеги нәрселерди ислеўи керек:

- Қудайдың жумысына көмеклесип, Оған шын жүреги менен хызмет етип, Оның берген руўхый сыйлары арқалы оған ҳәм Оның халқына хызмет етиўи (Коринф 1-хаты 7:34, 11:5, 16:5; Елшилер 16:15; Рим 16:1-4, 6, 12).
- Мухаддес Китаптың тәлийматын белсене үйренип оны әмелге асырыў. масихый ҳаяллар өз ой-пикирлерин ҳәр ўақытқа қарап, басқаларды исенимде хошаметлеў керек (Петр 1-хаты 3:15; Елшилер 18:26; Тимофейдиң 1-хаты 2:11).
- Масих ҳаққында белсене гуўалық етиў (Филип 4:2-3; Тимофейдиң 2-хаты 1:5).

- Қайыр етиў ҳәм мүтәж болғанларға көмеклесиў (Лука 8:1-3; Елшилер 9:36, 39; Тимофейдиң 1-хаты 2:10, 3:11, 5:10, 16; Рим 16:13).
- Жергиликли жәмәәтке хызмет етиў (Рим 16:1, 16).
- Үйде жақсы бийке болыўға басқа ҳаяллларды үйретиў (Тит 2:4-5).
- Миймандос болыў (Елшилер 16:15; 18:3; Тимофейдиң 1-хаты 5:10).
- Дуўа етиў ҳәм пайғамбаршылық қылыў (Коринф 1-хаты 7:5, Елшилер 21:9, Тимофей 1-хаты 5:5, Аян 2:20).
- Өз күйеўлерине ҳәм балаларына ғамхорлық етиў (Тимофей 1-хаты 2:15, 5:10, 14; Тит 2:4-5).

Ерлердиң басқарыў принципи ҳаяллардың Қудай жумысына белсене қатнасқанын бийкар етпейди. Ҳаяллар жақсы Хош Хабар тарқатыўшылар, дуўаның жаўынгерлери, өсип атырған әўладтың тәрбияшылары, мийирманлық ислердиң хызметшилери, Қудайды сүйиўшилер ҳәм даналықтың дәнлерин ғамхорлық пенен егетуғын адамлар. Бизлер оларды ҳеш қашан умытпаўымыз керек. Ийемизге көрсеткен хызметтиң әҳмийетин пәсейтпеўимиз керек ямаса барлық адамлар ислеп атырған жумысына үлесин баҳаламай қоймаўымыз керек.

***I әсирдиң ҳаял-масихыйлары Қудайдың жумысын алып барыўда үлкен роль ойнады. Олар масихыйлықтың пайда болған биринши күнлеринен балсап белсене қатнасқан.***

## Д. ГАЛАТИЯЛЫЛАРҒА ЖАЗЫЛҒАН ХАТ 3:28 МАСИХТАҒЫ БИРЛИК

Усы бапта мен Галатиялыларға жазылған хаттың ең кейинги үзиндиси менен жуўмақлайман. Бул ерлер ушын да, ҳаяллар ушын да жүдә қызық үзинди. Қутқарыўда ҳәм ол арқалы келетуғын жарылқаўлар да еки жыныстың арасында ҳеш қандай парық жоқ. Ҳәм масихыйлардың ҳәммеси сол үзиндиниң әҳмийетин ҳәм салмағын мойын-

ласа да, тилекке қарсы түрли адамлар оны ҳәр түрли етип түсинеди.

Бизиң феминист туўысқанларымыз бул аятты жынысларды арасында қатнасықлар ҳаққында айтыслардың есапты баслайтуғын жери деп қарайды. Бул текстти олар ең тийкарғы ҳәм усы мәселени шешетуғын Мухаддес Жазыўларды дурыс түсиниў ушын ең кереклиси деп есаплайды. Бирақ дәстүрий көз-қарастың тәрепдарлары бундай пикир менен разы емес. Усы теманы берилген үзиндиниң шегараларында изертлегенде, илтимас, 28-аятқа, әсиресе, көп күшли айтыслардың себеби болып турған «еркек пенен ҳаялдың арасында ҳеш қандай айырмашылық жоқ» деген сөзлерге итибар бериң. Павелдиң Ески Келисимге тийисли болған ой-пикирлери жетерли дәрежеде қыйын болғаннан соң, бизлерге оның пикирлериниң барысын түсиниў ушын көбирек инта керек. Мүмкин, сиз сол үзиндиниң мәниси менен жақынырақ танысқыңыз келер, сонда Галатиялыларға жазылған хаттың 2-бабын оқың: (Галат 3:1-4:7).

**3:16** Қудай Ибрайымға ҳәм оның урпағына ўәде бергенде: «Сениң урпағыңнан болғанларға» деп көп адамларды нәзерде тутып айтқан жоқ, ал «сениң урпағыңнан болғанға» деп тек бир адамды, яғный, Ийса Масихты нәзерде тутып айтқан еди.

**3:17** Мениң айтажағым мынаў: төрт жүз жылдан соң пайда болған Мухаддес Нызам, Қудайдың алдын ала дүзген келисимин бийкарлап, ўәдесиниң күшин жоқ қылмайды.

**3:18** Себеби, егер Қудайдың берген мийрасы Нызамды орынлаў арқалы берилгенде, онда ол ўәде бойынша болмайды. Бирақ Қудай мийрасты Ибрайымға ўәде бойынша берди.

**3:26** Себеби, Ийса Масихқа исенгениңиз ушын ҳәммеңиз Қудайдың балаларысыз.

**3:27** Суўға шомылдырылғанда Масих пенен бирлесип, ҳәр бириңиз Масих сыяқлы болдыңлар.

**3:28** Ендигиден былай, яҳудий менен гректиң, қул менен азат адамның, ер адам менен ҳаялдың ара-

сында ҳеш қандай айырмашылық жоқ. Өйткени, ҳәммеңиз Ийса Масихта бирсиз.

**3:29** Егер Масихқа тийисли болсаңыз, онда Ибрайымның урпағысыз, Қудайдың ўәдеси бойынша мийрасхорларсыз.

Усы үзиндиниң мәниси (Галат 3:28) қутқарыў мәселесине тийисли болып, Павелдиң Қудай сөзин талқылаўдың орталық темасы болып есапланады. Жалған муғаллимлер Галатияның жаңа шөлкемлестирилген жәмәәтлерине усындай тәлиймат алып келген, басқа миллетлерден келген исениўшилер қутқарылыў ушын Муўсаның заңын орынлаў керек еди (Елшилер 15:1). Бизиң үзиндиде тап усы жалған тәлиймат ҳаққында айтылған ҳәм Павел Галатиялыларға жазылған хата (3:1-4:7) соған қарсы шығады.

## 1. Галатиялыларға жазылған хат 3:28-диң әҳмийети

Усы үзиндиниң мәниси, Қудай тәрепинен таярланған қутқарылыў жобасын, нызамның алдын белгиленгенин, Ибрайымға ўәде етилген жарылқаныўлардың алынған қутқарылыў шәртлерин, бала болыў ҳәм мийрасхорлық етиўин, Масихта бирлигин ҳәм Муўсаның Нызамын орынламай турып, исеним арқалы қутқарылыўын көрсетеди. Солай етип, 28-аяттың мәниси ер ҳәм ҳаял, яҳудий ямаса басқа миллетли, қул ямаса еркин адамның арасындағы айырмашылықлары адамның қутқарылыўына ҳеш қандай тәсир етпейтуғынын аңлатады. Адам жынысына, миллетине я социаллық жағдайына қарамай, тек Ийса Масих пенен бирлескенде ғана қутқарылыўы мүмкин.

Усы сөзлерди жазған адам, бурын қатты қатаң ҳәм бойсынбаған парисей еди. Масихтың Хош Хабарын қабыллаўдан алдын, Павел, мынадай пикирде болды: Ибрайымға берилген ўәделер тек ғана яҳудийлер, яғный, еркин ҳәм камалға келген яҳудийлик ерлерге арналғанына исенди. Бул жерде Павел жазады: Бизиң дүньямызға Қутқарыўшымыз Ийса Масих келгеннен кейин бул жағдай өзгерип кетти. Тек ғана еркин туўылған яҳудий ерлер емес, ал исенетуғын

адамлардың барлығы тең дәрежеде Қудай перзенти деп аталыўға, Масих пенен бирге болыўға ҳәм Ибрайымға берилген ўәделердиң мийрасхорлары болыўға ҳәм сол арқалы ақланып, бәрҳа Мухаддес Руўхтың бар екенлигин сезиў ҳуқықына ийе.

Бизлер изертлеп атырған аятта социаллық әдилсизлик ҳаққында айтылған жоқ, ол болса ҳәр бир жуптың арасында болыў мүмкин еди. Павел тартыслы мәселелерди изертлеўге урынған жоқ. Оның сөзлериниң мақсети ерлер ҳәм ҳаяллар арасында ўәде етилген мийрасты алыў ушын тосқынлық ететуғын айырмашылықлар жоқ екенлигинен ибарат. Ол бул жерде, ер ҳәм ҳаялдың қутқарылғаннан кейин болатуғын қатнасықлары ҳаққында айтып турған жоқ. Павелдиң усы тастыйықлаўына талқылаў ретинде, Коттрел былай жазады: «Берилген үзиндиде еки жыныстың жәмәәттеги я жәмийеттеги роллери ҳаққында емес, ал руўхый жағдайы ҳәм Қудай менен қарым-қатнаслары ҳаққында айтылады. Сораў Қудай менен жасап атырған адамның қутқарылатуғын мәселесиниң әҳмийетинде емес, ал адамның усы қарым-қатнасларға қандай етип өтиўинде болып табылады».

## 2. Галатиялыларға жазылған хаттағы 3:28-тың дурыс емес талқыланыўы.

«Ер адамның жынысы да ҳаял жынысы да жоқ» деген сөзлерге тоқтаўсыз қуўанып, феминист талқылаўшылар бул аятқа негизинде бар болғанында оның ишинде жоқ мағанасын қосып, кең мәнис береди. Олар бул аятты жыныслардың арасындағы қарым-қатнасларға тийисли сораўлардың тийкарғы үзиндиси деп есаплайды ҳәм ол бизлер изертлеп атырған мәселелер арасында ең биринши орынды ийелейди деп есапланады. Бул аятты масихый феминизмниң «Уллы ерклиликтиң ҳүжжети» деп айтады, себеби оның феминистлик талқыланыўы ерлер ҳәм ҳаяллар арсындағы барлық жынысый айырмашылықларды өширеди.

Феминистлер қабыллаған усы талқылаў усылларын қолланып, гомосексуалистлер өзлерин Хош Хабар тарқата-

туғын исениўшилер деп есаплайды, олар өзлериниң бузылған жынысый қатнасықларына ҳақымыз бар, себеби Мухаддес Китапта «ер адам жынысы да, ҳаял жынысы да жоқ» деп жазылған деп өз ҳуқықларын жәриялайды. Бир атақлы жазыўшы-гомосексуалист бул ҳаққында былай жазған: «Егер енди Ийса Масихта ер ҳәм ҳаял арасында айырмашылық жоқ болса, Ийса Масихқа келгеннен кейин, бизлер қандай жыныстың ўәкили менен жынысый қатнаста болатуғынымыз, қандай жынысқа тийислилигимиз ямаса өзимизди ким деп есаплайтуғынымыз, Қудайға бәри-бир болады». Бирақ Галатиялыларға жазылған хаттың усы аяты ҳәр түрли жыныслардың бар екенлигин бийкар ете ме?

Сонда енди ерлерге еркеклер менен, ҳаялларға ҳаяллар менен жынысый қатнаста болыўға жол қойыла ма? Сонда енди масихыйлар бирдей жыныс ўәкиллериниң неке қурғанлығын хошаметлеў рухсат етиле ме?

Хош Хабар тарқататуғын феминистлердиң көриниси бир жынıслы қатнасықларды қуратуғын адамлардың көзқарасын қабылламайды. Олар бизлер изертлеп атырған Галатиялыларға жазылған хаттағы жазбада бир жынıслы адамлардың қатнаста болыўы гүна деп айтылғанын еслете отырып, аятқа Мухаддес Китаплық талқылаў бойынша қарайды (Рим 1:26-27, Коринф 1-хаты 6:9-10). Олар «ер адам менен ҳаялдың арасында айырмашылық жоқ» деген сөйлем ерлер менен ҳаяллардың арасындағы жынысый өзгешеликлерди бийкар етпейди деп есаплайды. Деген менен, феминизмниң қарсыласлары 28-аятты басқа жыныслар арасында роллик айырмашылықлар бар екенлигин тастыйықлайтуғын аятлар орталығында талқылап баслаған ўақытта, егер онда феминистлер қарсы шығып, бундай талқылаўды усылы әпиўайыластырылған ҳәм өз-өзине қарсы айтылған деп үлкен шаўқым көтереди. Олар Павелдиң бул тастыйықлаўларына ҳеш қандай шекрениўлерди көргиси келмейди, деген менен олардың тастыйықлаўлары нәтийжеликке ийе емес. Бир жынıслы адамлардың бир-бири менен қатнаста болғанының гүна екенин айтатуғын басқа Мухаддес Китаплық аятлар бизиң аятымызды дурыс жол менен талқылаўға мүмкиншилик

бергени сыяқлы, ерлер ҳәм ҳаяллар арасындағы жынысый рольлик айырмашылықлар ҳаққындағы текстлер жынислардың тең ҳуқықлығы тәрепдарларына оны өз пайдасына қолланыўына мүмкиншилик бермейди.

Павел ҳақыйқаттан «ер адам менен ҳаялдың арасында айырмашылық жоқ» деп тастыйықлаған, бирақ ол және «Масих исениўшилер жәмәәтиниң басшысы болғандай, еркек ҳаялдың басшысы» екенлиги ҳаққында айтады. Бул еки дағаза ҳеш қандай бир-бирине қарсы шықпайды. Биринши қутқарылыў мәселеси жынислардың теңлигине тийис, екиншиси болса Қудай ойлаған жобаға сай келетуғын ер менен ҳаялдың қарым-қатнасларын аңлатады. Бул ҳақыйқаттың екеўи де Жаңа Келисимде жазылып турып, бир-бирине қарсы шықпайды, соның ушын бизлер екеўин де ҳүрметлеўимиз керек. Ески Келисимниң изертлеўшиси Брюс Уольтке бул еки ҳақыйқатты дурыс түсиниў ушын бир жолын көрсетеди: «Бул жынислардың теңлиги ҳәм тең болмағанлығы ҳаққында ҳақыйқатлар диалектикалық интада турыў керек, биреўди басқа биреўдиң үстине қоймай, олардың ҳәр қайсысына тең әҳмийет бериў керек».

Мысалы, Петр күйеўдиң ҳәм еки жыныстың жынысый өзгешеликлери ҳаққындағы тийкарды «диалектикалық интада» услап турды. Петрдың айтыўы бойынша ҳаял бир жақтан «мәңгилик өмирди мийрас ететуғын» адам деп, басқа жақтан болса, неке қурылысында-бойсынған ҳалда турған адам (Петрдиң 1-хаты 3:1-7). Бизлер жынислардың қатнасларына Мухаддес Китаптың көз-қарасын, тек ғана оған «барлық күши менен» еркеклер ҳәм ҳаяллардың теңлиги де, олардың айырмашылықлары ҳаққында айтыўға мүмкиншилик берсек, тилекке қарсы, феминистлер ярым ҳақыйқат пенен қанаатландырыўды мақулырақ көреди. Олар еркек пенен ҳаялдың теңлигине пәт қояды ҳәм еки жыныстың түрли жынысый өзгешеликлерин мойынламайды.

Фемимнист талқылаўшылары өзлериниң Мухаддес Китап талқылаўларында, жынислардың теңлигине тийкар салатуғын тәлийматы деп есаплайды. Соның менен бирге олар еркеклер ҳәм ҳаяллар қатнасына Қудай тәрепинен

киргизилген теңлик ҳәм теңсизлик тараўлардың бар екенлигин бийкар етеди. Олар жынyслардың теппе-теңлиги ушын қатты қарсы гүрес алып барғанлықтан, еркек басқарыўы ҳаялдың бойсыныўы үлкен әдилсизликтей болып көринеди. Және де айтыўымыз керек олардың теңлик ҳаққында пикири усы дүньяның өмирин көрсетеди, ал Мухаддес Китаптың сөзлери емес, еркеклер менен ҳаяллардың қатнасықларының тәртибин бузады. Бул тәртипти болса, Қудай орнатты ҳәм еркекке басқарыў ўазыйпасын берди.

### 3. Галатиялыларға жазылған хаттың 3:28-на әмелий жуўмақлар

Бизлердиң Масихта болған бирлигимиз ҳаққында түсинигимиз күнделикли өмиримиз ушын үлкен әҳмийетке ийе. Қудайдың үйинде ҳәр қыйлы миллетлер, келип шыққан, жәмийетте ҳәр түрли қатламдағы адамлар биргеликте жасайды. Масихыйлардың барлығы-яҳудийлер ҳәм басқа миллетлер, еврейлер ҳәм греклер, қуллар ҳәм еркинлер, еркеклер ҳәм ҳаяллар, шомылдырылған ҳәм Мухаддес Руўхқа толған адамлар. Олар руўхый сыйларын алып, Масихтың Денесинде толық ҳуқықлы ағзалары болып хызмет етеди. Бизлер - бир пүтинбиз, бизлер бәримиз бир-бирмизди қурбанлық пенен сүйип, хызмет етиўимиз керек.

Яҳудий масихыйлар басқа миллетлерден келген туўысқанларын сүйиўи керек ҳәм керисинше. Масихыйлардың барлығы бир-бирине хызмет етип, бир-бирин қабыллап, бирге аўқат жеп ҳәм қатнаста болып жасаўы керек. Басқа исениўшилер менен миллети себепли аўқаттан бас тартатуғын адам Хош Хабарды бийкарлайды (Галат 2:11-14). «Сонлықтан, Қудайдың алғысланыўы ушын Масих сизлерди қабыл еткениндей, сизлер де бир-бириңизди қабыл етиңлер» (Рим 15:7).

Қуллар ҳәм еркинлер өзлериниң Масихта болған жаңа ҳалына қарай, бир-бирине сүйиспеншилик пенен хызмет етиўи керек. «Ийемиз шақырған ўақытта қул болған адам енди Ийемизге тийисли азат адам болады. Сол сыяқлы азат болып шақырылған адам да Масихтың қулы болады»

(Коринф 1-хаты 7:22). Хожейин ҳәм оның қулы бир-бирине ҳүрмет пенен қараўы керек.

Масихый ерлер өз ҳаялларын Масихтың қурбанлық ҳәм минсиз сүйиспеншилиги менен сүйиў керек. Олар ҳаяллардың үстиннен басым етиўге ҳақысы жоқ, себеби тек ғана Масих-бизиң Қудайымыз. Ҳаялға «мәңгилик өмирди мийрас ететуғын» адамға қарағандай қараў керек. Ҳаял күйеўиниң денесиниң үстинен, күйеўи ҳаялының денесиниң үстинде бийлик етеди (Коринф 1-хаты 7:4). Масихыйлардың барлығы еркеклер де, ҳаяллар да Масихтың Денесине хызмет етип, Хош Хабардың тарқалыўына жол қойыўы керек.

Жуўмақ: Галатиялыларға жазылған хаттың 3-бабы 28-аяты ҳаял ҳәм еркектиң некениң ишинде атқаратуғын роллерин де, оларды жәмийеттеги орынларда да тийисли емес. Бул жерде жыныслардың теңлиги ҳаққында бир сөз де жоқ. Мухаддес Китап улыўма теңлик ҳаққында жүдә аз айтады, бирақ көбирек бирлик ҳәм бириктириў ҳаққында. Ийса бизлердиң теңлигимиз емес, ал бирлигимиз туўрысында дуўа еткен (Юхан 17). Жынысқа, миллетке я жәмийеттеги жағдайына қарамай, Масихта болған жаңа жәмәәттиң ағзаларын сүйиспеншилик, ҳүрмет, бир-бирине хызмет етиў ушын таярлық ҳәм бирлик көрсетиў керек. Бизлер бәримиз де бир-биримизге масихый өмирдиң үлгиси болып турыўымыз керек. Егер бизлер миллетимиз, мийрасхорымыз, жәмийеттеги алған орнымыз я жынысый тийислилигимиз бенен мақтанып жүрсек, бизлер оның менен гүна ислеймиз. Бул гүнаны мойынлап, оннан бас тартыўымыз керек, себеби сондай қараў масихый жәмәәтиндеги өмир қағыйдалары менен сәйкес келмейди.

**Қуллық ҳәм жыныслардың арасындағы айырмашылықлар**

Масихый тийкарлардың жеңгени менен Батыста қуллық бийкар етилгендей, ҳаяллар да еркинликке ийе болып, өз күйеўлерине ҳәм жәмәәт басқарыўшыларына бойсынбаған мүмкиншиликти алыў

кереклигин жийи еситиўге болады. Бирақ қуллық ҳәм ҳаялдың некедеги ҳәм жәмәәттеги бойсынған ҳаял менен салыстырмалы жасаўымызға болмайды.

Жыныслардың арасындағы айырмашылықлар, Қудай менен орнатылған тәртипти (Жарат 2) ҳәм Масих арқалы алынған қутқарыўында (Ефес 5) тийкарланған. Солай етип, Павел менен Петр күйеўдиң басқаратуғын ҳәм ҳаялдың бойсынған ҳалларын жәриялап, олар өз тәлийматын Мухаддес Китаптың қағыйдалары ҳәм Қудайдың жаратылыс ҳаққындағы жобасы менен беккемлейди. Бул ҳәр қыйлы роллер еркеклер ҳәм ҳаялларға жоқарыдан берилген Қудайдың ерки.

Бирақ қуллықты Қудайдың жобасының бир бөлеги деп айта алмаймыз. Бул-адам қолының иси. Ажырасыў да сондай, оған Қудай тек ғана адамлардың тас баўырлы болғанынан соң жол қойды (Матта 19:8). Елшилер қуллықта ҳәм олардың хожейинлерине қағыйдаларды көрсетип ҳәм сол қағыйдаларға сүйенип, олар қарым-қатнасларды қурыў керек еди. Павел қуллық жағдайын жоқары қойды: «Хожайынлар аспанда сизлердиң де Ийеңиз бар екенин билип, қулларыңызға әдиллик ҳәм теңлик пенен қатнас жасаңлар» (Колос 4:1). Және елши Филимон деген хожайынға былай жазады: оның жаңа тәўбеге келген Онисим туўысқанды «сүйикли туўысқаның» сыпатында Павелди қабыл еткендей, қабыл етиўге усыныс береди (Филимон 16:17).

Павел менен Петр қуллықты хошаметлеп атырған жоқ еди, басқарыў/бойсыныў тийкарын сорайды. Қуллық адамлар тәрепинен жасалған болып ҳәм негизи жаратылыс тәртиптиң бөлеги болған жоқ еди, соның ушын Павелдиң былай айтыўға ҳақысы бар еди: «азат болыўға мүмкиншилик туўылса, оннан пайдалан» (Коринф 1-хаты 7:21). Қуллық ҳәм некесалыстырылмайтуғын түсиник.

## 4-бапқа сораўлар

1. Еркеклер ҳәм ҳаяллар өзлериниң жәмәәттеги роллерин түсиниўге, некениң ишиндеги күйеў ҳәм ҳаял жынысый айырмашылықлардың түсиниги қандай етип тәсир етеди?
2. Қудай ҳаялға арнап қойған хызметлердиң тийкарғы түрлерин келтириң. Жуўабыңызды беккемлеў ушын Мухаддес Жазыўдан бир қанша аят келтириң.
3. Павелдиң ҳаялларға қойылған жәмәәтте үйретиўге болмайды деген тыйымы, ҳаяллардың улыўма үйрете алмайтуғынын ҳәм адамларды басқара алмайтуғынын аңлата ма?
4. Феминистлер ҳәм оларға қарсы шыққан адамлардың арасында болып атырған authenteō (басқарыў) сөздиң үстинде айтыслардың мәнисин келтириң. Усы тәртиптиң грамматикалық қурылысы усы әҳмийетли грек сөзинииң мәнисин түсиниўге қалай көмеклеседи?
5. Павел өзиниң ҳаяллар ушын жәмәәтте үйретиў ҳәм еркеклерди басқарыўға салынған тыйымын тийкарлаў ушын қандай Мухаддес Китаптан дәлийллерди келтиреди?
6. Коринфлилерге жазылған 1-хаттың 14:33-38-аятында жазылған ҳаялдың бойсынған ҳалын көрсететуғын тәлийматты беккемлеў ушын Павел қандай дәлийллерди келтиреди?
7. Коринф 1-хаты 11-бабында айтыўы бойынша бизлерге «Масихтың басы-Қудай» деген сөзлер не айтады? Бул факт бизлердиң ер адам басқарған, ҳаял болса бойсынған ҳалын түсингенимиз ушын қандай тәсир етиўи мүмкин?
8. Коринф 1-хаты 11-бапта теңликтиң татыўлықта турғаныың мүмкиншилиги бар екениниң қандай дәлийлин табамыз?
9. Ерлер қандай мәнисинде «Қудайдың даңқы» деп аталған? Ҳаяллар қандай мәнисте «күйеўиниң даңқы» деп аталған?
10. Римлилерге жазылған хаттың 16-бабында Павел тәрепинен айтылған тәлиймат еркеклерди неге үйрете алады? Не ушын олар өзлериниң ҳаял-туўысқанларының руўхый мийнетин қәдирлеўи ҳәм ҳүрметлеўи керек?
11. I әсирдиң масихый ҳаялларының хызмети неден ибарат еди?

12. Не ушын Хош Хабар тарқататуғын феминистлер Галат 3:28-ты сондай әҳмийетли үзинди деп есаплайды?
13. Галат 3:28-та ерлер ҳәм ҳаяллардың арасындағы жынысый айырмашылықларды бийкар етеди деп айтсақ бола ма? Усы аятты сондай етип талқылағанымыз қандай жуўмаққа алып келиўи мүмкин?
14. Феминистлер қуллықтың бийкар етилген фактын еркеклердиң басқарыў ҳәм ҳаяллардың бойсыныўын бийкар етиў ушын да қолланыўға болады деп талап етип атыр. Қуллық ҳәм ҳаялдың бойсыныўы арасында салыстырмалы сызықларды өткизсек бола ма? Яқ болса, неге?
15. Усы баптан таза мағлыўмат алдыңыз ба? Жынислардың қарым-қатнаслары мәселесине көз қарасыңызды анықлаў ушын усы алынған мағлыўматыңыз көмек берди ме?

# V-БАП

# ИЙСА МАСИХ ҲӘМ ОНЫҢ ЕЛШИЛЕРИ ӘПИЎАЙЫ ЕТИП ҲӘМ АНЫҚ СӨЙЛЕДИ

Усы ўақытқа дейин айтқанымыз даналы ҳәм туўры болып көринеди, бирақ мен өз феминист досларым менен сөйлессем, олар мени Мухаддес Китапты жүдә әпиўайыластырып талқылағанымда айыплады.

— Аўа, Том, сиз жүдә әҳмийетли ҳәм қыйын мәселени қозғадыңыз. Мен Мухаддес Китапқа үлкен ҳүрмет пенен қарайман, соның ушын өзиме оны әпиўайыластырып талқылаўға рухсат етпеймен. Мен өз тәлийматымды я талқылаўымды қәте болса да, басқа биреўге мойынлатыўға жол қоймайман, себеби Мухаддес Китапты күтә қәдирлеймен.

— Не айтып турғаныңызды түсиндим, — деди Том, — мен ойлап табылған ҳәм қыйналып шығарылған феминистлердиң талқылаўлары менен ушырастым. Бирақ бул жағдайды қалай өзгертиўге болады? Мухаддес Китапты туўры жол менен талқылап атырғанымызды қалай түсинемиз?

— Том, Хош Хабар тарқататуғын масихыйлардың бири, Мухаддес Китап-бул Қудайдың бизлерге қаратылған даўысы деп айтады. Дж. Пакердиң айтқанындай: «Мухаддес Китап-бул Қудайдың ўазы». Соның ушын изертлеўимизде Қудайдың сөзиниң өзине айтыўға мүмкиншилик бердик. Бизлер анық, тәбийий ҳәм минсиз Жазыўдың мазмунын еситтириўине жол қойдық ҳәм оның текстлериниң мәнисин ҳәм пайда болған ўақыттағы мәдений шәртлерин есапқа алыўға ҳәрекет еттик. Қысқаша айтқанда, бизлер

ески, беккем ҳәм ўақты менен тексерилген Мухаддес Китап талқылаўларына ердик.

— Сол талқылаўларды анығырақ айта аласыз ба? — деп сорады Том.

— Әлбетте, бизлер жынысый қатнасықлар мәселесине дәстүрий көз қарастың тәрипдарлары, Мухаддес Китаптың өзине сөз беремиз, соның ушын оны дурыс түсинемиз деп исеним билдиремиз.

## А. БИЗЛЕР ИЙСАНЫҢ СӨЗЛЕРИН ТЫҢЛАЙМЫЗ ҲӘМ ОНЫҢ ИСЛЕРИНЕ ҚАРАЙМЫЗ

Ийса Масих дуўа етиў арқалы ҳәм Әкесиниң еркине бойсынып он еки ер адамнан елши сайлады. Келешекте Оның менен тек ғана еркеклерди елши етип қойғаны, қалай изине алып келгенин Ийса жүдә жақсы түсинип турды. Еркек елшилерди сайлағанда Ол әсирдиң руўхына бағынған жоқ. Бул елшилер Оның Жәмәәтиниң мәңги тийкары болып қалыўы керек еди (Матта 19:28; Ефес 3:20; Аян 21:14). Өзиниң өмири даўамында Ийса тек ғана еркеклерди елшилер етип қойған жоқ, ал өлип тирилгеннен ҳәм аспанға көтерилгеннен кейин де Яҳуданың орнына және бир еркекти-Маттаны қойды. Павелди болса «хабаршы ҳәм елши…, басқа миллетлерге исеним ҳәм ҳақыйқатлық ҳаққында үйрететуғын муғаллим» етип қойды (Тимофей 1-хаты 2:7).

***Ийса елшилерди тек еркеклерден сайлап қойыўы келешекте қандай нәтийжеге алып келетуғынын жақсы түсинген еди.***

Феминистлерге елшилерди тек ғана еркеклерден сайлап қойғаны унамайды, олар Ийсаның таңлаўын қандай да жол менен туўырлап қойыўға ҳәрекет етиўге урынады. Бул қәтешиликти дүзетип алыў ушын олар былай айтады: Ийса сол дәўирде ҳаял-елшини қойыўға жол қоялмады.

Ийса Өз талқылаўын сол дәўирдеги әдетлер менен салыстырып қойды, олай болмағанда Ол да, Оның тәлийматы да бийкар етилер еди деп есаплайды. Бирақ Мухаддес Китап басқаша айтып атыр. Өзлерине сондай жуўмақларға келиўге рухсат ететуғын феминистлер, Ийсаның характери ҳәм Оның таңлаўының ғәрезлилигине гүман туўдырады. Өз пикирлеринде олар Ийсаның Қудай болғанына ҳәм Оның ғәрезсиз екенин ақыретлейди.

## Б. ЖАЗЫЎДЫҢ БӘРИН БИР ПҮТИН ЖАЗЫЎДАЙ КӨРЕМИЗ ҲӘМ МУХАДДЕС КИТАПТЫ ӨЗИНИҢ КӨМЕГИ МЕНЕН ТАЛҚЫЛАЙМЫЗ.

Мухаддес Китаптың барлығы бизлерге жынислардың теңлиги, олардың жынисый айырмашылықлары ҳаққында айтады. Жынислардың теңлиги ҳаққында үзиндилери бар, соның менен бирге еркеклерге ҳәм ҳаялларға тийисли болған айырмашылықлары ҳаққында жазыўлар да бар. Оларды дурыс талқылаў ушын олардың бәрин бир пүтин нәрсениң бөлеклериндей талқылаў керек.

Егер изертлеп атырған темамыздың бир ғана үзиндисин алып тасласақ, Мухаддес Китап тәлийматының пүтинлиги бузылып кетеди. Мухаддес Китаптың  ең жақсы талқыланыўы-Оның Өзи. Егер оның өзине талқылаўға мүмкиншилик берсек, ол жынислардың теңлигин де, олардың айырмашылықларын да көрсетип турғанын көремиз. Жынислардың арасында қарым-қатнаслар мәселесине дәстүрий көз қарастың тәрепдарлары усы еки ҳақыйқатты бир пүтин ҳақыйқатының еки тәрепи есабында қабыллайды.

Феминизмниң тәрепдарлары да, оның қарсыласлары да бир пикирде разы болып тур. Қудайдың ерки менен еркеклер де, ҳаяллар да Қудайдың түр-түсине ылайықлы болып жаратылды, демек олар бир-бирине тең, қәсийетлерине ҳәм әҳмийетке ийе. Бирақ феминистлер ҳәм олардың жаўлары еркек басқаратуғын ҳәм ҳаял бойсынатуғын ҳалда жасаў керек деп айтып атырған үзиндилерге ҳәр түрли пикирде турады. Соның ушын, айтыслардың көбиси усы үзиндиниң айналасында пайда болады.

***Ҳаялдың бойсыныўы жағдайы ҳаққында айтылған Мухаддес Китаплық текстлерди усы китаптағы басқа ҳаял ҳәм еркектиң теңлиги ҳаққында айтылған текске қарсы қоя отырып феменслер соңғысын толық ҳақыйқат сыпатында көрсетеди ҳәм нәтийжеде ҳақыйқат бурмаланады. Жыныслар арасындағы қатнаслар машқаласының дәстүрий көз-қарас тәрепдарлары бул еки ҳақыйқатты да бир пүтин ҳақыйқаттың еки аспекти сыпатында қабыл етеди.***

Феминистлер жыныслардың теңлиги ушын гүреседи, бирақ Қудайды жыныслардың теңлиги де тәшўишлендиреди. Феминистлер еркек басқаратуғын ҳәм ҳаял бойсынатуғын принциплерин бийкар еткени менен олар ярымҳақыйқатты қорғағандай болып тур. Ҳаялдың бойсынған ҳалда жасаўы керек деген текстлерди, ҳаяллар еркеклер менен тең деп айтып турған текстлерге қарсы қойып, олар кейингилерин пүтин ҳақыйқат деп есаплайды, бирақ расын айтқанда ҳақыйқат сондай жағдайда қыйсайып кетеди. Хош Хабар тарқататуғын феминистлер басқарыў ҳәм бойсыныў ҳаққында түсиниксиз ҳәм белгисиз аятлар бар деп мойынлайды. Бирақ олар айтады: Мухаддес Китаптың анық ҳәм дыққатлы үйрениўи, оның жынысый теңлиги тәлийматын шығарады, нәтийжеде усы тәлиймат түсиниксиз ҳәм оларға қарсы басқалардың үстинде турады. Лекин ондай пикирлер қәте. Еркек басқарыў керек, ҳаял болса бойсыныў керек деп айтыўы анық үйрететуғын аятлар бар (Петрдиң 1-хаты 3:1-7; Ефес 5:22-33; Колос 3:18-19; Тимофей 1-хаты 2:8-15; Тит 2:4-5; Коринф 1-хаты 11:1-16, 14:34-38). Ҳәм бул жазыўлар бир-биринен айырылған жоқ. Олар ҳәр бир адамға түсиникли. Бул жыныслардың арасында қарым-қатнаслардың түрлерин белгилейтуғын тийкарғы аятлар. Және олар еркек пенен ҳаялдың өз шаңарағындағы ҳәм жәмәәттеги роллерин сүўретлейди. Бул жазыўлар жаратылыс тарийхына (Жарат 2) ҳәм Ийса Масихтың Өз Жәмәәтин қутқарған тарий-

хына сүйенген ҳәм олар еркектиң басқарыўы ўазыйпасы ҳәм ҳаялдың бойсынған ҳаял-бул Қудайдың жобасы екенин көрсетип атыр.

Жаңа Келисимге улыўма қарасақ, оның ишинде бул жети үзиндилерге айтылған ҳақыйқатлардың әмелге асырғанының мысалларын көре аламыз. Мысалы, Ийса елшилердиң ҳәммесин еркектен сайлап қойды. Елшилердиң ислери Китабындағы ең жақсы жетекшилер ҳәм ўаз айтыўшылар еркеклер. Перт, Юхан, Барнаба, Степан, Филипп, Павел, Яқып, Юханның ажағасы, Ийемиздиң ажағасы Яқып, Сила, Тимофей ҳәм Аполос. Антиохия жәмәәтиниң муғаллимлери ҳәм пайғамбарлары еркеклер: Барнаба, Симон, Луций ҳәм Саул (Елшилер 13:1). Басқа миллетлердиң уллы елшиси Павел болған. Жаңа Келисимниң авторлары-еркеклер (Ески Келисимниң де). Бул мысалларға ҳәм анық буйрықларға қарамай, Мухаддес Китаптың атақлы изертлеўшиси-феминист былай дейди: «Мухаддес Руўх жыныслар арасындағы қарым-қатнаслар мәселесинде соқыр болып тур». Бирақ илимпаздың өзи соқыр болып кеткенин ойламайсыз ба? Шынын айтқанда, феминистлер бир аятларды басқа аятларға қарсы қойып атыр. Олар алжасық ҳәм былғасықта жасап атыр. Бирақ Мухаддес Китапқа өзин-өзи талқылап бериўине рухсат берсеңиз, оның жыныслар теңлиги ҳаққында да, олардың айырмашылықлары ҳаққында да айтқанын көресиз.

## В. БИЗЛЕР ЖАЗЫЎЛАРДЫҢ ӘПИЎАЙЫ ҲӘМ АНЫҚ МӘНИСИН ҚЫЙЫНЛАСТЫРМАЙМЫЗ ҲӘМ ҚЫЙСАЙТПАЙМЫЗ.

Бизлер былай айтамыз: Мухаддес Китаптың ҳәрипленген, әпиўайы талқыланыўы, Ийса ҳәм Оның елшилери жыныслардың теңлиги, олардың айырмашылықлары ҳаққында айтатуғынын көрсетеди. Жаңа Келисим анық, тәбийий ҳәм түсиникли тил менен исенимли түрде еркеклердиң басқарыўлығы ҳәм ҳаяллардың бойсыныўы ҳаққында айтып атыр. Мысалы, бизлер үш тийкарғы сөзлерди изертледик. Бул «басқарыўшы», «бойсыныў» ҳәм

«ҳүким етиў». Олардың тийкарғы мәнисине қарасақ, олар басқарыў/бойсыныў ҳаққында тәлийматты толық тастыйықлап қояды ҳәм феминзмди толық бийкар етип қояды.

Петр ҳәм Павел елшилери басқарыў ҳәм бойсыныў ҳаққында тәлийматты тек ғана анық қәлиплестирген жоқ, ал оның қорғаўында турды ҳәм бул айрықша ўақытқа бағынбаған тәлийматты жаратылыс тәртиптиң ҳәм қутқарылыў менен беккемледи (Ефес 5:23-32, Коринф 1-хаты 11:3). Өз позициясына оннан анығырақ ҳәм жеңилирек түсиндириўди бериў мүмкин емес.

Протестантлар бәрҳа усындай пикирде болды: исениўшилердиң ҳәр қайсысы Мухаддес Китаптың пәтин ҳәм түсиникли түрде қабыллай алады. Қудай тәрепинен руўхланған Мухаддес Жазыўлардың авторлары түсиникли етип айтыўға ҳәрекет етти, олар ҳеш қашан Жазыўдың мәнисин қыйын етип я мазмунын түсиниксиз сөз дизбеклери менен толтырып жазған жоқ. Олар анық тил менен түсиндирип, Қудайдың сөзин сондай жақсы жеткереди, сонлықтан әпиўайы адамлар оны қыйналмай түсинеди. Бир дана Қудай сөзин талқылаўшы былай дейди: «Жазыўдың әпиўайы ҳәм анық талқыланғаны Қудайға Қудай болыўға жол қойғанымыз ҳәм бизлер менен сөйлесиўге имканият бергенимиз усылардың бири». Оннан басқа, Мухаддес Китапты анық ҳәм әпиўайы талқылаў арқалы бизлер жалған тәлийматларды, Қудайдың сөзин қыйсайған қәте усылларды көрип айыра аламыз.

Усыған және мынадай факт қосың: жынислардың арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында Жаңа Келисимниң тәлийматы расында да жүдә әпиўайы тәлиймат екен. Оның ишинде бир қыйын заты да жоқ, оны басқа, мысалы, пайғамбаршылық хызмети я үшбирлик ҳаққында тәлийматы менен салыстырыўға болмайди. Бул-тийкарғы әҳмийетли тәлиймат ҳәм оны күнделикли өмиримизде қоллана аламыз. Оны исениўшилердиң бәри билиўи керек, улыўма мәнисинде болса да, әсиресе еркек басқарыў ҳәм ҳаял бойсыныў тәреплеринде. Усы тәреплерде еркекке ҳәм ҳаялға қандай талаплар қойылатуғынын түсиниў

ушын философия докторы я герменевтика бойынша илимпаз болыўдың кереги жоқ.

Бирақ Хош Хабар тарқататуғын феминистлер усы мәселеден былғастырылған ҳәм түсиниксиз бир зат етип қойды. Олар текстлерди талқылаў ушын түрли усылларды қолланып, еле де бир талқылаў жолына келе алмай жүрипти. Соның ушын олар басқарыў ҳәм бойсыныў ҳаққында айтатуғын жазыўларды өз пайдасына қарата алмай атыр. Бирақ бәрибир бир нәрседе разы болып тур, усы жазыўлар олардың көз қарасына қарсы шығады. Феминист талқылаўшылар соның менен Мухаддес Китаптың әпиўайы ҳәм анық мәниси қыйсаяды, басқарыў/бойсыныў ҳаққында үзиндилердиң талқылаўлары болса әпиўайыластылырған ҳәм дәстүрий болғанын жәриялайды. Нәтийжеде олар Мухаддес Жазыўдың өзине әпиўайы исениўшилерге өз ўазыйпаларын анық ҳәм түсиникли етип жеткериўге мүмкиншилик бермейди.

***Хош Хабар тарқататуғын феминистлердиң ең баслы машқалалы ҳәм қәўипли жери олардың Мухаддес Китапты талқылаў усылында.***

Хош Хабар тарқататуғын феминистлердиң ең баслы машқалалы ҳәм қәўипли жери олардың Мухаддес Китапты талқылаў усылында. Олар жазылған Қудай сөзиниң пүтинлигине, минсизлигине ҳәм беккемлигине исенимди пәсейтеди. Феминистлер Мухаддес Китапты былғастырылған, қыйын ҳәм шешиўге болмайтуғын жумбаққа айналдырады. Келеси әўладлар Мухаддес Китапқа келтирилген зыянның салдарын алады, себеби талқылаўлардың сондай усыллары арқалы көплеген улыўма қабыллаўға болмайтуғын тәлийматлар пайда болды.

Мухаддес Китапта ҳеш бир аят басқа аятқа қарсы сөйлемейди. Жазыўлар тек ойлап қойылған нәрселерди айтады. Ҳәм усы Мухаддес Китаптың мәнисин биреўлер қыйсайтса, оның нәтийжесинде пайда болған былғасыққа

тек ҳайран болып қалыўымыз мүмкин. Сонда бир нәрсени аңлатып турып, басқасын айтып туратуғын китапқа ким исенеди?

## Г. БИЗЛЕР МУХАДДЕС КИТАПТАҒЫ ТИЙКАРҒЫ ҮЗИНДИЛЕРДИҢ МАЗМУНЫН, ОЛАРДЫҢ МУХАДДЕС КИТАПТА АҢЛАТЫП ТУРҒАН МӘНИСИНДЕ ТҮСИНЕМИЗ

Қандай да бир тәлийматты изертлеўден алдын ол ҳаққында Мухаддес Китап не айтатуғынын ҳәм сол тәлиймат Мухаддес Китаптың қайсы бөлегинде жайласқанын қараўымыз керек. Мысалы, қутқарылыў мәселесине тийисли болған тийкарғы жерлер, Римлилерге ҳәм Галатиялыларға жазылған хатлардың ишинде жазылған. Феминизмге қарсы адамлар жынислардың арасындағы қарым-қатнаслар мәселесине арналған тәлийматларды, ерлер менен ҳаяллардың үйинде ҳәм жәмәәтте қатнас жасағаны анық ҳәм избе-из сүўретлейтуғын үзиндилерге тийкарланады. Олар жетеў (Коринф 1-хаты 11 ҳәм 14, Ефес 5, Колос 3, Тимофей 1-хаты 2, Тит 2, Петрдиң 1-хаты 3). Усы тийкарғы үзиндилерде бизлерди қыйнайтуғын тема баян етилген ҳәм жынысый теңлиги менен айырмашылықлары ҳаққында жазылған.

---

***Қандай да бир тәлийматты изертлеў ўақтында ең дәслеп усы темаға байланыслы тийкарғы Мухаддес Китаплық жазыўларды көрип шығыў керек.***

---

Хош Хабар тарқататуғын феминистлер керисинше усы текстлердиң ҳақыйқый мәнисин жоқ қылыўға урынады. Олар бул жети үзиндилерди «түсиниксиз», «изертлеп атырған темамыз бенен байланысы жоқ», «мәселелери көп», «жүдә жумбақлы» ямаса «сол ўақыттың мәдений дәстүрлерин көрсетеди» деп айтады. Феминистлер олардың ҳақыйқатлығына гүманланады ҳәм олардың бәрин

(Галат 3:28-қа қараң) талқылаў керек деп айтады, себеби тек сол аятты ең анық ҳәм олардың көз қарасына ылайықлы болғаны деп есаплайды. Феминист талқылаўшылары еркеклердиң басқарыўы ҳәм ҳаяллардың бойсыныўы ҳаққында айтатуғын китаплардың ҳәр бир сөзи, сөз дизбеги менен я улыўма китабы менен гүреседи. Олар ойланбай қәлемейтуғын китаптан бас тартыўға ҳәрекет етеди, оның мазмунын сол ўақыттың үрп-әдетлери деп жәриялап, соның ушын заманагөй адам ушын пайдаланыўға болмайды дейди. Мысалы, Ребекка Грухтайс былай жазады: «Басқарыў ҳәм бойсыныў ҳаққында жазылған Мухаддес Китаптың текстлери белгили бир дәстүрлерге сол ўақыттың ески патриарх ер басымлық жәмийетиниң пәсине қайтады».

Бирақ жоқарыда айтып кеткен басқарыў/бойсыныў ҳаққында жети үзиндилер айырылып турған ямаса түсиниксиз болған текстлердей деп есапланбаўы керек. Олар сол ўақыттың үрп-әдетлерине көнген жоқ еди. Олар жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққында тәлийматтың бийик имаратын қурыў ушын пайдаланатуғын гербишлер. Олар Қудай Жаңа Келисимде қурап қойған еркектиң ҳаялдың қандай болыўын қәлегени ҳаққында әҳмийетли үйрететуғын жазыўлар болып есапланады.

Феминизмге қарсы болған адамларды бир факт жубатады: Жаңа Келисим бир неше анық, түсиникли етип ҳәм избе-из еркектиң басқарыў ўазыйпасын ҳәм ҳаялдың бойсыныў ўазыйпасын жәриялайды. Усы темаға тийисли тийкарғы аятлардың бас сөзлерин және бир рет оқың:

- Ҳаяллар күйеўлериңизге бойсыныңлар...
- Өтмиште ... мухаддес ҳаяллар да өз күйеўлерине бойсынып, усылай безенген.
- Ҳәй күйеўлер, сол сыяқлы сизлер де ҳаялларыңызды жақсы түсинип жасаңлар (Петрдиң 1-хаты 3:1, 5, 7).
- Ҳәй ҳаяллар, Ийемизге бойсынатуғыныңыз сыяқлы, күйеўлериңизге де бойсыныңлар.
- Өйткени, Масих исениўшилер жәмәәтиниң басы болғаны сыяқлы, күйеўи де ҳаялының басы.

- Исениўшилер жәмәәти Масихқа бойсынатуғыны сыяқлы, ҳаяллар да ҳәмме исте күйеўлерине бойсынсын.
- Ҳәй күйеўлер...өз ҳаялларыңызды сүйиңлер (Ефес 5:22-25).
- Ҳәй ҳаяллар күйеўиңизге бойсыныңлар. Бул Ийемизге тийисли болған ҳаялларға мүнәсип.
- Ҳәй күйеўлер ҳаялларыңызды сүйиңлер (Колос 3:18-19).
- Ҳаял тыныш ҳәм толық бойсынған ҳалда тәлим алсын. Ҳаялдың тәлим берип, ер адамды басқарыўына рухсат етпеймен. Ҳаял тыныш болсын (Тимофей 1-хаты 2:11-12).
- Сонда үлкен жастағы ҳаяллар, жас ҳаялларға... күйеўлерине бойсыныўды үйрете алады (Тит 2:5).
- ...ҳаялдың басшысы-ер адам...
- ...ер адам Қудайға уқсатып жаратылған ҳәм Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди (Коринф 1-хаты 11:3, 7).
- Олар бойсыныўы керек (Коринф 1-хаты 14:34).

Оннан басқа елшилер басқарыў/бойсыныў тәлийматын беккемлеў ушын ең исенимли дәлийллерди келтирди: (1) Жаратылыс Китабында баян етилген жаратылыс нызамлары; (2) барлық жәмәәтлерде орнатылған ҳаяллардың бойсыныўы; (3) Қудай Әке менен Қудай Ул арасындағы қатнасықлар; (4) Ийса Масихтың буйрықлары; (5) Масихтың өз жәмәәти менен қатнасықлары. Павел ер басқарыўлығын ҳәм бойсынғанын жәриялап сөзинен қайтпайды. Оннан қалса, ол оны қатаң орынлайды, бизлердиң ыхтыярымызға қарамай, ол тәлийматты беккемлеў ушын жүдә күшли дәлийллерди келтиргенине дыққат бериң:

- Өтмиште мухаддес ҳаяллар да күйеўлерине бойсынып, усылай безенген.
- ...Сара да өз күйеўине бойсынды (Петрдиң 1-хаты 3:5-6).
- Ҳәй ҳаяллар, Ийемизге бойсынатуғыныңыз сыяқлы, күйеўлериңизге де бойсыныңлар.
- Өйткени, Масих исениўшилер жәмәәтиниң басшысы болғаны сыяқлы, күйеўи де ҳаялының басшысы.

- Исениўшилер жәмәәти Масихқа бойсынатуғыны сыяқлы, ҳаяллар да ҳәмме исте күйеўлерине бойсынсын.
- Ҳәй күйеўлер, Масих исениўшилер жәмәәтин сүйип ...сыяқлы, сизлер де ҳаялларыңызды сүйиңлер (Ефес 5:22-25).
- Ҳәй ҳаяллар күйеўлериңизге бойсыныңлар. Бул Ийемизге тийисли болған ҳаялларға мүнәсип (Колос 3:18).
- Себеби дәслеп Адам-ата, соңынан Ҳаўа-ене жаратылды.
- Және де, Адам-ата емес, ал ҳаял алданып, гүна исследи (Тимофей 1-хаты 2:13-14).
- ...мына нәрсени билиўиңизди қәлеймен, ҳәр бир ер адамның басы Масих, ҳаялдың басы-күйеўи, ал Масихтың басы-Қудай.
- ...ер адам Қудайға уқсатып жаратылған ҳәм Оның даңқын көрсетеди. Ал, ҳаял ер адамның даңқын көрсетеди.
- Себеби ер адам ҳаялдан емес, ал ҳаял ер адамнан жаратылды.
- Ер адам ҳаял ушын емес, ал ҳаял ер адам ушын жаратылды.
- Бул ҳаққында тартысыўды қәлейтуғын адам бар болса, ол билсин, бизлерде де Қудайдың жәмәәтинде де буннан басқа әдет жоқ (Коринф 1-хаты 11:3, 7-9, 16).
- Барлық исениўшилер жәмәәтлеринде болғаны сыяқлы...
- ...Муўсаның Нызамында айтылғандай, олар бойсыныўы керек.
- ...жазып атырған бул сөзлеримниң Ийемиздиң буйрығы екенин билсин.
- Ал кимде-ким қабыл алмаса, оның өзи де қабыл алынбайды (Коринф 1-хаты 14:33-34, 37-38).

Буған қарамай айырым феминистлер сондай пикирлерди айтады: елшилер ҳеш қашан олай айтқан жоқ, сол елшилердиң жасаған дәўиринен баслап барлық ма-

сихыйлар олардың тәлийматын қәте түсинди, әлбетте, феминистлердиң өзлеринен басқалары. Олар бар нәрселерди қабыллаўдан бас тартты. Усы темаға тийисли тийкарғы үзиндилерди барлығы өз күши менен былай талқылаўға талпынады: еркеклер ҳәм ҳаяллар пүткиллей тең. Бирақ бул жынислардың арасындағы қарым-қатнаслар тәлийматының қыйсайыўы. Мухаддес Үшбирлик Хош Хабар тарқататуғын колледжде Жаңа Келисим изертлеўи менен шуғылланатуғын профессор Д. А. Карсон, феминизмге қарсы адамлардың ой-пикирлерин дурыс түсинип жазды: «Бизлер сондай өзине исенген адамлар менен ушырастық, олардың қолларындағы жазыўдың өзи де өз-өзин қорғаў ушын бир сөз де айта алмайды».

## 5-бапқа сораўлар

1. «Герменевтика» деген сөзи нени аңлатады? Дурыс жуўап бериў ушын сөзликтен пайдаланыўыңыз мүмкин.
2. Жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслардың мәселесине арналған тартысларда сол тема бойынша Мухаддес Жазыўлардың талқылаў усыллары не ушын бас себеп болып тур?
3. Мухаддес Китаптың жыныслар арасындағы қарым-қатнаслар ҳаққындағы тәлийматы күнделикли өмирде қолланыўға мүмкиншиликтен айырыў ушын феминистлер қандай талқылаў жолларын таңлайды? Жети үзиндиниң биреўин қолланып, жуўап бериң.
4. Ийсаның елшилер мәселелерине тек ғана еркеклерди сайлағанын ким дурыс түсинеди деп ойлайсыз-дәстүрий көз қарастың тәрепдарлары ма ямаса феминистлер ме? Не ушын сондай етип ойлайсыз?
5. Қандай болса да Мухаддес Китаптан алынған тәлийматты не ушын Мухаддес жазыўлардың улыўма мазмуны арқалы көриўимиз керек? Бир неше себеп келтириң.
6. Жазыўларды ҳәреппе-ҳәрип етип түсинемиз бе? Мухаддес Китапты талқылаўда не ушын әпиўайы түсиникке ийе болыўымыз керек?

7. Феминистлер тәрепинен қолланылатуғын талқылаў усыллары Мухаддес Китапта жазылған Қудайдың сөзиниң исенимлигин, пүтинлигин ҳәм ҳақыйқатлығын қандай етип қыйсайтады?
8. Усы китаптың авторы былай айтады: «Келеси әўладлар Мухаддес Китапқа келтирилген зыянын көреди, себеби усындай талқылаў жоллары менен көплеген қабылламайтуғын тәлийматлар пайда болған». Жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслары ҳаққында тәлийматынан басқа келешекте дәўирдиң руўхы менен талқылана алатуғын тәлийматлардың мысалларын келтириң.
9. «Бизлер изертлеп атырған темамызға тийисли болған бас үзиндилери» ҳаққында айтып автор не демекши?
10. Жаңа Келисимниң жыныслардың айырмашылықлары ҳаққында айтатуғын үзиндилердиң қайсыларын ең исенимли деп есаплайсыз? Екеўин келтирип, талқылаўыңызды түсиндирип бериң.
11. Павелдиң еркек басқаратуғын ҳәм ҳаял бойсынатуғын мәселеси бойынша қайтпай турған позициясын дәлийллеў ушын қандай фактларды келтириўге болады?
12. Усы китаптың 5-бабын оқып болғаннан кейин, жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслар мәселесиниң дәстүрий көз қарастың тәрепдарлары жазыўларды әпиўайыластырып талқылайды деп феминистлердиң айтқанына исенесиз бе? Жуўабыңызды түсиндирип бериң.
13. Усы мәселени түсиниўге көмеклесе алатуғын ҳәм жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслар мәселесинде өз позицияңызды анықлаў ушын усы баптан жаңа мағлыўмат алдыңыз ба?

# VI-БАП

# ҚОРҚПАҢ ҲӘМ ИСЕНИМИҢИЗДЕ БЕККЕМ БОЛЫҢ



Усы мәселени изертлегенимизге қуўанышлыман, — деди Том. — Бурын мен Мухаддес Китап бул ҳаққында не айтатуғынын билмей жүрдим. Усы тәлиймат әпиўайы ҳәм түсиникли екенин түсинбейтуғын едим. Бул факт маған қатты тәсир етти.

— Том, бизлер айтқан сөзлеримизди және бир қайталаўға рухсат соранаман. Егер усы темаға тийисли болған мухаддес тәлийматты Мухаддес Китаптың жазыўлары менен түсиндирип жүрсек, онда Қудай еркек пенен ҳаялды Өзине уқсатып, тең, бирақ ҳәр қыйлы, ҳәр түрли роллерди атқаратуғын етип жаратқанын көремиз. Бул тәлийматтан жынысый айырмашылықлар ҳаққында түсиникти өшириў ушын Жазыўдың анық мазмуны толық қыйсайыў керек.

— Аўа, сиз ҳақсыз. Бирақ гей бир адамлар жыныслардың теңлигине сондай қатты исенеди, олар жынысый айырмашылықларды қабыллаўды қәлемейди, бул ҳаққында оларға ким айтқан болса да.

— Билемен. Бул сораўға бизлер дерлик усы дүньяның барлығына қарсы болып турмыз.

— Бундай басымды тутыў қыйын, — деди Том.

— Қыйын, бирақ бизлер атақлы тәлийматларға емес, ал Ийса Масихқа ҳәм Оның сөзине берилип жүриўимиз керек.

— Мениң исенип жүрген нәрселеримди қорғаў ушын батырлығым жетиўи ушын дуўа етиң, илтимас.

— Аўа, әлбетте, дуўа етемен. Ең кейнинде болса, исенимиңизди беккемлеў ҳәм қоллап-қуўатлаў ушын өзимниң кейинги пикирлерим менен бөлисежақпан.

Бириншиден, егер сиз Қудайдың еркек ҳәм ҳаялды тең, бирақ ҳәр қыйлы етип жаратқанына исенсеңиз, сиз беккем мухаддес тәлийматты қабылладыңыз. Сиз Мухаддес Китаптың тийкарларына берилгенсиз. Демек, сиз Қудайға, Ол сизге айтажақ болғанына жол қойып, Мухаддес Китаптың өзине өзи ушын сөйлеўге мүмкиншилик бериңиз. Сиз Мухаддес Китаптың исенимлилигин ҳәм Оның өз қағыйдаларын әпиўайы ҳәм түсиникли тил менен айтыўға уқыплылығын дәлийллейсиз. Сиз Қудайдың халқы адамзат тарийхының басынан баслап исенип киятырған затына исенесиз. Сиз Ийса Масих ҳәм Оның мухаддес елшилериниң излерин басып киятырсыз. Соның ушын қорықпаң. «Аспан менен жер жойылады, бирақ Мениң сөзлерим жойылмайды» (Матта 24:35).

Екиншиден, Хош Хабарды тарқататуғын масихыйлардың арасында жоқары дәрежели илимпазлар бар ҳәм олар Мухаддес Китаптың қәте болған талқылаўларын ҳәм феминист-исениўшилердиң надурыс нәтийжелерине алып келетуғын пикирине қарсы болып турады. Олар феминистлердиң тәлийматларын бузатуғын, еркеклердиң басқарыўы ҳәм ҳаяллардың бойсыныўын жәриялайтуғын жүдә жақсы китап ҳәм мақалаларды жазады. Егер ойыңыз ҳақыйқатқа ашық болып турса, егер жыныслардың арасындағы қарым-қатнаслар мәселеси бойынша ҳақыйқатты билгиңиз келсе, сизиң қолларыңызда пайдаланыўға болатуғын жаңа изертлеўге таяр мағлыўматлар бар. Соның ушын «ҳақыйқат сөзлерин дурыс үйрететуғын ҳәм өз иси ушын уятқа қалмайтуғын, Қудайға унамлы жақсы хызметши болыўға жан-тәниң менен тырыс» (Тимофей 2-хаты 2:15, автор тәрепинен айырылған).

Үшиншиден, заманагөй жәмийеттиң үлкен басымына қарамай, дүньядағы миллионлаған жергиликли жәмәәтлер ҳәм масихый жетекшилер «жыныслардың теңлиги» деген буттың алдында дизе бүгиўден бас тартады. Олар феминистлердиң түсиниклерин ҳаяллардан қорққаннан я ақылсыз ҳәрип-жеўшилер болғаннан я соқыр консерваторлар болғаннан кейин қорқып қабыллаўдан бас тартып турған жоқ, ал Қудай тәрепинен берилген тийкарларға

берилгенлиги ушын. Олар алдамайды ҳәм өзлери де алданбайды, соның ушын усындай тартысларды олардың шын аты менен атайды-руўхый сүйениў болса Қудай неке, шаңарақ, жәмәәт шаңарағы ҳәм әдиўли еркеклер ҳәм ҳаяллар ушын ойлап қойған мақсетлерине қарсы сөйлеп атыр.

> ...Өйткени, урысымыз қан ҳәм еттен ибарат болған адам баласына қарсы емес, ал бул дүньядағы көзге көринбейтуғын ҳәкимлерге, бийлеўшилерге, бул қараңғы заманның күшлерине ҳәм аспандағы жаўыз руўхларға қарсы.
>
> Ефес 6:12

Бул дүньяның тәсирине берилмей Қудайдың сөзине ериўден қорқпаң ҳәм туўысқанларыңыздың садықлығы ҳәм батырлығынан күш алың.

Төртиншиден, Қудайдың жобасына бағынған исениўшилер бахытлы ҳәм беккем шаңарақларды қурады, олардың балалары болса оғада көп жарылқаў алады. Қудайдың жыныслар ушын ойлап қойған жобасын билген адамлар шаңарақларды дүньяның тәсиринен қорғап қарсы тура алады. Бул дүньяда болса Қудайдың Нызамына бойсынбайтуғынның руўхы, жынысый бузықлық, ажырасыўлар, неке ҳадаллығын бузыўы, өтирик сөзлер, жалғызлық ҳәм өкпелер әдеттеги қубылыс болып есапланады. Және айтаман, Қудай еки жыныстың ўәкиллерине қандай ўазыйпаларды таярлағанан билип ҳәм сол билимди әмелге асырып жүргенимиз жәмәәтлердиң исенимин күшейтеди, Қудайдың жобасы менен өсиўге ҳәм раўажланыўға жол ашады. Соның ушын мен сизлерге Қудай Ешуа Набинге айтқан сөзлерин ескертемен: «Усы нызам китабы қолыңнан түспесин, бирақ оннан күни-түни үйрен, оның ишинде жазылғанның бәрин орынлаўың ушын, сонда ғана таңлаған жолларыңда табыслы болып, даналы ислерди ислейсең» (Ешуа 1:8).

Бесиншиден, усы мәселениң дәстүрий көз қарастың тәрепдарлары шаршамай феминист туўысқанларына сөйлеп турады. Ол-пикирлердиң барысын өзгертиўге бола-

ды. Дүньяның феминистлерге ҳәм Қудайдың сөзин еркин түрде талқылаўшыларға қарағанда, Хош Хабар тарқататуғын феминистлердиң мынадай пикири бар: олар Жазыўлардың, Қудай сөзиниң авторы Қудайдың Өзи екенине исенеди. Бул исеним бизиң қатнасларымызды даўам етип, оларды басқа нәрселерге исендириўге жетерли тийкар болып есапланады. Демек, бизлер туўысқанымыз феминистлерге сөз айтып, оларды өз досларымыздай алдын хабарландыражақпыз. Усы дүньяның жынислардың теңлиги ҳаққында пикирдиң тәсири менен ең оқымыслы адамлар соқыр болып қалыўы мүмкин. Бул пикир тек баста тартымлы ҳәм әдилли болып көринеди, бирақ негизинде ол Жаратыўшымыздың жеке шешимине қарсы шығып тур. Жаратыўшымыз бизлерди Өзи жаратқандай етип көриўди қәлейди.

Алтыншыдан, Қудайдың еркин орынлап жүрген адамлар еки жыныс ушын жоқарыдан қойылған жобасына ерип, Қудайды алғыслайды. Оның еркине бойсынып, олар Қудайға Өзи жаратқан мақлуқтың бетинде ҳүким етиўге тосқынлық етпейди. Бул Қудайға унайды, Қудайдың баласы ушын болса буннан әҳмийетлирек ҳеш нәрсе жоқ.

# МАЗМУНЫ


БУЛ КИТАП НЕ УШЫН ҲӘМ КИМ УШЫН ЖАЗЫЛҒАН? ........ 3

АЙТЫСТЫҢ МӘНИСИН ТҮСИНИЎ ........ 7

I. ИЙСА МАСИХ ЖАРАТЫЛЫС ТАРИЙХЫНА ТИЙКАРЛАНДЫ ........ 21

II. ИЙСА МАСИХ ӨЗ ЖӘМӘӘТИНИҢ ЖЕТЕКШИЛЕРИН ЕРКЕКЛЕРДЕН САЙЛАЙДЫ ........ 42

III. ӨЗ ЕЛШИЛЕРИ АРҚАЛЫ ИЙСА МАСИХ НЕКЕ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ТӘЛИЙМАТТЫ ЖЕТКЕРДИ ........ 60

IV. ӨЗ ЕЛШИЛЕРИ АРҚАЛЫ ИЙСА МАСИХ ЖЫНЫСЛАРДЫҢ ТЕҢЛИГИ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ МАСИХЫЙ ЖӘМӘӘТТЕ ҲӘР ТҮРЛИ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ТӘЛИЙМАТТЫ ЖЕТКЕРДИ ........ 104

V. ИЙСА МАСИХ ҲӘМ ОНЫҢ ЕЛШИЛЕРИ ӘПИЎАЙЫ ҲӘМ АНЫҚ ЕТИП СӨЙЛЕДИ ........ 154

VI. ҚОРҚПАҢ ҲӘМ ИСЕНИМИҢИЗДЕ БЕККЕМ БОЛЫҢ ........ 167